# Адыгэ макъ

№№ 79-80 (19594)

2010-рэ илъэс

БЭРЭСКЭЖЪЫЙ

МЭЛЫЛЪФЭГЪУМ и 28-рэ

ОСЭ ГЪЭНЭФАГЪЭ ИIЭП

Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэмрэ и Правительствэрэ ягъэзет


# Президентыр «Динамэм» фэгушIуагъ



Адыгэ Республикэм и Президентэу ТхьакIущынэ Аслъан баскетболымкIэ Урысыем изэнэкъокъухэу апшъэрэ купым щыкIохэрэм апэрэ чIыпIэр къащыдэзыхыгъэ Мыекъопэ «Динамэм» хэтхэм тыгъуасэ аIукIагъ. Мэлылъфэгъум и 11-м къыщегъэжьагъэу и 15-м нэс Пензенскэ хэкум ит къалэу Заречнэм щыкIогъэ финал джэгунхэм тиспортсменхэм ухьазырныгъэ дэгъу къыщагъэлъэгъуагъ ыкIи къатефэу текIоныгъэр къафагъэшъошагъ.

Урысыем изэнэкъокъухэм дышъэ медальхэр къащызыхыгъэ баскетболистхэм ыкIи ахэр зыгъасэхэрэм гуфэбэныгъэ хэлъэу къафэгушIуагъ АР-м и Президент.

— Спортым ылъэныкъокIэ Адыгеим илIыкIохэм сыдигъуи гъэхъэгъэшIухэр ашIыхэу тесагъ, — къыIуагъ пэублэм ТхьакIущынэ Аслъан. — ТиIэх олимпийскэ чемпионхэр, дунаим, Европэм, Урысыем ащыкIогъэ зэнэкъокъухэм текIоныгъэр ыкIи хагъэунэфыкIырэ чIыпIэхэр къащыдэзыхыгъэ спортсмен цIэрыIохэр. Ащ фэдэ цIыфхэм тэ лъэшэу тарэгушхо, тиныбжьыкIэхэмкIэ ахэр щысэтехыпIэх. Ныбджэгъу лъапIэхэр, финал зэнэкъокъухэм апэрэ чIыпIэр къызэращыдэшъухыгъэм пае джыри зэ сыгу къыздеIэу сышъуфэгушIо, спортым ильэгэпIэ инхэм шъуанэсынэу шъуфэсэIо.

Мы аужырэ илъэсхэм спортымрэ физическэ культурэмрэ хэхъоныгъэхэр ашIынхэмкIэ Адыгеим щашIагъэр зэрэмымакIэр республикэм ипащэ къыIуагъ. Футбол ешIапIэхэр къэлэ ыкIи къоджэ псэупIэхэм къащызэIуахыгъэх, мы уахътэм псаун礼ыгъэр зыщагъэпытэрэ комплексымрэ бассейнымрэ яшIын пылъых. ТапэкIи ащ фэдэ екIолIакIэ фыряIэу яIофшIэн зэрэзэхащэщтыр ТхьакIущынэ Аслъан хигъэунэфыкIыгъ.

Нэужым гущыIэр АР-м и Премьер-министрэу КъумпIыл Муратэ зештэм къызэрэугъоигъэ спортсменхэм игуапэу къафэгушIуагъ. Баскетбол командэу «Динамэм» тапэкIи Iэпыгъэу фэхъухэзэ зэрашIыщтыр, ащкIэ АР-м и Президент къыгъэуцугъэ пшъэрылъхэр гъэцэкIагъэхэ зэрэхъущтыр къыIуагъ.

Урысыем иполитическэ партиеу «Единэ Россием» и Адыгэ шъолъыр къутамэ иполитсовет и Секретарэу Iэщэ Мухьамэд, АР-м физическэ культурэмкIэ ыкIи спортымкIэ и Комитет итхьаматэу Хьасанэкъо Муратэ дышъэ медальхэр къэзыхьыгъэхэм гущыIэ дэхабэ къафаIуагъ. Непэ тиныбжьыкIэхэр аркъым, наркоманием апыщагъэ мыхъунхэм пае ахэм щысэ дэгъу къызэрагъэлъагъорэр хагъэунэфыкIыгъ.

— АР-м и Президентрэ АР-м и Правительствэрэ анаIэ къызэраттетым ишIуагъэкIэ непэ гъэхъэгъэшIухэр тшIынхэ амал тиI, — къыIуагъ Мыекъопэ «Динамэм» итренер шъхьаIэу, АР-м изаслуженнэ тренерэу Андрей Синельниковым. — Спортсменхэм ацIэкIэ пстэуми «тхьашъуегъэпсэу» шъосэIо, республикэм ис цIыфхэр дгъэгушIонхэм тыпылъыщт, ыпэкIэ тылъыкIотэщт.

IофтхьабзэмдIжащ фэдэу къыщыгущыIагъэх ыкIи республикэм ипащэхэм рэзэныгъэ гущыIэхэр апагъохыгъэх командэм икапитанэу Сергей Ивановымрэ Валентин Кубраковымрэ.

АР-м и Президентэу ТхьакIущынэ Аслъан «Динамэм» хэтхэм ахъщэ шIухьафтынрэ рэзэныгъэ тхылъхэмрэ афигъэшъошагъэх.

***ТХЬАРКЪОХЪО Адам.***

*Сурэтыр А. Гусевым тырихыгъ.*

# Илъэс IофшIагъэр зэфахьысыжьыгъ

**Адыгэ Республикэм IофшIэнымкIэ ыкIи социальнэ хэхъоныгъэмкIэ и Министерствэ иколлегие тыгъуасэ иIэгъэ зэхэсыгъом икIыгъэ илъэсым мыхэм Iофэу ашIагъэр щызэфахьысыжьыгъ ыкIи 2010-рэ илъэсым пшъэрылъэу зыфагъэуцужьыхэрэр щагъэнэфагъэх. А зэхэсыгъор зэрищагъ министрэу Наталья Широковам. Коллегием изэхэсыгъо хэлэжьагъэх цIыфхэр социальнэу къэухъумэгъэнхэмкIэ гъэIорышIапIэу къалэхэм, районхэм ащызэхащагъэхэм, Адыгеим ипрофсоюзхэм яфедерацие, IофшIэнымкIэ Адыгеим и Къэралыгъо инспекцие, медикэ-социальнэ экспертизэм АР-мкIэ и Бюро шъхьаIэ япащэхэр, социальнэ учреждениехэм яIофышIэхэр.**

Коллегиер зыфызэIукIэгъэ Iофыгъом фэгъэхьыгъэу доклад къышIыгъ министрэу Н. Широковам. Ащ къызэрэхигъэщыгъэмкIэ, мы лъэхъаным министерствэм къэралыгъо мэхьанэ зиIэ фэIо-фэшIэ 55-м ехъу цIыфхэм афегъэцакIэ. Ары пэпчъ епхыгъэ нормативнэ бази агъэхьазыры. ЛъэныкъошъхьаIэщ непэ министерствэм Iоф зыдишIэрэр: цIыфхэр социальнэу къэухъумэгъэнхэм пае къэралыгъом ахэм ахъщэ IэпыIэгъоу аритырэр аIугъэкIэгъэныр, цIыф сымаджэхэм ясоциальнэ фэIо-фашIэхэр афэгъэцэкIэгъэнхэр ыкIи социальнэ IофшIэн зэфыщытыкIэхэр гъэзекIогъэнхэр.

Зигугъэу къэтшIыгъэ лъэныкъохэмкIэ IофшIагъэу щыIэхэм министрэр игъэкIотыгъэу къатегущыIагъ, ащ дакIоу къыхэгъэ илъэсым ашIэн фаехэри къыхигъэщыгъэх. Докладым чIыпIэ гъэнэфагъэ щаубытыгъ социальнэ учреждениехэм машIом закъыщимыштэным пае IофшIэнэу ащызэшIуахыгъэхэм, кIэлэцIыкIухэм ягъэмэфэ зыгъэпсэфыгъо зэрэзэхащэгъагъэм, ветеранхэр зыщыпсэущтхэ унэхэм язэгъэгъотын епхыгъэ Iофэу ашIагъэм, нэмыкIхэми. Министрэм къыхигъэщыгъ социальнэ объектыIэхэр икIыгъэ илъэсым республикэм иIэхэ зэрэхъугъэри.

Хэгъэгу зэошхом иветеранхэм зыщыпсэущтхэ унэхэр ягъэгъотыгъэнхэм фэгъэхьыгъэу докладчикым къыIуагъ мэлылъфэгъум икъихьагъу ехъулIэу ветеран 46-мэ субсидиехэр зэраратыгъэхэр. Ахэр ары 2005-рэ илъэсым игъэтхэпэ мазэ и 1-м нэс чэзыум хэуцогъагъэхэр. Джы законодательствэм зэхъокIыныгъэу фашIыгъэм тетэу министерствэм иIофшIэн лъегъэкIуатэ. Мы лъэхъаным ветерани 180-м ехъу чэзыум хэт. Мыщ дакIоу, жъоныгъуакIэм и 9-м ехъулIэу министерствэм Iофтхьабзэ зэфэшъхьафхэри зэшIуихынхэу щыт.

Мыхэм ыкIи нэмыкI Iофыгъоу коллегием къыщаIэтыгъэхэм афэгъэхьыгъэу нахь игъэкIотыгъэу тигъэзет къыхиутыщт.

***ЖАКIЭМЫКЪО Аминэт.***

# Депутатхэм апай

Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм иятIокIитIурэ блырэ зэхэсыгъо 2010-рэ илъэсым мэлылъфэгъум и 28-м зэIуагъакIэ.

Зэхэсыгъом щатегущыIэнхэу мы къыкIэлъыкIорэ Iофыгъохэр хагъэуцуагъэх: Адыгэ Республикэм изаконхэм зэхъокIыныгъэхэр афэшIыгъэнхэр: «ЧIыпIэ зыгъэIорышIэжьыным ехьылIагъ», «Адыгэ Республикэм и УплъэкIу-лъытэкIо палатэ ехьылIагъ», «Адыгэ Республикэм икъэралыгъо мылъку гъэIорышIэгъэным ехьылIагъ», «Адыгэ Республикэм цIыфыр зэрыпсэун ылъэкIыщт ахъщэ анахь макIэр щыгъэнэфэгъэным ехьылIагъ», «Административнэ правэукъоныгъэхэм яхьылIагъ», «Сабый ибэхэм ыкIи зыIыгъэжьын ны-тыхэр зимыIэжьэу къэнагъэхэм социальнэ IэпыIэгъу ятыгъэнымкIэ хэгъэхъожь гарантиехэр гъэцэкIэжьыгъэнхэм ехьылIагъ», «Ипотекэ унэ чIыфэтынымкIэ гражданхэм Адыгэ Республикэм къэралыгъо социальнэ IэпыIэгъу щятыгъэным ехьылIагъ» зыфиIохэрэр; апэрэ еджэгъум телъытэгъэ законопроектхэр: «Адыгэ Республикэм и Конституцие гъэтэрэзыжьынхэр фэшIыгъэнхэм ехьылIагъ», «Адыгэ Республикэм икъэралыгъо хэбзэ органхэр ассоциациеу «Адыгэ Республикэм имуниципальнэ образованиехэм я Совет» зэрэдэлэжьэхэрэ шIыкIэм ехьылIагъ»; Адыгэ Республикэм изаконхэм зэхъокIыныгъэхэр афэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ: «Муниципальнэ образованиехэм ягъунапкъэхэр зэхъокIыгъэнхэм ыкIи нэмыкIэу гъэпсыгъэнхэм шIыкIэу пылъым ехьылIагъ», «Псы зэфыщытыкIэхэм алъэныкъокIэ, джащ фэдэу чIычIэгъ байныгъэхэр гъэфедэгъэнхэм алъэныкъокIэ Адыгэ Республикэм икъэралыгъо хэбзэ органхэм яфитыныгъэхэр зэхэушъхьафыкIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ», «МэфэкI мафэхэм ыкIи шIэжь мафэхэм яхьылIагъ» зыфиIохэрэр ыкIи нэмыкIхэр.

Зэхэсыгъор урамэу Жуковскэм ыцIэкIэ щытым тет унэу зиномер 22-м хэт Залышхом сыхьатыр 11.00-м щырагъэжьэщт.

**Адыгэ Республикэм**
**и Къэралыгъо Совет — Хасэм**
**и Тхьаматэу**
**Анатолий ИВАНОВ**

# ШIэжь пхъэмбгъу къызэIуахыгъ




Джырэблагъэ Хьатыгъужъыкъое гурыт еджапIэм гушIогъо ыкIи гукъэкIыжь зэхахьэу щыIагъэр зыфэгъэхьыгъагъэр зэуиплIымэ ахэлэжьагъэу, адыгэхэмкIэ ятIонэрэ дзэ летчикэу, къэбыхьэблэ кIалэу Нэгъой Мыхьамэт пае къызэIуахыгъэ мемориал шIэжь пхъэмбгъур ары. Ащ икъызэIухын хэлэжьагъэх народнэ депутатхэм я Шэуджэн район Совет итхьаматэу Д.Ю. Гъыщ, ветеранхэм я Адыгэ республикэ совет итхьаматэу Г.В. Бартащук, контр-адмиралэу М.М. Тхьагъэпсэур, муниципальнэ гъэпсыкIэ зиIэ Шэуджэн районым ипащэ игуадзэу А. Мэрэтыкъор, ветеранхэм я Шэуджэн район совет итхьаматэу К.М. Ацумыжъыр, Хьатыгъужъыкъое къоджэ псэупIэм ипащэу Къ.Хь. Къэрэбэтыр, Нэгъой Мыхьамэт ыпхъу Нинэ, ыкъоу Салбый, джащ фэдэу иIахьылхэр, игъунэгъухэу летчикыр зышIэщтыгъэхэр, нэмыкIхэри.

1938-рэ илъэсым М. Нэгъоир КъокIыпIэ Чыжьэм щыIэ хыкъумэу Хьасанэ игъунэгъоу щыIэгъэ заом хэлэжьагъ, япон самурайхэм СССР-м къырашIылIэгъэ заом лIыгъэ хэлъэу зэрэщызэуагъэм пае Быракъ Плъыжьым иорден къыфагъэшъошагъ. Японием исамолетитIу къызэрэриутэхыгъэм а наградэ лъапIэр къыкIэкIуагъ.

1939-рэ илъэсым МНР-м ипсыхъоу Халхин-Гол дэжь щыIэгъэ заом японцэхэм я Квантун дзэ хэшыпыкIыгъэ изэхэгъэтэкъон иIахьышIоу хишIыхьагъэм пае МНР-м инаградэу Быракъ Плъыжьым иорден къыфагъэшъошагъ. 1939-рэ илъэсым щыIэгъэ советскэ-фин заоми летчикыр хэлэжьагъ. 1941-рэ илъэсым ибжыхьэ къалэу Ленинград игъунэгъоу щыкIогъэ ошъогу заом адыгэ летчикыр хэкIодагъ.

Гурыт еджапIэм икIэлэегъаджэхэр, еджакIохэр, лIыхъужъым иIахьылхэр, гъунэгъухэр зыхэлэжьэгъэхэ цIыф зэхахьэр апэу къызэIуихыгъ ыкIи къыщыгущыIагъ Гъыщ Долэт. Ащ къыкIэлъыкIоу къекIолIагъэхэм апашъхьэ къыщыгущыIагъэх Генрих Бартащук, мы къэбарым иавтор, Тхьагъэпсэу Мэджыдэ, летчикым ыпхъоу Нэгъой Нинэ, Мыхьамэт ыкъоу Салбый, нэмыкIхэри.

Мемориал пхъэмбгъум икъызэIухын фагъэшъошагъ контр-адмиралэу Тхьагъэпсэу Мэджыдэ.

КъэIогъэн фаер адыгэхэмкIэ апэрэ дзэ летчикэу Цуамыкъо Чэлэмэти Къэбэхьаблэ зэрэщыщыгъэр ары. ЗэкъоджэгъуитIур Оренбург дэтыгъэ авиацие училищым щеджагъэх. Чэлэмэт апэу къыухыгъ. Ащ ыцIэкIи мемориал пхъэмбгъу къызэIухыгъэн фаеу алъытагъ митингым хэлэжьагъэхэм.

ШIэжь пхъэмбгъур гъэхьазырыгъэнымкIэ IэпыIэгъу къафэхъугъ ТекIоныгъэм ифондэу Советскэ Союзым и ЛIыхъужъэу Андырхъое Хъусенэ ыцIэ зыхьырэр.

***ШЫМЫГЪЭХЪУ Мурат.***

# Электроннэ шIыкIэм техьащтых

Къэралыгъо ыкIи муниципальнэ фэныкъонэгъэхэм апае товархэр къаIакIагъэхьанхэм, IофшIэнхэр ыкIи фэIо-фашIэхэр афагъэцэкIэнхэм фэшI къэралыгъо контрактхэр зэдэшIыгъэнхэмкIэ электроннэ шIыкIэм тетэу зэIухыгъэ аукционхэр зэрэзэхащэхэрэм ыкIи ахэм зэрахэлажьэхэрэм яшэпхъакIэхэм зыщатегущыIэгъэхэ научнэ-практическэ семинарэу Адыгэ Республикэм финанс-хэмкIэ и Министерствэ зэхищагъэр мэлылъфэгъум и 22 — 23-м Адыгэ къэралыгъо университетым щыкIуагъ.

ООО-у «ПсэолъэшIыным подряднэ торгхэр щызэхэщэгъэнхэмкIэ Гупчэр» зыфиIорэм игенеральнэ директор игуадзэу Ирина Михайловам къызэрэтиIуагъэмкIэ, АР-м и Президент кIэщакIо фэхъуи, Министерствэм зэхищэгъэ семинарыр къэралыгъо ыкIи муниципальнэ заказчикхэр аукционхэр зэхэщэгъэнхэмкIэ шэпхъакIэхэу щыIэхэм афэгъэсэгъэнхэм тегъэпсыхьагъ.

Москва къикIыгъэ хьакIэм къызэриIуагъэмкIэ, электроннэ шIыкIэм тетэу, Интернетым иамалхэр къызыфагъэфедэхэзэ, зэхащэрэ аукционхэр къолъхьэ тын-Iыхыным зимыушъомбгъунымкIэ амалышIу хъущтых. Сыда пIомэ къэралыгъо заказ зытыхэрэмрэ ахэр зыгъэцакIэхэрэмрэ зэрэлъэгъунхэу, хэбзэнчъэ зэзэгъыныгъэ горэхэр зэдашIынхэу амал яIэщтэп. Урысыем ичIыпIэ зэфэшъхьафхэм ащызэхащэхэрэ торгхэм республикэм Iоф щызышIэрэ псэолъэшI фирмэхэр, къыдэгъэкIакIохэр ахэлэжьэнхэ алъэкIыщт.

— Торгхэр электроннэ шIыкIэм тетэу тикъэралыгъо щызэхащэнхэу зырагъэжьагъэр илъэси 2 хъугъэ ыкIи а уахътэм къыкIоцI мы шIыкIэм шIуагъэу пылъыр зэкIэми къагурыIуагъ. Мыщ фэдэ егъэджэнхэр тиспециалистхэм Урысыем ишъолъыр зэфэшъхьафхэм ащызэхащэх. Илъэсыр къызихьагъэм къыщегъэжьагъэу тиорганизацие нэбгырэ 500 фэдиз ригъэджагъ, сертификатхэр аритыгъэх. Адыгеим семинар апэрэу щызэхэтэщэ. Тыфай еджэпIэ Гупчэу Урысыем ишъолъырхэм ащыIэхэм фэдэ шъуиреспублики щызэхэтщэнэу. Опытэу тиIэ хъугъэмкIэ тыжъудэгощэным сыдигъуи тыфэхьазыр, — еIо ООО-у «ПсэолъэшIыным подряднэ торгхэр щызэхэщэгъэнхэмкIэ Гупчэм» итехническэ директорэу Сергей Шуткиным.

Университетым щызэхащэгъэгъэ семинарым иапэрэ мафэ Москва къикIыгъэ специалистхэр лекциехэм къафяджагъэх. Электроннэ шIыкIэм тетэу аукционхэр зэрэзэхэпщэщт ыкIи уззэрахэлэжьэщтым егъэджэнхэм ахэлэжьагъэхэр нэIуасэ афашIыгъэх. ЯтIонэрэ мафэм шIэныгъэу зэрагъэгъотыгъэхэр тестхэмкIэ ауплъэкIухи, сертификатхэр мэфэкI шIыкIэм тетэу щаратыжьыгъэх.

Гупчэм игенеральнэ директор игуадзэу И. Михайловым къызэриIуагъэмкIэ, къэралыгъо ыкIи муниципальнэ зэказхэмкIэ аукционхэр шIокI имыIэу электроннэ шIыкIэм тетэу зэхэщэгъэнхэ фаеу хабзэм ыгъэнэфагъ. Тызыхэт илъэсым ибэдзэогъу мазэ и 1-м къыщыублагъэу къэралыгъо ыкIи муниципальнэ заказхэр язытыхэрэр электроннэ площадкэм ихьанхэ алъэкIынэу амал яIэщтмэ, 2011-рэ илъэсым ищылэ мазэ и 11-м къыщыублагъэу а шIыкIэм шIокI имыIэу пстэури техьанхэ фаеу хэбзэ унашъом егъэнафэ. Арышъ, зигугъу къэтшIыгъэ научнэ-практическэ семинарыр зигъо дэдэу щыт Iофыгъоу лъытэгъэн фае.

***ЕЛБЭШЭ Руслъан.***

# Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ Адыгэ Республикэм икъэралыгъо хабзэ игъэцэкIэкIо органхэм ыкIи чIыпIэ зыгъэIорышIэжьынымкIэ иорганхэм япащэхэм, профсоюз органхэм ыкIи организациехэм, IофшIапIэхэр язытыхэрэм, Адыгэ Республикэм илэжьэкIо пстэуми афакIоу къышIыгъэ Джэпсалъэр

**Лъытэныгъэ зыфэтшIырэ тиIофшIэгъухэр!**

IофшIэпIэ чIыпIэхэм ащыфэхыгъэхэр е ащыфыкъуагъэхэр цIыфхэм агу къэгъэкIыжьыгъэнхэм тегъэпсыхьагъэу IофшIэнымкIэ Дунэе Организацием мэлылъфэгъум и 28-р IофшIэным икъэухъумэн и Дунэе мафэу ыгъэнэфагъ. Мы мафэр дунаим ихэгъэгуи 110-м ехъумэ ащыхагъэунэфыкIы.

2010-рэ илъэсым IофшIэным икъэухъумэн и Дунэе мафэ лозунгэу «Тиджырэ лъэхъан IофшIапIэхэм щащынэгъончъэнымкIэ пэшIорыгъэшъ амалхэр зетхьанх» зыфиIорэм чIэтэу кIощт. Сыд фэдэрэ предприятии иэкономикэ Iофхэр зэпыфэнхэмкIэ лъапсэ хъухэрэр IофшIэнымкIэ къекIурэ амалхэр зэхэщэгъэнхэр, IофшIапIэхэм лэжьакIохэм ящынэгъончъагъэ къащыдэлъытэгъэныр, ахэр мысымэджэнхэмкIэ, мыфыкъонхэмкIэ ищыкIэгъэ Iофтхьабзэхэр зехьэгъэнхэр ары. Акъылыгъэ зыхэлъ экономикэ политикэм инэшэнэ къодыеу щытэп мыр, лэжьакIом ифитыныгъэ шъхьаIэхэм зыкIэ ащыщыр къыдэлъытэгъэн зэрэфаер ащ къыпкъырэкIы.

Тиджырэ лъэхъан технологиякIэхэм атехьэхэ ыкIи производствэр автоматизацие ашIы зыхъукIэ, IофшIапIэхэм лэжьакIохэр нахь макIэу ащыфыкъонхэм анаIэ тырагъэты. Арэу щыт нахь мышIэми, IофшIэкIэ амалхэр зэрэзэхъокIыхэрэм, ренэу Iоф ашIэн зэрамылъэкIырэм, джырэ шапхъэхэм адиштэхэ зэрэшIоигъом, IофшIэм анабжь зэрэлъыкIуатэрэм, гендернэ балансым зэхъокIыныгъэ зэрэфэхъурэм, яшIоигъоныгъэхэмрэ щыIэкIэ амалхэмрэ зэрэзэдимыштэхэрэм япхыгъэу лэжьакIохэм гумэкIыгъуабэ къафыкъокIы. Ахэм анэмыкIэу IофшIэпIэ чIыпIабэмэ ящынэгъончъагъэ уигъэразэрэп, тхьамыкIагъоу, профессиональнэ узэу къаутIэхэрэм япчъагъэ зэрэбэу къэнэжьы.

Iоф ашIэзэ нэбгыри 100-м ехъу илъэс къэс Адыгэ Республикэм щэфыкъо, нэбгыри 10 фэдизмэ хьадэгъур къафэсы, нэбгырэ 15 фэдизмэ шъобж хьылъэхэр атещагъэ мэхъу. Республикэм иотраслэ, организацие заулэмэ IофшIэкIэ амалэу ащыщыIэхэр дэих. Яхэнэрэ лэжьакIо пэпчъ санитар-гигиенэ шапхъэхэм адимыштэрэ IофшIэпIэ чIыпIэхэм экономикэ IофшIэн лъэпкъ шъхьаIэхэр ащегъэцакIэ. IофшIэным икъэухъумэнкIэ шапхъэу щыIэхэр чIыпIабэмэ ащаукъо. Анахьэу ар къызыхэкIырэр профилактикэ IофшIэным икъоу анаIэ зэрэтырамыгъэтырэр, IофшIэн язытыхэрэр IофшIапIэм щыщынэгъончъэным, производствэм тхьамыкIагъохэр нахь макIэ шIыгъэным макIэу зэрэкIагъэгушIухэрэр, IофшIэным иухъумэнкIэ шапхъэу щыIэхэр къызэрэдалъытэхэрэм ведомствэхэм гъунэ зэрэлъамыфырэр, IофшIэным иухъумэн фэгъэзэгъэ специалистхэр икъоу организациехэмрэ пэщэныгъэ зезыхьэрэ организациехэмрэ зэраIумытхэр, фонд шъхьаIэхэр жъы зэрэхъугъэхэр ары.

Экономикэ гъэхъагъэхэр къазэрафидэкIыхэрэм Адыгэ Республикэм икъэралыгъо хабзэ иорганхэр ымыгъэгумэкIыхэу пфэIощтэп. ЛэжьакIохэм яфитыныгъэхэр къыдэлъытэгъэнхэмкIэ экономикэ кризисым илъэхъан такъыфызэкIакIо, IофшIэным икъэухъумэн мылъкоу пэIудгъэхьан фаем къыщыдгъакIэ хъущтэп.

Республикэм IофшIапIэхэр щязытырэ нэбгырабэмэ IофшIапIэм щыщынэгъончъэным иIофыгъохэм непэ мэхьанэшхо араты, производствэм щынагъоу къыщыхъун ылъэкIыщтхэм гъунэ алъыфыгъэн зэрэфаер, производствэм тхьамыкIагъохэр къыщымыгъэхъугъэнхэм ыкIи профессиональнэ узхэр къащымыгъэуцулIэгъэнхэм пае IофшIэныр къэзыгъэгъунэрэ системэр ищыкIэгъэ дэдэу зэрэщытыр дэгъоу къагурэIо. Мы лъэныкъомкIэ Iофышхо агъэцакIэ ОАО-у «Мыекъопэ редукторышI заводым», ЗАО-у «Картонтара» зыфиIорэм, ОАО-у «Кубаньэнерго» и Адыгэ электрическэ сетьхэм, магистраль газрыкIуапIэхэм я Краснодар линейнэ электрическэ гъэIорышIапIэ, Адыгэ Республикэм ирадиотелевизионнэ гупчэ, ООО-у «Формика-Юг» зыфиIорэм, МУП-у «Мыекъопэ тепловой сетьхэм», нэмыкIыбэхэми.

НепэкIэ мы Iофыгъом изэшIохын мэхьанэшхо зэриIэм епхыгъэу мы лъэныкъом Iофэу щашIэрэм нахьыбэу шIуагъэ къегъэтыгъэным, аварияхэр, тхьамыкIагъохэр производствэм къыщымыгъэхъугъэнхэм, профессиональнэ узхэр къыщамыгъэуцулIэгъэнхэм атегъэпсыхьэгъэ амалхэр республикэм щызэрахьэх. IофшIэным икъэухъумэн пае законодательнэ, шэпхъэ базэ дэгъу щыI, ащ ренэу хэхъоныгъэ ешIы. IофшIэкIэ амалхэр нахьышIу шIыгъэнхэмкIэ ыкIи IофшIэным икъэухъумэнкIэ гухэлъ гъэнэфагъэ зиIэ республикэ программэу 2006 — 2010-рэ илъэсхэм ателъытагъэр аухэсыгъ ыкIи ащ рэгъуазэх, IофшIэным икъэухъумэн фэгъэхьыгъэ еджэнхэр зэхащэх, IофшIэпIэ чIыпIэхэр аттестацие ашIых, IофшIэным икъэухъумэнкIэ республикэм ипредприятиехэм методикэ IэпыIэгъу арагъэгъоты. Мы Iофтхьабзэхэр, нэмыкI Iофтхьабзэхэу зэрахьэхэрэри зытегъэпсыхьагъэхэр IофшIэным икъэухъумэнкIэ къэралыгъо политикэу зэрахьэрэм илъэныкъо шъхьаIэхэр Адыгэ Республикэм щыгъэцэкIэгъэнхэр ары.

IофшIэным епхыгъэ тхьамыкIагъохэр, узхэр щагъэзыенхэ алъэкIынэу ыкIи ахэр щыгъэзыегъэнхэ фаеу Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ елъытэ. Мэхьанэшхо иIэу тлъытэзэ пэщэ пстэуми, Адыгэ Республикэм ипрофсоюз органхэм, организациехэм, илэжьэкIо коллективхэм игъо афэтэлъэгъу мэлылъфэгъум ыкIэхэм адэжь IофшIэным икъэухъумэн и Дунэе мафэ фэгъэхьыгъэ Iофтхьабзэхэр, IофшIэным икъэухъумэнкIэ мафэхэр, семинархэр, «Iэнэ хъураехэр» зэхащэнхэу, IофшIэпIэ чIыпIэхэм язытет ауплъэкIунэу, производствэм икультурэ зыкегъэIэтыгъэным иамалхэр зэрахьанэу, IофшIэным икъэухъумэнкIэ шапхъэу щыIэхэр агъэцэкIэнхэм мэхьанэшхо зэриIэр лэжьакIо пэпчъ гурагъэIонэу.

IофшIэным икъэухъумэн и Дунэе мафэ фэгъэхьыгъэ Iофтхьабзэхэу зэрахьащтхэм IофшIэным икъэухъумэнкIэ культурэм зыкырагъэIэтынэу, мы лъэныкъом IофшIэныр нахьышIоу щызэхащэным, производствэм нахь макIэу щыфыкъонхэм ыкIи щысымэджэнхэм, джащ фэдэу лэжьакIохэр правэм ылъэныкъокIи, социальнэуи нахь ухъумагъэ хъунхэм афэIорышIэнхэу тэгугъэ.

# Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ иунашъу

**Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ икомиссиеу «IофшIэным иветеран» зыфиIорэ щытхъуцIэр афэгъэшъошэгъэным епхыгъэ Iофыгъохэм ахэплъэщтым ехьылIагъ**

Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет 2005-рэ илъэсым Iоныгъом и 26-м ышIыгъэ унашъоу N 167-р зытетэу «ЩытхъуцIэу «IофшIэным иветеран» зыфиIорэр зэрафагъэшъошэрэ шIыкIэм ехьылIэгъэ Положением фэгъэхьыгъ», Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет 2008-рэ илъэсым мэзаем и 29-м ышIыгъэ унашъоу N 36-р зытетэу «Адыгэ Республикэм щыпсэурэ цIыф куп заулэмэ социальнэ IэпыIэгъурэ мазэ къэс ахъщэрэ зэраIэкIагъэхьэрэ шIыкIэм ехьылIагъ» зыфиIохэрэр гъэцэкIэгъэнхэм атегъэпсыхьагъэу **унашъо сэшIы:**

1. Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ икомиссиеу «IофшIэным иветеран» зыфиIорэ щытхъуцIэр афэгъэшъошэгъэным епхыгъэ Iофыгъохэм ахэплъэщтыр гуадзэу N 1-м диштэу зэхэщэгъэнэу.

2. Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ икомиссиеу «IофшIэным иветеран» зыфиIорэ щытхъуцIэр афэгъэшъошэгъэным епхыгъэ Iофыгъохэм ахэплъэщтым ехьылIэгъэ Положениер гуадзэу N 2-м диштэу ухэсыгъэнэу.

3. «IофшIэным иветеран» зыфиIорэ щытхъуцIэр афэгъэшъошэгъэным зэрэдырамыгъэштагъэмкIэ макъэ зэрарагъэIужьырэ тхылъыр гуадзэу N 3-м диштэу ухэсыгъэнэу.

4. Социальнэ IэпыIэгъурэ мазэ къэс ахъщэрэ къаIэкIэхьанхэм ифитыныгъэ зэряIэр къэзыушыхьатырэ справкэ къаратыным зэрэдырамыгъэштагъэмкIэ макъэ зэрарагъэIужьырэ тхылъыр гуадзэу N 4-м диштэу ухэсыгъэнэу.

5. Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ 2005-рэ илъэсым шэкIогъум и 8-м ышIыгъэ унашъоу N 106-р зытетым кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу.

6. Мы унашъор зэрагъэцакIэрэм гъунэ лъысфынэу зыфэсэгъазэ.

**Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ иминистрэу
Наталья ШИРОКОВА**

къ. Мыекъуапэ,
мэлылъфэгъум и 6, 2010-рэ илъэс
N 81

---

*Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ 2010-рэ илъэсым мэлылъфэгъум и 6-м ышIыгъэ унашъоу N 81-р зытетым игуадзэу N 1-р*

## Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ икомиссиеу «IофшIэным иветеран» зыфиIорэ щытхъуцIэр афэгъэшъошэгъэным епхыгъэ Iофыгъохэм ахаплъэрэм хэтхэр

Галактионова Татьяна Николай ыпхъур — Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ иминистрэ игуадз, комиссием итхьамат

Батмэн Руслъан Олег ыкъор — цIыфхэм социальнэ IэпыIэгъу языгъэгъотырэ отделым ипащэ игуадз, комиссием исекретарь

Браукъо Валерий Хьамзэт ыкъор — цIыфхэм социальнэ IэпыIэгъу языгъэгъотырэ отделым ипащ

Долголенко Ольга Виталий ыпхъур — къэбар-правовой отделым ипащ

Шабанова Елена Александр ыпхъур — социальнэ отраслэхэм бюджет политикэр ащызэхьэгъэнымкIэ отделым ипащ (зэрэзэзэгъыхэрэм тетэу)

ХъокIо Зар Хьазрэт ыпхъур — Адыгэ Республикэм и Президент IэкIоцI политикэмкIэ игъэIорышIапIэ иконсультант (зэрэзэзэгъыхэрэм тетэу)

Бартащук Генрих Владимир ыкъор — Адыгэ Республикэм иветеранхэм я Совет итхьамат (зэрэзэзэгъыхэрэм тетэу)

Гъогъо Хьазрэт Хьазэрталый ыкъор — Адыгэ Республикэм ипрофсоюзхэм яфедерацие итхьаматэ игуадз (зэрэзэзэгъыхэрэм тетэу)

---

*Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ 2010-рэ илъэсым мэлылъфэгъум и 6-м ышIыгъэ унашъоу N 81-р зытетым игуадзэу N 2-р*

## Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ икомиссиеу «IофшIэным иветеран» зыфиIорэ щытхъуцIэр афэгъэшъошэгъэным епхыгъэ Iофыгъохэм ахаплъэрэм ехьылIэгъэ Положениер

1. Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ икомиссиеу «IофшIэным иветеран» зыфиIорэ щытхъуцIэр афэгъэшъошэгъэным епхыгъэ Iофыгъохэм ахаплъэрэр (ыужкIэ комиссиер тIозэ дгъэкIощт) ренэу Iоф зышIэрэ коллегиальнэ органэу щыт, ар зыкIыззэхащэрэр «IофшIэным иветеран» зыфиIорэ щытхъуцIэр зыфагъэшъуашэ зышIоигъохэм яспискэхэм ахэплъэгъэнхэр ыкIи ахэр ухэсыгъэнхэм, IофшIэным иветеранхэм апае агъэнэфэрэ социальнэ IэпыIэгъур зэратефэхэрэмкIэ справкэхэр ятыгъэнхэм фэшI.

2. Комиссиер иIофшIэнкIэ Урысые Федерацием и Конституцие, Адыгэ Республикэм и Конституцие, федеральнэ законодательствэм, Адыгэ Республикэм изаконодательствэ арэгъуазэ.

Адыгэ Республикэм игъэцэкIэкIо хабзэ иорганхэм, общественнэ объединениехэм, организациехэм ягъусэу комиссием иIофшIэн зэхещэ.

3. Комиссием ипшъэрылъ шъхьаIэхэр:

1) «IофшIэным иветеран» зыфиIорэ щытхъуцIэр зыфагъэшъуашэ зышIоигъохэм къырахьылIэрэ лъэIу тхылъхэмрэ документхэмрэ ахэплъэгъэныр;

2) «IофшIэным иветеран» зыфиIорэ щытхъуцIэр зыфагъэшъуашэ зышIоигъохэм яспискэхэр ухэсыгъэныр ыкIи IофшIэным иветеранхэм апае агъэнэфэрэ социальнэ IэпыIэгъур зэратефэрэмкIэ справкэхэр ятыгъэныр.

4. Комиссием ипшъэрылъхэр ыгъэцакIэхэзэ фитыныгъэ иI:

1) «IофшIэным иветеран» зыфиIорэ щытхъуцIэр зыфагъэшъуашэ зышIоигъохэм яспискэхэр зыщаухэсыхэрэ лъэхъаным унашъохэр штэгъэнхэм пае ищыкIэгъэ материалхэмрэ къэбархэмрэ къэралыгъо хабзэм ифедеральнэ органхэм, Адыгэ Республикэм икъэралыгъо хабзэ иорганхэм, Урысые Федерацием исубъектхэм якъэралыгъо органхэм ыкIи цIыфхэм къаIихынэу, IофшIэным иветеранхэм апае агъэнэфэрэ социальнэ IэпыIэгъур зэратефэрэмкIэ справкэхэр аритынэу;

2) «IофшIэным иветеран» зыфиIорэ щытхъуцIэр афэгъэшъошэгъэным пае документхэу къырахьылIагъэхэм ахаплъэхэ зыхъукIэ е IофшIэным иветеранхэм апае агъэнэфэрэ социальнэ IэпыIэгъур зэратефэрэмкIэ справкэхэр аратыхэ зыхъукIэ зэнэкъокъу къызыпытэджэрэ Iофыгъохэм ахэплъэнэу.

5. «IофшIэным иветеран» зыфиIорэ щытхъуцIэр къафэгъэшъошэгъэным ыкIи IофшIэным иветеранхэм апае агъэнэфэрэ социальнэ IэпыIэгъур зэратефэрэмкIэ справкэхэр къаратынхэм лъапсэ афэхъугъэ документхэр комиссием Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ IофшIэнымкIэ ыкIи цIыфхэр социальнэу ухъумэгъэнхэмкIэ ичIыпIэ органхэм аIэкIегъэхьажьых, илъэситф пIальэкIэ ахэр гъэIорышIапIэм щаIыгъынхэ, нэужым республикэм имуниципальнэ образованиехэм яархив учреждениехэм аратыжьын фае.

6. Комиссием хэтхэм азынкъо нахьыбэ щыIэ зыхъукIэ мазэ къэс комиссием зэхэсыгъо зэхещэ.

7. Комиссием хэтхэу зэхэсыгъом хэлажьэхэрэм ягъолосхэм анахьыбэкIэ, шъэф голосованиекIэ комиссием иунашъо аштэ, ащ фэгъэхьыгъэу протокол зэхагъэуцо, тхьаматэмрэ секретарымрэ ащ кIэтхэжьых.

Голосхэм япчъагъэ зэфэдиз зыхъукIэ, текIорэр комиссием итхьаматэ зыдыригъаштэрэр ары.

8. Комиссием ыштэгъэ унашъом емызэгъыхэмэ, судым зыфагъэзэн алъэкIыщт.

9. Комиссием исекретарь комиссием изэхэсыгъо пае материалхэр егъэхьазырых, комиссием изэхэсыгъо ипротокол зэхегъэуцо, комиссием иIофшIэнкIэ ищыкIэгъэ документхэр къаIехы ыкIи зэрегъэкIу, унашъоу аштагъэхэмкIэ Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ IофшIэнымкIэ ыкIи цIыфхэр социальнэу ухъумэгъэнхэмкIэ ичIыпIэ органхэм макъэ арегъэIу, комиссием иIофшIэн епхыгъэ нэмыкI пшъэрылъхэри егъэцакIэ.

---

# Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет иунашъу

**Бэрэ тызыIукIэрэ чIычIэгъ байныгъэхэр зычIэлъ чIыпIэхэр агъэфедэнхэм ифитыныгъэ къязытырэ аукционхэм якIэуххэм яхьылIагъ**

1.Бэрэ тызыIукIэрэ чIычIэгъ байныгъэхэр зычIэлъ чIыпIэхэу, а 1-рэ, я 2-рэ, я 3-рэ, я 4-рэ, я 5-рэ, я 6-рэ, я 8-рэ, я 9-рэ участкэхэм ахахьэхэу Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет 2010-рэ илъэсым щылэ мазэм и 22-м ышIыгъэ унашъоу N 8-р зытетэу «Бэрэ тызыIукIэрэ чIычIэгъ байныгъэхэр зычIэлъ чIыпIэхэр агъэфедэнхэм ифитыныгъэ къязытырэ аукционхэр зэрэзэхащэхэрэм ехьылIагъ» зыфиIорэмкIэ (Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр, 2010, N 1, 2) аухэсыгъэхэр агъэфедэнхэм ифитыныгъэ къязытырэ аукционхэр, лотхэу N 1-р, 2-р, 3-р, 4-р, 5-р, 6-р, 8-р, 9-р тэрэзэу зэхамыщагъэкIэ лъытэгъэнхэу участкэ пэпчъкIэ зы лъэныкъо нахь аукционым хэлэжьэнэу зэрэщымытым епхыгъэу.

2. Агъэфедэнэу ятыгъэнэу:

1) чырбыщ зыхашIыкIырэ ятIэр зычIэлъ а I-рэ Заводской къычIэхыпIэм иIахьэу гектари 3,0-рэ зэлъызыбытырэр (лотэу N 1-р) — пшъэдэкIыжьэу ыхьырэмкIэ гъунэпкъэ гъэнэфагъэ зиIэ обществэу «Меркурий» зыфиIорэм илъэс 20 ипIалъэу;

2) чырбыщ зыхашIыкIырэ ятIэр зычIэлъ я II-рэ Заводской къычIэхыпIэм иIахьэу гектари 4,0-рэ зэлъызыбытырэр (лотэу N 2-р) — пшъэдэкIыжьэу ыхьырэмкIэ гъунэпкъэ гъэнэфагъэ зиIэ обществэу «Прометей» зыфиIорэм илъэс 20 ипIалъэу;

3) мыжъо-пшэхъо зэхэлъыр зычIэлъ Богурсуковскэ къычIэхыпIэм и КъыблэкъокIыпIэ участкэу гектар 16,9-рэ зэлъызыубытырэр (лотэу N 3-р) — пшъэдэкIыжьэу ыхьырэмкIэ гъунэпкъэ гъэнэфагъэ зиIэ обществэу «Надежда» зыфиIорэм илъэси 10 пIалъэкIэ;

4) чырбыщ зыхашIыкIырэ ятIэр зычIэлъ къычIэхыпIэу «Виктория» зыфиIорэм иIахьэу гектар 13,0-рэ зэлъызыубытырэр (лотэу N 4-р) — пшъэдэкIыжьэу ыхьырэмкIэ гъунэпкъэ гъэнэфагъэ зиIэ обществэу «Чырбыщгъэжъэ заводэу «Садовое» зыфиIорэм илъэс 20 ипIалъэу;

5) мыжъо-пшэхъо зэхэлъыр зычIэлъ Богурсуковскэ къычIэхыпIэм ия III-рэ участкэу гектар 43,15-рэ зэлъызыубытырэр (лотэу N 5-р) — мэкъумэщ-фермер хъызмэтшIапIэу «Н.М. Мамхыгъ» зыфиIорэм илъэс 20 ипIалъэу;

6) чырбыщ зыхашIыкIырэ ятIэр зычIэлъ КъыблэКужорскэ участкэу гектари 8,0-рэ зэлъызыубытырэр (лотэу N 6-р) — акционер обществэ зэфэшIыгъэу «Кужорскэ чырбыщгъэжъэ заводым» илъэс 20 ипIалъэу;

7) мыжъо-пшэхъо зэхэлъыр зычIэлъ Югорскэ къычIэхыпIэм ия II-рэ участкэу гектар 26,7-рэ зэлъызыубытырэр (лотэу N 8-р) — акционер обществэ зэфэшIыгъэу «Русская холдинговая компания» зыфиIорэм илъэс 20 ипIалъэу;

8) мыжъо-пшэхъо зэхэлъыр зычIэлъ Югорскэ къычIэхыпIэм ия III-рэ участкэу гектар 29,3-рэ зэлъызыубытырэр (лотэу N 9-р) — акционер обществэ зэфэшIыгъэу «Русская холдинговая компания» зыфиIорэм илъэс 20 ипIалъэу.

3. Адыгэ Республикэм чIыопс къэкIуапIэхэмкIэ ыкIи тыкъэзыуцухьэрэ дунаир къэухъумэгъэнымкIэ и ГъэIорышIапIэ чIычIэгъ байныгъэхэр агъэфедэнхэ зэралъэкIыщт лицензиехэр къафыритхыкIынэу ыкIи аритынэу.

4. 2010-рэ илъэсым мэлылъфэгъум и 1-м зэхагъэуцогъэ протоколэу N 2-р зытетым диштэу бэрэ тызыIукIэрэ чIычIэгъ байныгъэхэр зычIэлъ чIыпIэхэр агъэфедэнхэм ифитыныгъэ къязытырэ аукционхэм язэхэщэн фэгъэзэгъэ комиссием иунашъо ухэсыгъэнэу.

**Адыгэ Республикэм и Премьер-министрэу
КЪУМПЫЛ Мурат**

къ. Мыекъуапэ,
мэлылъфэгъум и 1, 2010-рэ илъэс
N 98-р

# Адыгэ Республикэм и Закон

**Адыгэ Республикэм и Законэу «ЧIыгум епхыгъэ зэфыщытыкIэхэр гъэтэрэзыгъэнхэм ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 15-рэ статья кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэным фэгъэхьыгъ**

*Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2010-рэ илъэсым гъэтхапэм и 24-м ыштагъ*

**А 1-рэ статьяр. Адыгэ Республикэм и Законэу «ЧIыгум епхыгъэ зэфыщытыкIэхэр гъэтэрэзыгъэнхэм ехьылIагъ» зыфиIорэм кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэным фэгъэхьыгъ**

Адыгэ Республикэм и Законэу «ЧIыгум епхыгъэ зэфыщытыкIэхэр гъэтэрэзыгъэнхэм ехьылIагъ» зыфиIорэм (Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр, 2007, N 6, N 12; 2008, N 12; 2009, N 2) ия 15-рэ статья кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу.

**Я 2-рэ статьяр. Мы Законым кIуачIэ иIэ зыхъурэр**

Официальнэу къызыхаутырэм ыуж мэфипшI зытешIэкIэ мы Законым кIуачIэ иIэ мэхъу.

**Адыгэ Республикэм и Президентэу ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан**

къ. Мыекъуапэ,
гъэтхапэм и 30, 2010-рэ илъэс
N 331

# Адыгэ Республикэм и Закон

**Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм бюджет Iофыр зэрэщызэхэщагъэм ехьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

*Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2010-рэ илъэсым гъэтхапэм и 24-м ыштагъ*

**А 1-рэ статьяр. Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм бюджет Iофыр зэрэщызэхэщагъэм ехьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм бюджет Iофыр зэрэщызэхэщагъэм ехьылIагъ» зыфиIорэм (Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр, 2008, N 4, N 7; 2009, N 4, 7, 10) зэхъокIыныгъэ фэшIыгъэнэу, я 3-рэ статьям ия 2-рэ Iахь ия 11-рэ пункт кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу.

**Я 2-рэ статьяр. Мы Законым кIуачIэ иIэ зыхъурэр**

2010-рэ илъэсым щылэ мазэм и 1-м къыщыублагъэу мы Законым кIуачIэ иIэ мэхъу, ау официальнэу къызыхаутырэ мафэм ыуж зы мазэ нахь мымакIэу зытешIэкIэ.

**Адыгэ Республикэм и Президентэу ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан**

къ. Мыекъуапэ,
гъэтхапэм и 30, 2010-рэ илъэс
N 334

# Адыгэ Республикэм и Закон

**Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм къэралыгъо граждан къулыкъур зэрэщахьырэм ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 27-рэ статья зэхъокIыныгъэ фэшIыгъэным фэгъэхьыгъ**

*Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2010-рэ илъэсым гъэтхапэм и 24-м ыштагъ*

**А 1-рэ статьяр. Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм къэралыгъо граждан къулыкъур зэрэщахьырэм ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 27-рэ статья зэхъокIыныгъэ фэшIыгъэным фэгъэхьыгъ**

Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм къэралыгъо граждан къулыкъур зэрэщахьырэм ехьылIагъ» зыфиIорэм (Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр, 2005, N 8; 2007, N 11; 2009, N 2, N 12) ия 27-рэ статья иа 1-рэ Iахь ия 4-рэ пункт мыщ фэдэ зэхъокIыныгъэ фэшIыгъэнэу: гущыIэхэу «цIыфхэр зыщыпсэухэрэ унэм ыубытырэм елъытыгъэу» зыфиIохэрэм ачIыпIэкIэ «цIыфхэр зыщыпсэухэрэ унэр» зыфиIохэрэр тхыгъэнхэу.

**Я 2-рэ статьяр. Мы Законым кIуачIэ иIэ зыхъурэр**

Официальнэу къызыхаутырэ мафэм щыублагъэу мы Законым кIуачIэ иIэ мэхъу.

**Адыгэ Республикэм и Президентэу ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан**

къ. Мыекъуапэ,
гъэтхапэм и 30,
2010-рэ илъэс
N 335

# Адыгэ Республикэм и Закон

**Адыгэ Республикэм и Законэу «Былым лъэпкъышIухэм якъыхэхын ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 3-рэ статья ия 3-рэ пункт зэхъокIыныгъэ фэшIыгъэным фэгъэхьыгъ**

*Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2010-рэ илъэсым гъэтхапэм и 24-м ыштагъ*

**А 1-рэ статьяр. Адыгэ Республикэм и Законэу «Былым лъэпкъышIухэм якъыхэхын ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 3-рэ статья ия 3-рэ пункт зэхъокIыныгъэ фэшIыгъэным фэгъэхьыгъ**

Адыгэ Республикэм и Законэу «Былым лъэпкъышIухэм якъыхэхын ехьылIагъ» зыфиIорэм (Адыгэ Республикэм и Хэбзэгъэуцу ЗэIукIэ (Хасэм) — Парламентым и Ведомостьхэр, 1994, N 12, Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр, 2006, N 1, N 12) ия 3-рэ статья ия 3-рэ пункт хэт гущыIэхэу «республикэ программэхэм язэшIохын» зыфиIохэрэм ачIыпIэкIэ гущыIэхэу «гухэлъ гъэнэфагъэ зиIэ республикэ программэхэр ухэсыгъэнхэр ыкIи гъэцэкIэгъэнхэр» зыфиIохэрэр тхыгъэнхэу.

**Я 2-рэ статьяр. Мы Законым кIуачIэ иIэ зыхъурэр**

Официальнэу къызыхаутырэм ыуж мэфипшI зытешIэкIэ мы Законым кIуачIэ иIэ мэхъу.

**Адыгэ Республикэм и Президентэу ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан**

къ. Мыекъуапэ,
гъэтхапэм и 30,
2010-рэ илъэс
N 336

# Адыгэ Республикэм и Закон

**Адыгэ Республикэм и Законэу «ЦIыфхэм социальнэ лъэныкъомкIэ яфэIо-фашIэхэм ягъэцэкIэн ехьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

*Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2010-рэ илъэсым гъэтхапэм и 24-м ыштагъ*

**А 1-рэ статьяр. Адыгэ Республикэм и Законэу «ЦIыфхэм социальнэ лъэныкъомкIэ яфэIо-фашIэхэм ягъэцэкIэн ехьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

Адыгэ Республикэм и Законэу «ЦIыфхэм социальнэ лъэныкъомкIэ яфэIо-фашIэхэм ягъэцэкIэн ехьылIагъ» зыфиIорэм (Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр, 2005, N 12) мы къыкIэлъыкIорэ зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэу:

1) я 3-рэ статьям ия 2-рэ пункт кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу;

2) я 4-рэ статьям мыщ фэдэ къэIуакIэ зиIэ я $2^1$-рэ пунктыкIэр хэгъэхъогъэнэу:

«($2^1$) цIыфхэм социальнэ фэIо-фашIэхэр афэгъэцэкIэгъэнхэм епхыгъэ республикэ программэхэр зэхэгъэуцогъэнхэр, ухэсыгъэнхэр ыкIи гъэцэкIэгъэнхэр;».

**Я 2-рэ статьяр. Мы Законым кIуачIэ иIэ зыхъурэр**

Официальнэу къызыхаутырэ мафэм щыублагъэу мы Законым кIуачIэ иIэ мэхъу.

**Адыгэ Республикэм и Президентэу ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан**

къ. Мыекъуапэ,
гъэтхапэм и 30,
2010-рэ илъэс
N 337

# Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет иунашъу

**Адыгэ Республикэм икъэралыгъо учреждениеу «ЦIыфхэм ясоциальнэ фэIо-фашIэхэр зыщагъэцэкIэрэ Кощхьэблэ зэхэубытэгъэ гупчэр» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэ фэшIыгъэным фэгъэхьыгъ**

ЦIыфхэм социальнэ лъэныкъомкIэ яфэIо-фашIэхэм ягъэцэкIэн епхыгъэ Iофыр нахьышIоу зэхэщэгъэным пае Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет **унашъо ешIы:**

1. Адыгэ Республикэм икъэралыгъо учреждениеу «ЦIыфхэм ясоциальнэ фэIо-фашIэхэр зыщагъэцэкIэрэ Кощхьэблэ зэхэубытэгъэ гупчэр» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэ фэшIыгъэнэу, Адыгэ Республикэм икъэралыгъо учреждениеу «Нэжъ-Iужъхэр зыщаIыгъыхэрэ Натырбые унэр» зыфиIорэр ащ хэгъэхьэгъэнэу.

2. Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ:

1) Адыгэ Республикэм мылъку зэфыщытыкIэхэмкIэ и Комитет игъусэу Адыгэ Республикэм икъэралыгъо учреждениеу «ЦIыфхэм ясоциальнэ фэIо-фашIэхэр зыщагъэцэкIэрэ Кощхьэблэ зэхэубытэгъэ гупчэр» зыфиIорэм изэхъокIыныгъэхэм япхыгъэ правовой Iофтхьабзэхэр IофшIэнымкIэ законодательствэм тегъэпсыхьагъэу ыгъэцэкIэнхэу;

2) Адыгэ Республикэм икъэралыгъо учреждениеу «ЦIыфхэм ясоциальнэ фэIо-фашIэхэр зыщагъэцэкIэрэ Кощхьэблэ зэхэубытэгъэ гупчэр» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэ фашIы зыхэукIэ къэралыгъо учреждениеу «Нэжъ-Iужъхэр зыщаIыгъыхэрэ Натырбые унэу социальнэ мэхьанэ зиIэр» зыфиIорэм зыныбжь хэкIотагъэхэу щыпсэухэрэм ыпэкIэ социальнэ фэIо-фашIэхэу афызэшIуахыгъэхэр къыгъэнэжьынхэу.

3. Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ къыфэIорышIэрэ организациехэу Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет иунашъоу N 218-р зытетэу «Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ иIофыгъохэр» зыфиIоу 2009-рэ илъэсым шэкIогъум и 12-м аштагъэмкIэ аухэсыгъэхэм зэхъокIыныгъэ афэшIыгъэнэу, я 2-рэ пунктыр хэгъэкIыгъэнэу.

4. Мы унашъом игъэцэкIэн зэрэкIорэм иуплъэкIун Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ фэгъэзэгъэнэу.

5. Заштэрэ мафэм щыублагъэу мы унашъом кIуачIэ иIэ мэхъу, ащ къыхимыубытэрэр я 3-рэ пунктыр ары, Адыгэ Республикэм икъэралыгъо учреждениеу «ЦIыфхэм ясоциальнэ фэIо-фашIэхэр зыщагъэцэкIэрэ Натырбые унэр» зыфиIорэм иIофшIэн зэрэзэпыурэр къэралыгъо реестрэ зыкIым зыдатхэрэм къыщыублагъэу ащ кIуачIэ иIэ мэхъу.

**Адыгэ Республикэм и Премьер-министрэу КЪУМПIЫЛ Мурат**

къ. Мыекъуапэ,
мэлылъфэгъум и 14,
2010-рэ илъэс
N 63

# Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм иунашъу

**Адыгэ Республикэм и УплъэкIу-лъытэкIо палатэ 2009-рэ илъэсым Iоф зэришIагъэм иотчет ехьылIагъ**

Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм **унашъо ешIы:**

1. Адыгэ Республикэм и УплъэкIу-лъытэкIо палатэ 2009-рэ илъэсым Iоф зэришIагъэм ехьылIэгъэ отчетым ынаIэ тыридзэнэу.
2. Мы унашъор ыкIи Адыгэ Республикэм и УплъэкIу-лъытэкIо палатэ 2009-рэ илъэсым Iоф зэришIагъэм ехьылIэгъэ отчетыр республикэ гъэзетхэм къыхягъэутыгъэнэу.
3. Заштэгъэ мафэм къыщыублагъэу мы унашъом кIуачIэ иIэ мэхъу.

**Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Тхьаматэу Анатолий ИВАНОВ**
къ. Мыекъуапэ,
мэзаем и 17, 2010-рэ илъэс
N 1364

---

# Адыгэ Республикэм и УплъэкIу-лъытэкIо палатэ 2009-рэ илъэсым Iоф зэришIагъэм ыкIи уплъэкIу Iофыгъохэу зэрихьагъэхэм кIэухэу афэхъугъэм яхьылIэгъэ ИЛЪЭС ОТЧЕТ

Адыгэ Республикэм и УплъэкIу-лъытэкIо палатэ 2009-рэ илъэсым Iоф зэришIагъэм, уплъэкIу ыкIи эксперт-аналитическэ Iофыгъохэу зэрихьагъэхэм кIэухэу афэхъугъэхэм яхьылIэгъэ мы илъэс отчетыр Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм и УплъэкIу-лъытэкIо палатэ ехьылIагъ» зыфиIоу номерэу 81-р зытетэу 2002-рэ илъэсым бэдзэогъум и 26-м аштагъэм ия 25-рэ статья ыгъэнэфэрэ шапхъэхэм атегъэпсыкIыгъэу къагъэхьазырыгъ.

**I. Зэхэубытэгъэ къэбархэр**

Адыгэ Республикэм и УплъэкIу-лъытэкIо палатэ (ыужкIэ ПалатэкIэ теджэщт) Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм зэхищэрэ ыкIи ащ отчетхэр езытыхэрэ ренэу Iоф зышIэрэ къэралыгъо финанс уплъэкIу органэу щыт. Палатэр юридическэ лицэу гъэпсыгъэ ыкIи Адыгэ Республикэм и Конституцие, Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм и УплъэкIу-лъытэкIо палатэ ехьылIагъ» зыфиIоу номерэу 81-р зытетэу 2002-рэ илъэсым бэдзэогъум и 26-м аштагъэм, джащ фэдэу Урысые Федерацием ыкIи Адыгэ Республикэм янэмыкI законхэм ыкIи норматив актхэм атегъэпсыкIыгъэу иIофшIэн зэхещэ.

Икъу фэдизэу IофшIэным фытегъэпсыхьэгъэ специалистхэр Палатэм щэлажьэх, ахэм япроцент 94,0-м IэнатIэу зэрахьэрэм тегъэпсыкIыгъэ апшъэрэ гъэсэныгъэ яI, зы специалистым гурыт специальнэ гъэсэныгъэ иI. Палатэм итхьаматэ экономикэ шIэныгъэхэмкIэ кандидат, доцент. Специалист пстэуми IэнатIэу зэрахьэрэм тегъэпсыкIыгъэ опытышIу яI.

Палатэм 2009-рэ илъэсым иIофшIэн зэхищэщтыгъ Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2008-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 17-м номерэу 1042-ГС зытетэу ышIыгъэ унашъоу «Адыгэ Республикэм и УплъэкIу-лъытэкIо палатэ 2009-рэ илъэсым Iоф зэришIэщтым иплан ехьылIагъ» зыфиIорэм ыкIи Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2009-рэ илъэсым бэдзэогъум и 22-м номерэу 1228-ГС зытетэу ышIыгъэ унашъоу «Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм иунашъоу «Адыгэ Республикэм и УплъэкIу-лъытэкIо палатэ 2009-рэ илъэсым Iоф зэришIэщтым иплан ехьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ» зыфиIорэмкIэ зэхъокIыныгъэу фишIыжьыгъэхэм атегъэпсыкIыгъэу, джащ фэдэу Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм и УплъэкIу-лъытэкIо палатэ ехьылIагъ» зыфиIоу номерэу 81-р зытетэу 2002-рэ илъэсым бэдзэогъум и 26-м аштагъэм ия 15-рэ статья ия 5-рэ Iахь зэригъэнафэрэм тегъэпсыкIыгъэу депутат купым къышIыгъэ Джэпсалъэм мыщ къыкIэлъыкIорэ пшъэрылъэу ыгъэнафэхэрэр ыгъэцэкIэжьхэзэ:

— Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2008-рэ илъэсым Iоф зэришIагъэм епхыгъэ финанс-хъызмэт уплъэкIун зэхэщэгъэнэу;

— Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2006 — 2008-рэ илъэсхэм хъарджэу ышIыгъэхэм гъэпсыкIэу яIагъэр ыкIи ахэм зэрахахъощтыгъэр зэхэфыгъэным ехьылIэгъэ уплъэкIу-аналитическэ Iофыгъохэр зехьэгъэнхэу;

2009-рэ илъэсым Палатэм иIофшIэн зэхэщэгъагъ законностым, IофшIэным стистемэ лъапсэ етыгъэным, Iофхэр зытетым тетэу къэгъэлъэгъогъэнхэм, зыми емыпхыгъэу Iоф шIэгъэным ыкIи нэфэIоным рыгъозэгъэным зыфэпIощт лъэпсэ шъхьаIэ принципхэм атегъэпсыкIыгъэу.

Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм идепутатхэм къахьыгъэ предложениехэр къыдалъытэхэзэ, Палатэм 2009-рэ илъэсым Iоф зэришIэщтым ехьылIэгъэ планэу зэхагъэуцуагъэм, ащ зэхъокIыныгъэу фашIыгъэхэм къыдалъытэщтыгъ зэхэубытэгъэ нэшанэ зиIэ уплъэкIунхэу Палатэм илъэс къэс зэрихьэхэрэм ягъусэу уплъэкIун Iофыгъо 21-рэ зэхэщэгъэнэу. Ащ нэмыкIэу, Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм и УплъэкIу-лъытэкIо палатэ ехьылIагъ» зыфиIоу номерэу 81-р зытетэу 2002-рэ илъэсым бэдзэогъум и 26-м аштагъэм ия 15-рэ статья ия 5-рэ Iахь зэригъэнафэрэм тетэу депутат купым къашIыгъэ джэпсалъэм тегъэпсыкIыгъэу планым хэмытыгъэ зы уплъэкIу Iофыгъо зэхэщэгъэнэу Палатэм пшъэрылъ къыфашIыгъагъ.

Отчет пIалъэм къыкIоцI уплъэкIун IофшIэнымкIэ объект 67-м алъыIэсызэ, Палатэм уплъэкIу Iофыгъо 22-рэ зэхищэгъагъ ыкIи Адыгэ Республикэм инорматив правовой актхэм япроект 78-рэ экспертизэ ышIыгъ.

Палатэм 2009-рэ илъэсым телъытэгъэ планэу фагъэуцугъагъэр икъу фэдизэу ыгъэцэкIагъ.

**II. УплъэкIу-ревизионнэ IофшIэныр**

УплъэкIу IофшIэныр зэхищэзэ, Палатэм зэкIэмкIи сомэ миллиардрэ миллион 548,7-рэ хъурэ мылъкур зэрагъэфедэгъэ шIыкIэр ыуплъэкIугъ. Ащ щыщэу сомэ миллион 487,5-р Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет имылъку; сомэ миллион 913,0-р чIыпIэ бюджетхэм ямылъку; сомэ миллиони 147,9-р шIокI зимыIэ медицинэ страхованиемкIэ Адыгэ республикэ фондым (ыужкIэ АРФОМС-кIэ теджэщт) имылъку; сомэ миллион 0,3-р бюджетым хэмыхьэрэ къэкIуапIэхэм къахэкIыгъэ мылъку.

Отчетыр зытелъытэгъэ пIалъэм зэхащэгъэ уплъэкIунхэм нафэ къашIыгъ кIуачIэ зиIэ законодательствэр аукъозэ **сомэ миллион 297-рэ мин 689,7-рэ** агъэфедагъэу. Ар зэкIэ агъэзекIогъэ мылъкоу ауплъэкIугъэм **ипроцент 19,2-рэ** мэхъу.

КъызэтынэкIыгъэ илъэсым Палатэм зэрихьэгъэ уплъэкIун Iофыгъохэм яшIуагъэкIэ бюджет законодательствэр аукъозэ агъэфедагъэу ыкIи зифэшъошэ бюджетхэм ыкIи бюджетым хэмыхьэрэ фондхэм ахэлъхьажьыгъэн фаеу **сомэ миллион 77-рэ мин 493,9-рэ** къыхагъэщыгъ, ащ щыщхэу:

— зытемылъытэгъэ Iофыгъохэм апэIуагъэхьэгъэ бюджет мылъкур **сомэ миллион 31-рэ мин 411,8-рэ** мэхъу;

— ауплъэкIугъэ предприятием, организацием, учреждением хэбзэнчъэу (тэрэзэу зэхамыфэу) ащызэрахьагъэхэм апкъ къикIэу зэрарэу (чIэнагъэу) ашIыгъэр, зифэшъошэ бюджетым ыкIи бюджетым хэмыхьэрэ фондым ахалъхьажьын фаер **сомэ миллион 41-рэ мин 502,1-рэ;**

— уасэ зиIэ материалхэмкIэ ыкIи ахъщэмкIэ недостачэр **сомэ миллиони 4-рэ мин 580,0-рэ.**

Ащ нэмыкIэу, бюджет законодательствэр зэраукъуагъэу, зифэшъошэ бюджетым е бюджетым хэмыхьэрэ фондым ахалъхьажьынэу щымытэу агъэфедэгъэ мылъкоу къыхагъэщыгъэр **сомэ миллион 220-рэ мини 195,8-рэ,** ащ щыщхэу:

— къэралыгъо фэныкъоныгъэхэм апае зэрэщэфагъэхэм, IофшIэнхэр, фэIо-фашIэхэр афагъэцэкIэнхэм пае зэзэгъыныгъэхэр адашIыхэзэ шапхъэхэр зэраукъуагъэхэр **сомэ миллион 83-рэ мин 207,8-рэ;** — ауплъэкIугъэ предприятием, организацием, учреждением хэбзэнчъагъэу (тэрэзэу зэхамыфэу) щызэрахьагъэм ыпкъ къикIэу зэрарэу (чIэнагъэу) ашIыгъэр ыкIи зифэшъошэ бюджетым, бюджетым хэмыхьэрэ фондым ахалъхьажьынэу щымытыр **сомэ миллион 44-рэ мин 37,9-рэ;**

— зифэшъошэ норматив актхэм агъэнэфэрэ лимитхэм ыкIи зифэшъошэ къэлъытэнхэм агъэнафэрэм ехъоу Iофыгъохэм апэIуагъэхьэгъэ мылъкоу къыхагъэщыгъэр **сомэ миллиони 10-рэ мин 345,7-рэ;**

— шIогъэ икъу къымытэу агъэфедэгъэ мылъкоу къыхагъэщыгъэр **сомэ миллион 68-рэ мин 23,8-рэ;**

— Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет ыкIи чIыпIэ бюджетхэм къаIэкIэхьан фэягъэу ыкIи къаIумыкIагъэу къыхагъэщыгъэр **сомэ миллиони 3-рэ мин 284,8-рэ;**

— Урысые Федерацием ибюджет классификацие ыгъэнэфэрэ шапхъэхэр аукъохэзэ учетым къыщагъэлъэгъогъэ мылъкур **сомэ миллиони 4-рэ мин 810,5-рэ.**

Бухгалтер учетыр зэращыгъэпсыгъэр зэхифызэ ыуплъэкIугъэ предприятиехэм, организациехэм бухгалтер учетым къыщагъэлъэгъогъэ пчъагъэхэмрэ бухгалтер отчетым къыщагъэлъэгъогъэ пчъагъэхэмрэ зэтекIыхэу, хъызмэтзехьаным епхыгъэ операциехэр бухгалтер учетымрэ бухгалтер отчетымрэ зэфэмыдэу къазэрагъэлъэгъуагъэхэу Палатэм зэкIэмкIи **сомэ мин 291,0-рэ** къыхигъэщыгъ.

Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм и УплъэкIу-лъытэкIо палатэ ехьылIагъ» зыфиIоу 2002-рэ илъэсым бэдзэогъум и 26-м аштагъэм ия 22-рэ статья зэригъэнафэрэм тегъэпсыкIыгъэу, мы отчетыр зытелъытэгъэ илъэсым ыкIи ыпэрэ илъэсхэм уплъэкIу Iофыгъохэу зэрихьагъэхэм кIэухэу афэхъугъэхэм яхьылIэгъэ материал 15 Палатэм правэухъумэкIо органхэм алъигъэIэсыгъ.

Палатэм 2009-рэ илъэсым къыхигъэщыгъэ хэукъоныгъэхэм атегъэпсыкIыгъэу бюджетхэм ахагъэхьажьын фэегъэ **сомэ миллион 77-рэ мин 493,9-м** щыщэу зифэшъошэ бюджетхэм е АРФОМС-м ибюджет ахалъхьажьыгъэр **сомэ миллион 52-рэ мини 151,6-рэ.** Ащ нэмыкIэу, ыпэрэ илъэсхэм зэхищэгъэгъэ уплъэкIунхэм кIэухэу афэхъугъагъэхэм атегъэпсыкIыгъэу бюджетхэм мылъкоу **сомэ миллиони 10-рэ мин 467,8-рэ** ахалъхьажьыгъ. ЗэкIэмкIи 2009-рэ илъэсым зифэшъошэ бюджетхэм е шIокI зимыIэ медицинэ страхованиемкIэ Адыгэ республикэ фондым ибюджет мылъкоу ахалъхьажьыгъэр **сомэ миллион 62-рэ мин 619,4-рэ.**

2008-рэ илъэсым кIэухэу фэхъугъагъэмкIэ Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет, чIыпIэ бюджетхэм, джащ фэдэу шIокI зимыIэ медицинэ страхованиемкIэ Адыгэ республикэ фондым ибюджет ахалъхьажьын фэе мылъкоу къыхагъэщыгъагъэм щыщэу ахалъхьажьыгъагъэр процент 64,7-рэ хъущтыгъэмэ, унашъоу афагъэнэфагъэхэр гъэцэкIэжьыгъэнхэм Палатэм нахь пхъашэу Iоф зэрэдишIагъэм ишIуагъэкIэ, отчет пIалъэм бюджетхэм мылъкоу ахалъхьажьыгъэр ахагъэхьажьын фэягъэм **ипроцент 70-м нэсыгъ.**

Палатэм зэхищэгъэ уплъэкIун Iофыгъо пэпчъ хэукъоныгъэу къыщыхигъэщыгъэхэм, кIуачIэ зиIэ законодательствэр аукъозэ мылъкоу агъэфедагъэм яхьылIэгъэ отчетхэр зэхэугуфыкIыгъэу гъэпсыгъэхэу Палатэм къыдигъэкIырэ бюллетеным къыщыхеутых.

**1. Муниципальнэ образованиеу «Тэхъутэмыкъое районым» ибюджет мылъку 2007 — 2008-рэ илъэсхэм агъэзекIо зэхъум мыщ къыкIэлъыкIорэ лъэныкъохэмкIэ бюджет законодательствэм ишапхъэхэр зэрагъэцэжьыгъэхэм иуплъэкIун къыгъэлъэгъуагъэхэр:**

**— гухэлъ гъэнэфагъэм телъытэгъэ бюджет фондымкIэ къикIыхэзэ Тэхъутэмыкъое районым ичIыпIэ бюджет имылъку зэхэгъэуцогъэным ыкIи гъэфедэгъэным хэбзэ лъапсэу иIагъэр;**

**— кIэлэцIыкIухэм ягъэшхэн муниципальнэ образованиехэм мылъкоу ащыпэIуагъэхьагъэр зэрагъэфедэгъэ шIыкIэр;**

**— псауныгъэр къэухъумэгъэным, гъэсэныгъэм, кIэлэцIыкIу ибэхэм зычIэсыщт унэхэр ягъэгъотыгъэнхэм алъэныкъокIэ мылъкур зэрагъэфедагъэр;**

**— муниципальнэ фэныкъоныгъэхэм апае товархэр къаIэкIагъэхьанхэм, IофшIэнхэр, фэIофашIэхэр афагъэцэкIэнхэм пае заказхэр зэраратыщтыгъэхэм хэбзэ лъапсэу иIагъэр.**

Муниципальнэ образованиеу «Бжыхьэкъоежъ къоджэ псэупIэм» 2007 — 2008-рэ илъэсхэм бюджет мылъкур зэрэщагъэфедэгъагъэм хэбзэ лъапсэу иIагъэр уплъэкIугъэныр.

УплъэкIунхэм къызэрагъэлъэгъуагъэмкIэ, шапхъэхэр аукъохэзэ зэкIэмкIи **сомэ миллион 59-рэ мин 271,0-рэ** агъэфедагъэу къыхагъэщыгъ. Ащ щыщэу Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 289-рэ статья тегъэпсыкIыгъэу, джащ фэдэу муниципальнэ образованиеу «Тэхъутэмыкъое районым» инароднэ депутатхэм я Совет 2007-рэ илъэсым мэлылъфэгъум и 6-м номерэу 2/3-10 зытетэу ышIыгъэ унашъоу «Муниципальнэ образованиеу «Тэхъутэмыкъое районым» 2007-рэ илъэсымкIэ ибюджет ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 35-рэ пункт иположениехэм ыкIи муниципальнэ образованиеу «Тэхъутэмыкъое районым» инароднэ депутатхэм я Совет номерэу 66-р зытетэу ышIыгъэ унашъоу «Муниципальнэ образованиеу

# Адыгэ Республикэм и УплъэкIу-лъытэкIо палатэ 2009-рэ илъэсым Iоф зэришIагъэм ыкIи уплъэкIу Iофыгъохэу зэрихьагъэхэм кIэухэу афэхъугъэм яхьылIэгъэ ИЛЪЭС ОТЧЕТ

«Тэхъутэмыкъое районым» 2008-рэ илъэсымкIэ ибюджет ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 32-рэ пункт атегъэпсыкIыгъэу чIыпIэ бюджетым **сомэ миллиони 9-рэ мин 685,9-рэ** хэлъхьажьыгъэн фае. Ащ щыщэу **сомэ миллиони 6-рэ мин 733,6-рэ** зытемылъытэгъэ Iофыгъохэм апэIуагъэхьагъ, хэбзэнчъэ хьарджэу ашIыгъэр **сомэ миллиони 2-рэ мин 952,3-рэ.**

**ЗэкIэмкIи зытемылъытэгъэ Iофыгъохэм районым мылъкоу ащыпэIуагъэхьагъэр (сомэ миллиони 6-рэ мин 733,6-р) мырэущтэу зэIукIагъэ:**

— **сомэ мин 18,1-р** псауныгъэр къэухъумэгъэным иотраслэ зытемылъытэгъэ Iофыгъохэм щапэIуагъэхьагъ;

— **сомэ мин 282,5-р** гъэсэныгъэм иотраслэ зытемылъытэгъэ Iофыгъохэм щапэIуагъэхьагъ;

— **сомэ миллиони 6-рэ мин 433,0-р** Бжыхьэкъоежъ къоджэ псэупIэм зытемылъытэгъэ Iофыгъохэм щапэIуагъэхьагъ ыкIи ащ щыщэу:

— **сомэ мин 45,0-р** псэупIэм иадминистрацие иаппарат Iыгъыгъэным пэIуагъэхьащтэу муниципальнэ образованием ибюджет ыгъэнафэщтыгъэмэ, Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 70-рэ, ия 86-рэ статьяхэр аукъохэзэ, спортым епхыгъэ Iофыгъохэр зэхэщэгъэнхэм пэIуагъэхьагъ;

— **сомэ мин 25,0-р** Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 70-рэ статья аукъозэ Бжыхьэкъоежъ къоджэ псэупIэм иадминистрацие IофшIэнымкIэ зэфыщытыкIэ къыдызимыIэ цIыфым отчет къытыным тегъэпсыкIыгъэу фыратыкIыгъ ыкIи псэупIэм иадминистрацие IыгъыгъэнымкIэ бюджет пшъэрылъхэр гъэцэкIэжьыгъэнхэм емыпхыгъэ гухэлъхэм атегъэпсыкIыгъэу учреждением финанс кIэухэу ышIыгъэхэм ахагъахьэзэ хатхыкIыжьыгъ;

— **сомэ мини 3,5-р** Урысые Федерацием и Гражданскэ кодекс ия 702-рэ статья, Урысые Федерацием финансхэмкIэ и Министерствэ 2006-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 8-м номерэу 168н зытетэу къыдигъэкIыгъэ унашъоу «Урысые Федерацием ибюджет классификацие рылэжьэгъэным ишIыкIэ епхыгъэ унашъохэр ухэсыгъэнхэм ехьылIагъ» зыфиIорэр аукъохэзэ, физическэ лицэм сплит-системэр зэрафигъэуцугъэм пае чIыпIэ бюджетым къыхахыгъэ лэжьапкIэу ратыгъэр къэралыгъо гъэIорышIэным исектор епхыгъэ операциехэмкIэ классификациеу 340-м «Материальнэ запасхэм ауасэ зэрэхэхъуагъэр» зыфиIорэм хагъэхьагъ;

— **сомэ миллиони 5-рэ мин 661,5-р** Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 70-рэ, ия 85-рэ, ия 162-рэ статьяхэр, Бжыхьэкъоежъ къоджэ псэупIэм иадминистрацие и Устав ия 27-рэ статья аукъохэзэ, бюджетхэм хьарджэхэмкIэ яклассификацие иедзыгъоу 0104-р «ЧIыпIэ администрацием Iоф ышIэн ылъэкIынэу гъэпсыгъэныр» зыфиIорэм пэIухьащт мылъкоу чIыпIэ бюджетым ыгъэнафэрэм къыхахыгъэр Бжыхьэкъоежъ общеобразовательнэ еджапIэу кIэлэеджэкIо 360-м телъытагъэм спортивнэ зал щыгъэпсыгъэным ехьылIэгъэ IофшIэнхэм ауасэ тыгъэным пэIуагъэхьагъ. Муниципальнэ образованиеу «Тэхъутэмыкъое районым» мылъкумкIэ иреестрэ а мылъкур зэрэхэхьащтыгъэм ыпкъ къикIэу, Бжыхьэкъоежъ псэупIэм спортзал щыгъэпсыгъэным ехьылIэгъэ хьарджэм мылъку апэIугъэхьэгъэныр а муниципальнэ образованием хьарджэхэмкIэ ипшъэрылъхэм ащыщэп;

— **сомэ мин 262,5-р** Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 70-рэ статья ыкIи Урысые Федерацием финансхэмкIэ и Министерствэ 2007-рэ илъэсым шышъхьэIум и 24-м номерэу 74н зытетэу къыдигъэкIыгъэ приказэу «Урысые Федерацием ибюджет классификацие гъэфедэгъэным ишIыкIэхэмкIэ унашъохэр ухэсыгъэнхэм ехьылIагъ» зыфиIорэр аукъохэзэ, Бжыхьэкъоежъ къоджэ псэупIэм ибюджет псэупIэм иадминистрацие Iыгъыгъэным телъытэгъэ мылъкоу ыгъэнафэрэм щыщ а ахъщэр къуаджэу Бжыхьэкъоежъым дэт къэхалъэр Iыгъыгъэным пэIуагъэхьагъ;

— **сомэ мин 320,7-р** Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 162-рэ статья, Урысые Федерацием финансхэмкIэ и Министерствэ 2007-рэ илъэсым шышъхьэIум и 24-м номерэу 74н зытетэу къыдигъэкIыгъэ приказэу «Урысые Федерацием ибюджет классификацие гъэфедэгъэным ишIыкIэхэм афэгъэхьыгъэ унашъохэр ухэсыгъэнхэм ехьылIагъ» зыфиIорэр ыукъохэзэ, Бжыхьэкъоежъ къоджэ псэупIэм къэралыгъо гъэIорышIэнымкIэ секторым операциехэмкIэ иклассификацие телъытэгъэ мылъкур нэмыкI классификациемкIэ къыгъэлъэгъуагъ ыкIи ащ ыпкъ къикIэу къэралыгъо гъэIорышIэным исектор классификациехэмкIэ иоперацие тетэу къаIэкIэхьэгъэ мылъкум нахьыб хьарджхэм апэIуагъэхьагъэу къагъэлъэгъуагъэр;

— **сомэ мини 114,8-р** Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 162-рэ статья, 1996-рэ илъэсым шэкIогъум и 21-м номерэу 129-ФЗ зытетэу къыдэкIыгъэ Федеральнэ законэу «Бухгалтер учетым ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 9-рэ статья, Урысые Федерацием финансхэмкIэ и Министерствэ 2006-рэ илъэсым мэзаем и 10-м номерэу 25н зытетэу къыдигъэкIыгъэ приказэу «Бюджет учетым ехьылIэгъэ Инструкциер ухэсыгъэным фэгъэхьыгъ» зыфиIорэм ия 12-рэ пункт аукъохэзэ, а мылъкум епхыгъэ правэзэфыщытыкIэхэр зыгъэнэфэрэ документхэр щымыIэхэу административнэ унэр гъэцэкIэжьыгъэным а бюджет мылъкур пэIуагъэхьагъ.

— **ЗэкIэмкIи хэбзэнчъэу ышIыгъэ хьарджэу (сомэ миллиони 2-рэ мин 952,3-у)** МО-у «Тэхъутэмыкъое районым» инароднэ депутатхэм я Совет 2007-рэ илъэсым мэлылъфэгъум и 6-м номерэу 2/3-10 зытетэу ышIыгъэ унашъоу «Тэхъутэмыкъое районым 2007-рэ илъэсымкIэ ибюджет ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 35-рэ пункт иположениехэм ыкIи МО-у «Тэхъутэмыкъое районым» инароднэ депутатхэм я Совет 2008-рэ илъэсым мэзаем и 26-м номерэу 66-рэ зытетэу ышIыгъэ унашъоу «Муниципальнэ образованиеу «Тэхъутэмыкъое районым» 2008-рэ илъэсымкIэ ибюджет ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 32-рэ пункт атегъэпсыкIыгъэу муниципальнэ образованием ибюджет халъхьажьын фаер **мырэущтэу зэхэлъ хъугъэ:**

— **сомэ мин 61,7-р** лимитхэм агъэнэфэрэ шапхъэхэм ашIокIырэ мылъкоу кассэ хьарджхэм къагъэлъэгъуагъ;

— **сомэ мин 33,1-р** ахъщэ тынэу ашIыгъэхэм зэрарэу къатыгъэр къигъэкъужьыгъэным пае къаIахыжьыгъэ мылъку, ау муниципальнэ образованием ибюджет халъхьажьыгъэп;

— **сомэ мин 82,9-р** Урысые Федерацием и Правительствэ 2002-рэ илъэсым шэкIогъум и 29-м номерэу 849-р зытетэу ышIыгъэ унашъоу «ЛэжьакIохэу псауныгъэм зэрар къыфэзыхьырэ IофшIэн зыгъэцакIэхэрэм щэ ыкIи ащ ехьщыр гъомылапхъэхэр, джащ фэдэу Iэзэгъу-профилактикэ мэхьанэ зиIэ гъомылапхъэхэр ыпкIэ хэмылъэу ятыгъэнхэм нормэу ыкIи шапхъэу пылъхэр зэраухэсыхэрэ шIыкIэм ехьылIагъ» зыфиIорэр, джащ фэдэу Урысые Федерацием и Правительствэ 2008-рэ илъэсым шэкIогъум и 29-м ышIыгъэ унашъоу «Iэзэгъу-профилактикэ мэхьанэ зиIэ гъомылапхъэхэр, щэр е ащ ехьщыр нэмыкI гъомылапхъэхэр ятыгъэнхэм шIыкIэу ыкIи шапхъэу пылъхэр ыкIи щэм е ащ ехьщыр нэмыкI гъомылапхъэхэм ауасэхэм афэдиз ахъщэ ятыгъэным нормэу ыкIи шапхъэу пылъхэр зэраухэсыхэрэ шIыкIэм ехьылIагъ» зыфиIоу IофшIэпIэ чIыпIэм цIыфым ипсауныгъэ зэрарар къыфэзыхьыхэрэм чIыпIэ зэрэщыряIэр къэмыушыхьатыгъэу, ау ахэр къалъыIэсыхэ зыхъукIэ зэратыхэрэр аукъохэзэ хьарджэу ашIыгъэхэм къатыгъ;

— **сомэ миллиони 2-рэ мини 149,6-р** фитыныгъэ лъапсэ щымыIэу, Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 65-рэ статья, коллективнэ зэзэгъыныгъэр ыкIи Тэхъутэмыкъое МЦРБ-м икIоцI норматив актхэр аукъохэзэ, чIыпIэ бюджетым къыхэкIырэ мылъкумкIэ отпускым зыщыIэгъэхэ пIалъэм административнэ-управленческэ IофшIэнэм иIофшIэн къинэу пылъым пае ялэжьапкIэ тегъахъоу фашIыгъэм, шIухьафтынхэм хьарджэу къатыгъ;

— **сомэ мин 61,8-р** коллективнэ зэзэгъыныгъэм къыдимылъытэу ыкIи Тэхъутэмыкъое МЦРБ-м иIофышIэхэм лэжьапкIэр ятыгъэным и Положениехэм 2008-рэ ильэсым зэрагъэнафэщтыгъэм тегъэпсыкIыгъэу водительхэм яIофышIэу мафэ нормэхэм зэратемыгъэпсыкIыгъэм фэшI ялэжьапкIэ тегъахъоу фашIыгъэм пэIуагъэхьагъ;

Къэралыгъо ыкIи муниципальнэ фэныкъоныгъэхэм апае заказхэр ятыгъэнхэм ехьылIэгъэ Федеральнэ законодательствэр зэрагъэцэкIэжьырэр хэдзэ-хадзэу зауплъэкIум къызэригъэлъэгъуагъэмкIэ, МО-у «Тэхъутэмыкъое районым» ифэныкъоныгъэхэм апае товархэр къаIэкIагъэхьанхэм, IофшIэнхэр ыкIи фэIо-фашIэхэр ягъэгъэцэкIэгъэнхэм пае шапхъэхэр аукъохэзэ, **сомэ миллион 44-рэ мин 869,2-рэ** зыосэ муниципальнэ заказхэр аратыгъэхэу къычIэкIыгъ.

**2. Муниципальнэ образованиеу «Теуцожь районым» бюджет ахъщэмрэ муниципальнэ мылъкумрэ 2008-рэ илъэсым зэрэщагъэфедагъэхэм иуплъэкIун къыгъэлъэгъуагъэр**

УплъэкIунхэм къызэрагъэлъэгъуагъэмкIэ, пстэумкIи **сомэ миллион 84-рэ мини 192,2-рэ** шапхъэхэр аукъохэзэ агъэфедагъ. Ащ щыщэу Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 289-рэ статья ыкIи Теуцожь районым инароднэ депутатхэм я Совет 2007-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 12-м ышIыгъэ унашъоу «Муниципальнэ образованиеу «Теуцожь районым» 2008-рэ илъэсымкIэ ибюджет ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 32-рэ статья иа 1-рэ пункт атегъэпсыкIыгъэу чIыпIэ бюджетым **сомэ миллион 35-рэ мин 566,7-рэ** халъхьажьын фае. Ащ щыщэу зытемылъытэгъэ гухэлъхэм апэIуагъэхьагъэр **сомэ миллионрэ мини 8,4-рэ,** хэбзэнчъэ хьарджэу ашIыгъэхэр **сомэ миллион 33-рэ мин 958,3-рэ.**

**ЗэкIэмкIи зытемылъытэгъэ гухэлъхэм апэIуагъэхьэгъэ (сомэ миллионрэ мини 8,4-р) мылъкур мырэущтэу зэIукIагъэ:**

— **сомэ мин 323,1-р** нэмыкI организациехэм яавтомашинэхэм гъэстыныпхъэ-щыфэ материалхэр афигъэхъогъэнхэм пае муниципальнэ образованиеу «Теуцожь районым» иадминистрацие хьарджэу ышIыгъэхэм (сомэ мин 234,5-рэ) ыкIи материальнэ пшъэдэкIыжь зыхьырэ цIыфхэм зыфаратыгъэ Iофыгъохэм атемылъытагъэу ыкIи отчет къызэратыжьырэ ахъщэу аратыгъэм (сомэ мин 88,6-рэ) хьарджэу къатыгъ;

— **сомэ мин 143,2-р** 2008-рэ илъэс бюджетым ехьылIэгъэ унашъоу ашIыгъэм ия 26-рэ статья зэригъэнафэрэм тегъэпсыкIыгъэу бюджетхэм зэпэщэчыныгъэ тэрэз ахэлъхьэгъэным пае ПчыхьэлIыкъое къоджэ псэупIэм дотациеу ратыгъ ыкIи муниципальнэ образованиеу «Теуцожь районым» финансхэмкIэ ыухэсыгъэхэм ашIокIэу нэмыкI псэупIэхэм ябюджетхэм мылъкоу аратыгъэм къытыгъ;

— **сомэ мин 660,5-р** гъэсэныгъэмкIэ ГъэIорышIапIэм емыпхыгъэ автомашинэхэм бензинэу арагъэхъуагъэм пае (сомэ мин 72,4-рэ) хатхыкIыжьыгъ; сомэ мин 558,9-рэ хъурэ бюджет ахъщэу аратыгъэр зыфаратыгъэ Iофыгъохэм анэпэмыкIхэм апэIуагъэхьагъ; апшъэрэ еджапIэм ыуж гъэсэныгъэ ягъэгъотыгъэным сомэ мин 29,2-рэ пэIуагъэхьагъ, ар муниципальнэ Программэу «Теуцожь районым ипредприятиехэм ыкIи иорганизациехэм апае IэпэIэсэныгъэ зыхэль кадрэхэр гъэхьазырыгъэнхэр» зыфиIорэр гъэцэкIэжьыгъэным гухэлъэу ыгъэнафэхэрэм апэшIуекIо;

— **сомэ мин 53,2-р** муниципальнэ образованиеу «Теуцожь районым» культурэмкIэ ыкIи киномкIэ и ГъэIорышIапIэ иштат хэт IофышIэхэм лэжьапкIэр ятыгъэнымкIэ Положением къыдимылъытэрэ ахъщэ шIухьафтынхэр ятыгъэнхэм (сомэ мин 20,0-рэ), нэмыкI организациехэм ыкIи физическэ лицэхэм яавтомашинэхэм гъэстыныпхъэ-щыфэ материалхэр арыгъэхъогъэнхэм (сомэ мин 33,2-рэ) апэIуагъэхьагъэм къатыгъэ хьардж;

— **сомэ мини 178,4-рэ** Теуцожь район сымэджэщым иIофышIэхэм шIокI зимыIэ медицинэ страхованием и Фонд къыхэкIэу (сомэ мини 167,2-рэ) лэжьапкIэ ятыгъэным ычIыпIэкIэ чIыпIэ бюджетым къыхэкIыгъэ лэжьапкIэу аратыгъэм, ащ хэбзэIахьхэу хагъэкIыгъэхэм апэIухьагъ; мылъку шъхьаIэр гъэцэкIэжьыгъэным ехьылIэгъэ хьарджэу ашIыгъэхэр (сомэ мин 11,2-рэ) бюджет классификациемкIэ зытемылъытэгъэхэ кодым тегъэпсыкIыгъэу къагъэлъэгъуагъ;

— **сомэ мин 36,8-м** хэхьэх муниципальнэ образованиеу «Теуцожь районым» иадминистрацие ирезерв фонд къыхэкIыгъэ сомэ мини 5-у Федеральнэ казначействэм иIофышIэхэм афэгушIогъэным пэIухьагъэр, юстицием иучреждение телефони 2 чIэгъэуцогъэным лъатыгъэ сомэ мин 11,8-р, район общественнэ организациеу «Мамырныгъэм и Лигэ» сомэ мин 20 фатIупщыгъэр;

— **сомэ мин 99,4-кIэ** нахьыбэу апэIуагъэхьагъэу къагъэлъэгъуагъ къуаджэу Аскъэлае дэт псы къычIэщыпIэр капитальнэу гъэцэкIэжьыгъэным епхыгъэ IофшIэнхэм;

— **сомэ мини 113,8-у** отчет къызэратыжьын фэе ахъщэм щыщэу (сомэ мини 2,6-рэ) автомашинэхэм ахалъхьащт пкъыгъохэр къэщэфыгъэнхэм пае муниципальнэ образованиеу «Пэнэжьыкъое къоджэ псэупIэм» фатIупщыгъэр сотовэ телефоным ифэIо-фашIэхэм апэIуагъэхьагъ; бюджетым нэмыкI илъэгапIэкIэ аIыгъын фаеу щыт организацием икоммунальнэ фэIо-фашIэхэм ауасэ тыгъэным (сомэ мини 111,2-рэ) къоджэ псэупIэм иадминистрацие муниципальнэ бюджетым иахъщэ апэIуигъэхьагъ.

**ЗэкIэмкIи хэбзэнчъэ хьарджэу ашIыгъэхэр (сомэ миллион 33-рэ мин 958,3-рэ) мырэущтэу зэIукIагъэх:**

— **сомэ мин 951,1-м** щыщэу хьарджэу ашIыгъэхэр къэзыушыхьатырэ документхэр щымыIэхэу, Теуцожь районым инароднэ депутатхэм я Совет идепутатхэм мазэ къэс хьарджэу ашIыгъэхэм апае муниципальнэ образованиеу «Теуцожь районым» иадминистрацие ахъщэ (сомэ мини 184,0-рэ) аритыщтыгъ; Администрацием иIофышIэхэм илъэс къэс отпускым зыкIогъэ уж нахь пасэу IофышIэ къызэрэдащыхьыштыгъэхэм пае лэжьапкIэр икIэрыкIэу къафамылъытэжьэу сомэ мин 659,2-рэ пэIуагъэхьагъ; автотранспортыр агъэфедэ зыхъукIэ нормэхэр тэрэзэу амыгъэпсыхэу ыкIи первичнэ документхэр зэратхынхэ фаер аукъохэзэ агъэстыгъэ бензиныр (сомэ мин 77,9-рэ) хатхыкIыжьыщтыгъ; муниципальнэ Программэу «Теуцожь районым ипредприятиехэм ыкIи организациехэм апае IэпэIэсэныгъэ зыхэлъ кадрэхэр гъэхьазырыгъэнхэр» зыфиIорэм къыдимылъытэрэ Iофыгъохэм апэIуагъэхьагъэр сомэ мин 30;

# Адыгэ Республикэм и УплъэкIу-лъытэкIо палатэ 2009-рэ илъэсым Iоф зэришIагъэм ыкIи уплъэкIу Iофыгъохэу зэрихьагъэхэм кIэухэу афэхъугъэм яхьылIэгъэ ИЛЪЭС ОТЧЕТ

— **сомэ миллионрэ мин 327,8-м** щыщэу муниципальнэ образованиеу «Теуцожь районым» финансхэмкIэ и ГъэIорышIапIэ экономикэ телъхьапIэ зиIэ тарифхэмрэ унагъохэм пае агъэфедэрэ тарифхэмрэ зэрэзэтекIыхэрэр ятыжьыгъэным пае ахъщэу къалъытагъэм шIокIызэ ыкIи чIыпIэ зыгъэIорышIэжьыным фитыныгъэу иIэхэм къаригъэхъузэ аритыгъэр сомэ миллионрэ мин 211,9-рэ; мыщ фэдэ тынхэр ышIыгъэх:гъэIорышIапIэм иотдел ипащэ иIофшIэн хэушъхьафыкIыгъэ нэшанэхэр зэриIэхэм пае илэжьапкIэ зэкIэмкIи сомэ мин 19,1-рэ фыхагъэхъуагъ; муниципальнэ къулыкъушIэхэм ахъщэ шIухьафтынхэр ятыгъэнхэм ехьылIэгъэ Положением къыдимылъытэу, финансхэмкIэ ГъэIорышIапIэм ахъщэ шIухьафтынхэм апае ыгъэфедагъэр зэкIэмкIи сомэ мин 49,7-рэ; къулыкъум епхыгъэ автомашинэм иводитель фитыныгъэ лъапсэ ямыIэу лэжьапкIэмкIэ окладыр (сомэ мин 38,7-рэ) фагъэуцугъ; зыгъэпсэфыгъо мафэхэм ыкIи водителыр отпуск зыщыIэгъэ пIалъэм атегъэпсыкIыгъэу къулыкъу автомашинэм ыгъэстыгъэ бензиным пае сомэ мини 8,4-рэ хатхыкIыжьыгъ;

— **сомэ миллиони 10-рэ мин 341,2-р** мэкъумэщ чIыфэт потребительскэ кооперативхэм финанс IэпыIэгъу ятыгъэным пае специальнэ фонд зэхэщэгъэным фэшI субсидиеу ыкIи къызэкIагъэкIожьынэу щымытэу чIыпIэ бюджетым къыхихызэ мэкъу-мэщымкIэ ГъэIорышIапIэм хъарджхэм апэIуигъэхьагъ;

— **сомэ миллиони 2-рэ мини 169,2-р** муниципальнэ образованиеу «Теуцожь районым» гъэсэныгъэмкIэ и ГъэIорышIапIэ хэбзэнчъэу ыгъэфедагъэу къыхагъэщыгъ:хэбзэIахьхэу хагъэкIыгъэхэр зэрэдыхэтхэу лэжьапкIэр къафэлъытэгъэнымкIэ сомэ мин 375,5-рэ хъурэ хэукъоныгъэхэр ашIыгъэх; хъарджэу ашIыгъэр зыфэдизыр къэмыушыхьатыгъэу, коммунальнэ фэIо-фашIэхэм ауасэхэм сомэ миллионрэ мин 575,7-рэ апэIуагъэхьагъ; къызэраушыхьатыжьырэ документхэр щымыIэхэу сомэ мин 218,0-рэ аосэ материальнэ пкъыгъохэр хатхыкIыжьыгъэх;

— **сомэ мини 2,1-р** МО-у «Теуцожь районым» культурэмкIэ ыкIи киномкIэ и ГъэIорышIапIэ къызэраушыхьатыжьырэ документхэр щымыIэхэу командировкэ зэрэкIуагъэхэм епхыгъэ хъарджхэм апае IофышIэхэм аритыжьыгъ;

— **сомэ мин 43,2-р** муниципальнэ учреждениеу «Теуцожь гупчэ сымэджэщым» щылажьэхэрэм яIофшIэн къинэу ыкIи ефыжьэгъэ нэшанэу апылъым пае хэбзэнчъэу лэжьапкIэм (сомэ мин 16,1-рэ) зэрэпэIуагъэхьагъэм, гъэстыныпхъэм шапхъэу иIэхэр гъэиныгъащэу атхыхэзэ сомэ мин 27,1-рэ зэрэпэIуагъэхьагъэм къатыгъ;

— **сомэ мин 250,0-р** мырэущтэу зэхэлъ: МО-у «Теуцожь районым» иадминистрацие ирезерв фонд къыхахызэ конкурс шIыкIэм тетэу ащэн фэегъэ мылъкум щыщэу амыщагъэм пае конкурс гъэIорышIакIом компенсациеу сомэ мини 100 ратыгъ; унэхэм ябысымхэм ятовариществэ ыкIи унэ-коммунальнэ комплексымкIэ ежь-ежьырэу зызыгъэIорышIэжьырэ унэе организацие зэхэщэгъэнхэм пае фэIо-фашIэхэм яхьылIэгъэ зэзэгъыныгъэу адашIыгъэм тегъэпсыкIыгъэу сомэ мини 150-рэ аратыгъ;

— **сомэ мин 69,1-р** МО-у «Теуцожь районым» иадминистрацие икассэ ахъщэр зыратыгъэр кIэмытхэжьыгъэу платежнэ ведомостымкIэ ахъщэр IэрылъхьэуIэ щаратыщтыгъ;

— **сомэ миллиони 10-рэ мин 476,6-р** МО-у «Теуцожь районым» ЖКХ-мкIэ иучреждение ибюджет учет хэмыт псыкъычIэщ объектхэр Iыгъыгъэнхэм пэIуагъэхьагъ;

— **сомэ миллиони 8-рэ мин 328,0-р** нормативэу аухэсыгъэхэм ашIокIэу муниципальнэ хабзэм иорганхэу зэхащагъэхэм яIыгъын пэIуагъэхьагъ.

**3. Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет имылъкоу ыкIи шIокI зимыIэ медицинэ страхованиемкIэ Адыгэ республикэ фондым имылъкоу 2008-рэ илъэсым Къэралыгъо учреждениеу Адыгэ республикэ клиническэ сымэджэщым фатIупщыгъэр шIуагъэ къытэу зытелъытагъэхэм зэрапэIуагъэхьагъэхэм иуплъэкIун къыгъэлъэгъуагъэхэр**

УплъэкIунхэм къагъэлъэгъуагъ шапхъэхэр аукъохэзэ зэкIэмкIи **сомэ миллион 68-рэ мин 208,1-рэ** агъэфедагъэу. Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 289-рэ статья ыкIи Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм ибюджет IофшIэн ехьылIагъ» зыфиIоу номерэу 161-р зытетэу 2008-рэ илъэсым мэлылъфэгъум и 7-м аштагъэм ия 26-рэ статья атегъэпсыкIыгъэу ащ щыщэу Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет ыкIи шIокI зимыIэ медицинэ страхованиемкIэ Адыгэ республикэ фондым ибюджет сомэ миллиони 5-рэ мин 412,9-рэ ахалъхьажьын фае. А сомэ пчъагъэм щыщэу зыпэIуагъэхьан фэе гухэлъхэм атемылъытагъэу агъэфедагъэр **сомэ миллионрэ мин 12-рэ,** хэбзэнчъэ хъарджхэр **сомэ миллиони 4-рэ мин 400,9-рэ** мэхъух.

**Учреждением зэкIэмкIи зытемылъытэгъэ Iофыгъохэм апэIуигъэхьагъэр (сомэ миллионрэ мин 12-р) мырэущтэу зэIукIагъ:**

— **сомэ мини 4,3-р** мыхэм апэIухьагъ: Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет къыхэкIырэ хъарджхэр (сомэ мини 2,2-р) коллективнэ зэзэгъыныгъэм къыдимылъытэу ыкIи 2008-рэ илъэсым лэжьапкIэр ятыгъэным и Положение ыгъэнафэщтыгъэ интернхэм пэщэныгъэ зэрадызэрахьэрэм пае лэжьапкIэмкIэ экономическэ классификацием иподстатьяу 211-м «ЛэжьапкIэр ятыгъэныр» зыфиIорэм тетэу къагъэлъэгъуагъ. Ар зэратхын фэягъэр я 290-рэ статьяу «НэмыкI хъарджхэр» зыфиIорэр ары; лэжьапкIэмкIэ фондым техъогъэ хэбзэIахьыр сомэ мин 0,6-рэ; сабыим пае мазэ къэс аратырэ ахъщэ IэпыIэгъум пэIухьэгъэ сомэ мин 1,5-р я 212-рэ подстатьяу «НэмыкI хъарджхэр» зыфиIорэм хатхэн фэягъэмэ, подстатьяу 211-м «ЛэжьапкIэр ятыгъэныр» зыфиIорэм тетэу атхыгъ;

— **сомэ миллионрэ мини 7,7-р** — шIокI зимыIэ медицинэ страхованиемкIэ Адыгэ республикэ фондым имылъку къыхэкIыгъэу хъарджхэм апэIуагъэхьагъ ( сомэ мин 51,9-р) коллективнэ зэзэгъыныгъэм къыдимылъытэу ыкIи 2008-рэ илъэсым лэжьапкIэр ятыгъэным и Положениеу щыIагъэм тетэу интернхэм пэщэныгъэ адызехьэгъэнымкIэ лэжьапкIэм хагъэхъожьыгъэм пэIухьагъ; сомэ мин 744,7-у Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет къыхэкIыгъэу хъарджхэм апэIуагъэхьанэу щытыгъэр ыкIи ОМС-м и ЧIыпIэ программэ хамыгъэуцуагъэр гемодиализым икъутамэ иIофышIэхэм — врач-психотерапевтым ыкIи врач-психотерапевтым игъусэ медсестрам 2008-рэ илъэсым тыгъэгъазэм лэжьапкIэу аратыгъэм ыкIи ащ техъогъэ хэбзэIахьхэм апэIуагъэхьагъ;

— сабыим пае мазэ къэс аратырэ ахъщэ IэпыIэгъум пэIухьагъэр я 212-рэ подстатьяу «НэмыкI тынхэр» зыфиIорэм хагъэхьан фэягъэмэ, я 211-рэ подстатьяу «ЛэжьапкIэр ятыгъэныр» зыфиIорэм хэтэу къагъэлъэгъуагъ; сомэ мини 164,2-р — ежьхэм яшIоигъоныгъэ телъытэгъэ медицинэ страхованием тегъэпсыкIыгъэу медицинэ IэпыIэгъум ыуасэ тыгъэным (гъомылэпхъэ продуктхэр къэщэфыгъэнхэм) пэIухьагъ.

**Учреждением зэкIэмкIи хэбзэнчъэ хъарджэу ышIыгъэхэр (сомэ миллиони 4-рэ мин 400,9-р) мырэущтэу зэхэхъуагъэх:**

— **сомэ миллиони 3-рэ мин 471,0-у** Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет къыхэкIыгъэу хэбзэнчъэу агъэфедагъэр коллективнэ зэзэгъыныгъэм къыдимылъытэу ыкIи лэжьапкIэр ятыгъэным ехьылIэгъэ Положениехэу КъУ АРКБ-м 2008-рэ илъэсым щагъэфедэщтыгъэхэм атегъэпсыкIыгъэу лэжьапкIэм пэIуагъэхьагъ;

— **сомэ мин 909,4-р** — лэжьапкIэм ифонд иныщэу зэрагъэпсыгъэм ыкIи Урысые Федерацием IофшIэнымкIэ и Кодекс аукъозэ IофшIэнхэм зэрахэхъуагъэм пае лэжьапкIэм Iахь тедзэу фашIыгъэм хэбзэIахьэу техъуагъ;

— **сомэ мин 20,5-р** — Урысые Федерацием и Правительствэ 2008-рэ илъэсым гъэтхапэм и 13-м номерэу 168-р зытетэу ышIыгъэ унашъоу «Iэзэгъу-профилактическэ гъомылапхъэхэр, щэр е ащ ехьщыр нэмыкI гъомылапхъэхэр ятыгъэнхэм ишапхъэхэр ыкIи шIыкIэу пылъхэр зэрагъэунэфыхэрэ шIыкIэм ыкIи щэм ыкIи ащ ехьщыр гъомылапхъэхэм ауасэ фэдиз хъоу компенсационнэ тынхэр ятыгъэнхэм ехьылIагъ» зыфиIорэм ишапхъэхэр аукъохэзэ, цIыфым ипсауныгъэ зиягъэ къекIырэ лъэныкъохэр IофшIэпIэ чIыпIэм зэримыIэхэр къэмыушыхьатыгъэу, ау ахэр щыIэхэ зыхъукIэ профилактикэ гухэлъым пае игъо алъэгъурэ щэр е ащ ехьщыр продуктхэр ятыгъэнхэ зэрэфаем епхыгъэ хъарджхэм апэIуагъэхьагъ.

**Бюджет законодательствэр зэраукъогъэ сомэ миллион 62-рэ мин 795,2-м щыщэу бюджетым хагъэхьажьынэу щымытхэр:**

— **сомэ миллион 19-рэ мини 112,6-рэ** нефрологиемкIэ лицензие ямыIэу Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет къыхэкIыгъэ мылъкур пэIуагъахьэзэ зижъэжъыехэм Iоф амышIэжьырэ сымаджэхэм гемодиализ аппарат шIыкIэм тетэу медицинэ фэIо-фашIэхэр зэрафагъэцэкIагъэхэм зэрарэу аригъэшIыгъ. А зекIуакIэмкIэ Урысые Федерацием и Гражданскэ кодекс ия 49-рэ статья ыкIи Урысые Федерацием и Правительствэ 2007-рэ илъэсым щылэ мазэм и 22-м номерэу 30 зытетэу ышIыгъэ унашъоу «Медицинэ IофшIэным лицензие пылъхьагъэм и Положение ухэсыгъэным фэгъэхьыгъ» зыфиIорэм ыгъэнэфэрэ шапхъэхэр аукъуагъэх;

— **сомэ миллиони 3-рэ мин 28,4-р** — лэжьапкIэмкIэ фондыр иныщэу зэрагъэпсыгъэм ыпкъ къикIэу, шIокI зимыIэ медицинэ страхованиемкIэ Адыгэ республикэ фондым имылъкоу хэбзэнчъэу агъэфедагъэм техъогъэ хэбзэIахьхэр ары;

— **сомэ миллион 27-рэ мин 469,0-р** — социальнэ хэбзэIахь зыкIэу атыгъэр зэрэдыхэтэу, лэжьапкIэмкIэ планым тегъэпсыкIыгъэ фондыр гъэиныгъащэу агъэпсыгъ шIокI зимыIэ медицинэ страхованиемкIэ Адыгэ республикэ фондым къыхэкIырэ мылъкумкIэ медицинэ фэIо-фашIэхэу афагъэцакIэхэрэм ятарифхэу аухэсыгъэхэм ахагъахьэзэ;

— **сомэ мин 910,8-р** — бэджэндэу зыштагъэм уасэр къытыжьыныр игъо фамылъэгъоу, Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет къыхэкIыгъэ мылъкоу сомэ мин 25,2-рэ коммунальнэ фэIо-фашIэхэм апэIуагъэхьагъ, ыпкIэ зылъатырэ медицинэ фэIо-фашIэхэм къатыгъэ федэм щыщ мылъку пэIуагъэхьан фэягъэми, республикэ бюджетым имылъкоу сомэ мин 885,6-рэ компьютернэ томографым ищыкIэгъэ техническэ фэIо-фашIэхэр зэрарагъэцэкIагъэм пэIуагъэхьагъ.

**4. Къалэу Мыекъуапэ Лениным ыцIэ зыхьырэ площадэу иIэр ыкIи ащ иIэгъо-блэгъухэр гъэкIэжьыгъэнхэм епхыгъэ IофшIэнхэм муниципальнэ образованиеу «Къалэу Мыекъуапэ» ибюджет мылъкоу апэIуагъэхьагъэр шIуагъэ къырагъэтзэ зытелъытэгъэ гухэлъхэм зэрафагъэлэжьагъэм иуплъэкIун къыгъэлъэгъуагъэхэр**

УплъэкIунхэм къызэрагъэлъэгъуагъэмкIэ, зэкIэмкIи **сомэ миллион 31-рэ мин 28,1-рэ** шапхъэхэр аукъохэзэ агъэфедагъ. Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 289-рэ статья зэригъэнафэрэм тегъэпсыкIыгъэу, а мылъкум щыщэу зытелъытэгъэ гухэлъхэм адимыштэу агъэфедэгъэ **сомэ миллион 19-рэ мини 176,6-р** чIыпIэ бюджетым хэлъхьажьыгъэн фае, ащ щыщэу:

— **сомэ миллиони и 3-рэ мин 413,4-р** фонтаныр гъэуцугъэным, зэтегъэпсыхьагъэным ыкIи технологическэ оборудованиер тIупщыгъэным ехьылIэгъэ IофшIэнхэр ыгъэцэкIагъэхэу подрядчикым тIогъогогъу къызэригъэлъэгъуагъэм ыкIи заказчикым уасэр зэритыгъэм (сомэ миллиони 2-рэ мин 343,2-рэ ), проект-сметэ тхылъхэм агъэнэфэрэ IофшIэнхэу амыгъэцэкIагъэхэм (сомэ миллионрэ мин 70,2-рэ) Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 162-рэ статья аукъозэ апэIуагъэхьагъ;

— номерэу 94-ФЗ зытет Федеральнэ законэу «Къэралыгъо ыкIи муниципальнэ фэныкъоныгъэхэм апае товархэр къаIэкIагъэхьанхэм, IофшIэнхэр ыкIи фэIо-фашIэхэр афызэшIуахынхэм апае заказхэр зэраратыхэрэм ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 9-рэ статья ия 6.1-рэ Iахь, ия 38-рэ статья яположениехэр ыукъохэзэ, муниципальнэ учреждениеу «Къалэу Мыекъуапэ» и УКС 2008-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 22-м объектэу «Къалэу Мыекъуапэ иплощадэу Лениным ыцIэ зыхьырэр ыкIи ащ иIэгъо-блэгъухэр гъэкIэжьыгъэнхэр» зыфиIорэм пусконаладочнэ IофшIэнхэр щыгъэцэкIэгъэнхэм ехьылIэгъэ контрактэу номерэу 34-рэ зытетыр ыкIи **сомэ мин 37,6-м** телъытагъэр ООО-у «Адыгэлектромонтаж» зыфиIорэм дишIыгъ. ЗэIухыгъэ аукционым а организацием текIоныгъэр къызэрэщыдимыхыгъэм имызакъоу, хэлэжьэгъагъэп;

— формэу КС-2-м зэдыкIатхэхэзэ шапхъэхэм атегъэпсыкIыгъэу IофшIэнэу зэшIуахыгъэхэр бгъуитIуми къаушыхьатыгъэх нахь мышIэми, объектэу «Къалэу Мыекъуапэ иплощадэу Лениным ыцIэ зыхьырэр ыкIи ащ иIэгъо-блэгъухэр гъэкIэжьыгъэнхэр» зыфиIорэм щагъэцэкIагъэхэр къэшыгъэнхэм ыкIи къэлъытэгъэнхэм зыфежьэхэм нафэ къызэрэхъугъэмкIэ, IофшIэнэу объектым щагъэцэкIагъэхэр **сомэ миллион 11-рэ мин 952-кIэ** нахьыбэу тхылъхэм къащагъэлъэгъуагъэу къычIэкIыгъ, Урысые Федерацием и Гражданскэ кодекс истатьяхэу 740-рэ, 743-рэ аукъуагъэх. Ащ ыпкъ къикIэу муниципальнэ образованиеу «Къалэу Мыекъуапэ» ибюджет мылъкоу **сомэ миллион 11-рэ мин 959,2-р** зытемылъытэгъэ Iофыгъохэм апэIуагъэхьагъ;

— Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 162-рэ статья аукъозэ, IофшIэнхэр зэрагъэцэкIагъэхэм ехьылIэгъэ актхэу ( КС-2-м) подрядчикым къарихылIагъэхэм ауасэ заказчикым ытыгъ, телъхьапIэ ямыIэу бюджет мылъкоу **сомэ миллиони 3-рэ мин 766,4-рэ** агъэфедагъ.

**5. Квартирабэу зэхэт унэхэр къалэу Мыекъуапэ капитальнэу щыгъэцэкIэжьыгъэнхэм ехьылIэгъэ Республикэ программэм пае Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет имылъкоу 2008-рэ илъэсым афатIупщыгъэр шIуагъэ къытэу ыкIи зытелъытагъэхэм апэIуагъахьэзэ зэрагъэфедагъэм иуплъэкIун къыгъэлъэгъуагъэхэр**

УплъэкIунхэм къызэрагъэлъэгъуагъэмкIэ, шапхъэхэр аукъохэзэ зэкIэмкIи **сомэ миллион 11-рэ мин 366,0-рэ** агъэфедагъ. Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 289-рэ статья зэригъэнафэрэмкIэ, а ахъщэм щыщэу **сомэ мини 191,8-р** Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет хэлъхьажьыгъэн фае, сыда

# Адыгэ Республикэм и УплъэкIу-лъытэкIо палатэ 2009-рэ илъэсым Iоф зэришIагъэм ыкIи уплъэкIу Iофыгъохэу зэрихьагъэхэм кIэухэу афэхъугъэм яхьылIэгъэ ИЛЪЭС ОТЧЕТ

пIомэ Республикэ адреснэ программэу муниципальнэ образованиеу «Къалэу Мыекъуапэ» квартирабэу зэхэт унэхэр капитальнэу щыгъэцэкIэжьыгъэнхэр» зыфиIорэм игуадзэу N 1-м къыдимылъытэрэ гухэлъхэм мылъкур апэIуагъэхьагъ. Унэр (урамэу К. Маркс ыцIэ зыхьырэм тет, N 8) капитальнэу гъэцэкIэжьыгъэным ехьылIэгъэ IофшIэнэу зэшIуахыгъэхэр къызэрагъэлъэгъохэрэ актэу формэу КС-2-м тетэу ООО-у «ГъэIорышIэкIо компаниеу ЖЭУ N2-м» къытыгъэм хэбзэнчъэу хигъэуцуагъ унэ кIоцIхэм къызэрагъэфэбэрэ ыкIи санитарнэ приборхэу арытхэр зэблэхъугъэнхэу. Ахэр зэкIэ унэм чIэсхэм зэдырямылъкоу, зэдыряе инженернэ сетьхэу щытхэпышъ, а IофшIэныр унэхэм ябысымхэм ямылъкукIэ агъэцэкIэн фэягъ.

Ащ нэмыкIэу, къэралыгъо корпорациеу — унэ-коммунальнэ хъызмэтым щыкIорэ реформэхэм IэпыIэгъу ятыгъэнымкIэ Фондым идиректор 2008-рэ илъэсым Iоныгъом и 17-м ыухэсыгъэ документэу «2007-рэ илъэсым бэдзэогъум и 21-м номерэу 185-ФЗ зытетэу аштэгъэ Федеральнэ законэу «Унэ-коммунальнэ хъызмэтым щыкIорэ реформэхэм IэпыIэгъу ятыгъэнымкIэ фондым ехьылIагъ» зыфиIорэм къыдилъытэрэ мылъкур пэIуагъахьэзэ, квартирабэу зэхэт унэхэр капитальнэу гъэцэкIэжьыгъэнхэм ехьылIэгъэ IофшIэнхэм ахагъахьэхэрэм япхыгъэ методическэ рекомендациехэр» зыфиIорэм зэригъэнафэрэм тетэу, норматив пIалъэр зыухыгъэ лифтхэр эксперт организацием рамыгъэуплъэкIухэу, мыхъужьыщт пкъыгъохэр зэбламыхъухэу (капитальнэу амыгъэцэкIэжьхэу), лифтхэр кIэхэмкIэ зэблахъугъэх. Ащ ыпкъ къикIэу лифтхэр капитальнэу гъэцэкIэжьыгъэнхэм пэIуагъэхьан фэегъэ **сомэ миллион 11-рэ мини 174,2-р** шIогъэ икъу къырамыгъэтэу агъэфедагъ.

МО-у «Къалэу Мыекъуапэ» унэ-коммунальнэ хъызмэтымкIэ ыкIи зэтегъэпсыхьаныгъэмкIэ и ГъэIорышIапIэ субсидие зэратыхэрэм документациеу къырахьылIэхэрэр ыкIи капитальнэ гъэцэкIэжьынхэм ателъытэгъэ бюджет мылъкур гухэлъ гъэнэфагъэхэм зэрапэIуагъахьэрэр уплъэкIугъэнымкIэ пшъэрылъэу иIэхэр ыгъэцэкIэжьыщтыгъэхэп.

Ащ ыпкъ къикIэу, ыпшъэкIэ зыцIэ къыщетIогъэ шэпхъэукъоныгъэхэм ямызакъоу, Урысые Федерациемрэ Адыгэ Республикэмрэ язаконодательствэ агъэнэфэрэ шапхъэхэри аукъуагъэх:

— Урысые Федерацием и Гражданскэ кодекс ия 708-рэ статья аукъозэ, подрядымкIэ зэзэгъыныгъэхэр зэдашIыщтыгъэх, IофшIэнхэр заухыщтхэ мафэр ащамыгъэнафэу;

— УФ-м и Гражданскэ кодекс ия 432-рэ ыкIи ия 702-рэ статьяхэм зэрагъэнафэрэмкIэ, зэзэгъыныгъэхэр зэдашIынхэ алъэкIыщтэп зы юридическэ лицэр заказчикэу ыкIи подрядчикэу гъэпсыгъэ зыхъукIэ. УплъэкIунхэм къызэрагъэлъэгъуагъэмкIэ, УФ-м и Гражданскэ кодекс ыгъэнэфэрэ шапхъэхэу ыпшъэкIэ къыщытIуагъэхэр ыкIи Республикэ адреснэ программэм ия 12-рэ едзыгъо ия 6-рэ пункт аукъохэзэ, подрядчикхэр къыхахыщтыгъэх: конкурс къыхэхыным хэлажьэхэрэм зыкIэ ащыщыгъ ыкIи ыужым текIоныгъэр къыщыдихыщтыгъ заказчикэу щытыгъэ ООО-у «ГъэIорышIэкIо компаниеу ЖЭУ N 2-м»;

— Урысые Федерацием и Гражданскэ кодекс ия 708-рэ статья, Республикэ адреснэ программэм ия 3-рэ едзыгъо, муниципальнэ образованиеу «Къалэу Мыекъуапэ» инароднэ депутатхэм я Совет 2007-рэ илъэсым чъэпыогъум и 19-м номерэу 212-РС зытетэу ышIыгъэ унашъом подрядчикым IофшIэнхэр зиухынхэ фэе пIалъэр ыукъоу къыхэкIыгъ;

— бюджет мылъкур атегощэгъэным ыкIи гъэфедэгъэным и Подряд ия 10-рэ пункт ыукъозэ, IофшIэнэу ыгъэцэкIагъэхэм ауасэ тыгъэныр подрядчикым формэу КС-2-м тегъэпсыкIыгъэу зэхищэщтыгъ, муниципальнэ образованиеу «Къалэу Мыекъуапэ» унэ-коммунальнэ хъызмэтымкIэ ыкIи зэтегъэпсыхьаныгъэмкIэ и ГъэIорышIапIэ зыримыгъэзэгъэу;

— унэхэр капитальнэу гъэцэкIэжьыгъэнхэмкIэ муниципальнэ программэм хэуцогъэным пае унэхэм зэкIэ ябысымхэр зыхэлэжьэхэрэ зэIукIэхэу яIагъэхэм япротоколхэу ауплъэкIугъэхэм къызэрагъэлъэгъуагъэмкIэ, ахэр 2008-рэ илъэсым игъэтхэпэ-мэлылъфэгъу мазэхэр ары затхыгъэхэр, нэмыкIэу къэпIон хъумэ, муниципальнэ программэр заухэсыгъэм ыуж охътэ бэкIае тешIагъэу. А зекIуакIэм номерэу 185-рэ зытет Федеральнэ законым ия 15-рэ статья ия 4-рэ Iахь ыгъэнэфэрэ шапхъэхэр еукъох;

— Урысые Федерацием и Гражданскэ кодекс заказчикхэм фитыныгъэу къаритыхэрэр къызфагъэфедагъэхэп ыкIи зэзэгъыныгъэхэр зэдашIыхэ зэхъум подрядчикхэм пшъэрылъэу зыфашIыжьыгъэхэр ипIалъэм ехъулIэу замыгъэцэкIэжькIэ пшъэдэкIыжьэу ахьыщтыр зыфэдэр къыдалъытагъэп.

**6. Къэралыгъо учреждениеу «Адыгэ республикэ фэшIыкIэ гъэпсыгъэ (коррекционнэ) общеобразовательнэ еджэпIэ-интернатэу я VIII-рэ лъэпкъым хахьэрэм» иунэхэмрэ ипсэуалъэхэмрэ гъэкIэжьыгъэнхэм пае Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет имылъкоу агъэфедагъэр шIуагъэ къырагъэтзэ зытелъытэгъэ Iофыгъохэм зэрапэIуагъэхьагъэм иуплъэкIун къыгъэлъэгъуагъэр**

УплъэкIунхэм къызэрагъэлъэгъуагъэмкIэ, шапхъэхэр аукъохэзэ, **сомэ миллиони 4-рэ мин 488,0-рэ** агъэфедагъ. Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 289-рэ статья ыкIи Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм ибюджет IофшIэн ехьылIагъ» зыфиIоу номерэу 161-рэ зытетэу 2008-рэ илъэсым мэлылъфэгъум и 8-м аштагъэм ия 26-рэ статья атегъэпсыкIыгъэу, а мылъкум щыщэу **сомэ миллионрэ мин 401,8-у** зытемылъытэгъэ Iофыгъохэм апэIуагъэхьагъэр Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет хэлъхьажьыгъэн фае.

**Учреждением зэкIэмкIи зытемылъытэгъэ Iофыгъохэм апэIуигъэхьэгъэ мылъкур мырэущтэу зэIукIагъэ:**

— **сомэ миллионрэ мин 80,1-р** — формэу КС-2-м тегъэпсыкIыгъэу подрядчикым ыгъэцэкIэгъэ IофшIэнхэу актым хигъэхьагъэхэр ябагъэкIи, зыфэдэхэмкIи зэрэгъэпсыгъэхэр зызэхафхэм нафэ къызэрэхъугъэмкIэ, проект-сметэ документацием къыдимылъытэрэ IофшIэнхэм а мылъкур апэIуигъэхьагъ, заказчикым ахэм ауасэ ытыгъ;

— **сомэ мин 321,7-р** — «Адыгэ республикэ фэшIыкIэ гъэпсыгъэ (коррекционнэ) общеобразовательнэ еджэпIэ-интернатэу я VIII-рэ лъэпкъым хахьэрэм» иобъектхэм яинагъэхэр, IофшIэнэу ащагъэцэкIагъэхэм ябагъэкIэ къызашыхэм, IофшIэнэу агъэцэкIагъэхэр а сомэ пчъагъэмкIэ нахь гъэиныгъэхэу къагъэлъэгъуагъэхэу къыхагъэщыгъ;

Джащ фэдэу уплъэкIунхэр ашIыхэзэ, шIогъэ икъу къырамыгъэтэу бюджет мылъкоу **сомэ миллиони 3-рэ мин 86,2-рэ** агъэфедагъэу къыхагъэщыгъ ыкIи ар мырэущтэу зэIукIагъэ:

— **сомэ миллиони 2-рэ мин 992,9-м** щыщэу сомэ миллионрэ мин 338,3-р къэралыгъо учреждениеу «Мыекъопэ фэшIыкIэ гъэпсыгъэ профессиональнэ училищэу зэфэшIыгъэ шIыкIэхэм ахахьэрэр» нэмыкI чIыпIэ хьыжьыгъэным ехьылIэгъэ гъэкIэжьын IофшIэнхэм (контрольнэ-пропускной пунктым ехьылIэгъэ IофшIэнхэм) апэIуагъэхьагъ; еджэпIэ-интернатым ищагу къызэрэшIыхьэгъэ чэур гъэкIэжьыгъэным **сомэ миллионрэ мини 179,6-рэ** пэIуагъэхьагъ, Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 34-рэ статья кIэухышIухэр къэгъэлъэгъогъэнхэм ыкIи шIуагъэ къытэу бюджет мылъкур гъэфедэгъэным ипринципхэу ыгъэнафэхэрэр ыкIи Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 5-рэ статья ия 6-рэ Iахь аукъуагъэх. АужырэмзэригъэнафэрэмкIэ, Урысые Федерацием исубъект икъэралыгъо хэбзэ органхэм федеральнэ къэралыгъо хэбзэ органхэм яфитыныгъэхэм ахэхьэрэ Iофыгъохэм япхыгъэ пшъэрылъхэр зэшIохыгъэнхэм мылъку апэIуагъэхьан фитхэп;

— **сомэ мин 93,3-р** — номерэу 94-ФЗ зытет Федеральнэ законэу «Къэралыгъо ыкIи муниципальнэ фэныкъоныгъэхэм апае товархэр къаIэкIагъэхьанхэм, IофшIэнхэр ыкIи фэIо-фашIэхэр афагъэцэкIэнхэм апае заказхэр ятыгъэнхэм ехьылIагъ» зыфиIоу 2005-рэ илъэсым бэдзэогъум и 21-м аштагъэм ия 9-рэ статья ия 11-рэ Iахь аукъозэ, IофшIэнхэр ухыгъэнхэм пIалъэу иIэр зэриукъуагъэм пае подрядчикым тазыр зэрэтырамылъхьагъэм къытыгъ.

**7. Республикэ инвестиционнэ программэм тегъэпсыкIыгъэу къуаджэу Кощхьаблэ икъыблэ лъэныкъо щыпсэухэрэм зашъорэ псыр аIэкIэгъэхьэгъэным ищыкIэгъэ сетьхэр щыгъэпсыгъэнхэм пае Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет имылъкоу къэралыгъо учреждениеу «Стройзаказчикым» фатIупщыгъэр шIуагъэ къытэу ыкIи зытелъытагъэхэм апэIуигъахьэзэ зэригъэфедагъэм иуплъэкIун къыгъэлъэгъуагъэхэр**

УплъэкIунхэм къызэрагъэлъэгъуагъэмкIэ, шапхъэхэр аукъохэзэ, **сомэ миллиони 6-рэ мин 775,6-рэ** агъэфедагъ. Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 289-рэ статья ыкIи Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм ибюджет IофшIэн ехьылIагъ» зыфиIоу номерэу 161-р зытетэу 2008-рэ илъэсым мэлылъфэгъум и 8-м аштагъэм ия 26-рэ статья зэригъэнафэрэм тегъэпсыкIыгъэу, а сомэ пчъагъэм щыщэу мин 736,3-у зытемылъытэгъэ Iофыгъохэм апэIуагъэхьагъэр Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет хэлъхьажьыгъэн фае. Урысые Федерацием и Гражданскэ кодекс ия 740-рэ, ия 753-рэ, ия 763-рэ статьяхэр ыукъохэзэ, АР-м и КъУ-у «Стройзаказчикым» IофшIэнэу агъэцэкIагъэхэр къызэрагъэлъэгъохэрэ формэхэу КС-2-р ыкIи КС-3-р а сомэ пчъагъэм тегъэпсыкIыгъэу зэраIихыгъэр ыкIи ыуасэ зэраритыгъэр къыхагъэщыгъ объектэу «Къуаджэу Кощхьаблэ икъыблэ лъэныкъо щыпсэухэрэм зашъохэрэ псыр аIэкIэгъэхьэгъэныр» зыфиIорэм щагъэцэкIэгъэ IофшIэнхэм ябагъи якIыхьагъи къызашыхэм.

Мылъкур Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет хэлъхьажьыгъэн фаеу зымыгъэнэфэрэ, ау законодательствэр ыкIи норматив правовой актхэр зэраукъуагъэхэу къыхагъэщыгъэхэр зэкIэмкIи **сомэ миллиони 6-рэ мин 39,3-рэ** мэхъу, ащ хэхьэх:

— номерэу 94-ФЗ зытет Федеральнэ законэу «Къэралыгъо ыкIи муниципальнэ фэныкъоныгъэхэм апае товархэр къаIэкIагъэхьанхэм, IофшIэнхэр ыкIи фэIо-фашIэхэр афагъэцэкIэнхэм апае заказхэр зэраратыхэрэ шIыкIэм ехьылIагъ» зыфиIоу 2005-рэ илъэсым бэдзэогъум и 21-м аштагъэм ия 9-рэ статья ия 11-рэ Iахь ыукъозэ, АР-м и КъУ-у «Стройзаказчикым» къэралыгъо котрактыр гъэцэкIэжьыгъэным пIалъэу иIэр зэриукъуагъэм пае тазырэу **сомэ мини 128,2-рэ** къыригъэтыгъэп, ащ ыпкъ къикIыкIэ Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 34-рэ статья бюджет мылъкур гъэхъэгъэшIухэр къыкIакIоу ыкIи шIуагъэ къытэу гъэфедэгъэным ипринципхэу ыгъэнафэхэрэр ыгъэцэкIагъэхэп;

— Урысые Федерацием КъэлэгъэпсынымкIэ икодекс ия 52-рэ статьяу «Капитальнэ псэолъэшIыным иобъектхэр гъэпсыгъэнхэм, гъэкIэжьыгъэнхэм, капитальнэу гъэцэкIэжьыгъэнхэм ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 6-рэ, ия 7-рэ пунктхэр, джащ фэдэу Къэралыгъо контрактым ия 3-рэ Iахь ия 3.1.3-рэ пункт, ия 4-рэ Iахь ия 4.1.4-рэ пункт ыукъохэзэ, аухэсыгъэ проект-сметэ документацием дэхыхэзэ, **сомэ миллиони 5-рэ мин 911,1-рэ** зыпэIухьэгъэ IофшIэнхэр агъэцэкIагъэх.

**8. Предпринимательствэ цIыкIум къэралыгъо IэпыIэгъу етыгъэнымкIэ Республикэ программэр гъэцэкIэжьыгъэным пае Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет имылъкоу афатIупщыгъэр шIуагъэ къытэу ыкIи зытелъытагъэхэм апэIуагъахьэзэ зэрагъэфедагъэм иуплъэкIун къыгъэлъэгъуагъэхэр**

УплъэкIунхэм къызэрагъэлъэгъуагъэмкIэ, шапхъэхэр аукъохэзэ, **сомэ миллионрэ мин 927,1-рэ** агъэфедагъ. Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 289-рэ статья ыгъэнэфэрэ шапхъэхэр аукъохэзэ, зытемылъытэгъэ Iофыгъохэм апэIуагъэхьэгъэ сомэ мин 450,0-р Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет халъхьажьын фае. КредитованиемкIэ Программэм ия II-рэ едзыгъо ия 3-рэ абзац ыгъэнэфэрэ шапхъэр аукъозэ, акциз зытелъ продукцие лъэпкъхэр IугъэкIыгъэнхэм фэлэжьэрэ предприятие цIыкIухэм чIыфэхэр ятыгъэнхэм а мылъкур пэIуагъэхьагъ.

Законодательствэмрэ норматив правовой актхэмрэ зэраукъогъэхэ, ау Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет хэлъхьажьыгъэн фаеу мыгъэпсыгъэ мылъкоу агъэфедагъэр **сомэ миллионрэ мин 477,1-рэ,** ащ хэхьэх:

— чIыфэхэр ятыгъэнхэмкIэ Программэм ия III-рэ едзыгъо ия 6-рэ абзац зы предпринимателым микрофинанс продуктхэр а зы уахътэм ыгъэфедэнхэ фимытэу зэригъанафэрэр аукъозэ, бюджет мылъкоу **сомэ мин 300,0-рэ** агъэфедагъ;

— чIыфэхэр ятыгъэнхэмкIэ Программэм ия III-рэ едзыгъо ия 3-рэ абзац чIыфэхэр мэзэ 12 пIалъэм имыкIхэу ятыгъэнхэ фаеу зэригъэнафэрэр аукъозэ, мэзэ 24-м телъытагъэу зэкIэмкIи чIыфэхэу **сомэ миллионрэ мини 150-рэ** аратыгъ;

— Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет номерэу 193-р зытетэу 2005-рэ илъэсым шэкIогъум и 28-м ышIыгъэ унашъомкIэ ыухэсыгъэ ШIыкIэм ия 5-рэ пункт ия 2-рэ подпункт ыгъэнэфэрэ положениеу чIыфэмкIэ зэзэгъыныгъэр зызэдашIыгъэ пIалъэм ехъулIэу Урысые Федерацием и Гупчэ банк рефинансированиемкIэ учетнэ ставкэу ыгъэнэфагъэм ызыныкъом тегъэпсыкIыгъэу чIыфэхэр ятыгъэнхэ фаеу зэригъэнафэрэр аукъозэ, 2007-рэ илъэсым субсидиехэр къафалъытагъэх чIыфэмкIэ зэзэгъыныгъэр зызэдашIыгъэхэ пIалъэм ехъулIэу Урысые Федерацием и Гупчэ банк рефинансированиемкIэ учетнэ ставкэу ыгъэнэфагъэм и 2/3 тегъэпсыкIыгъэу. Ащ ыпкъ къикIэу **сомэ мин 27,1-рэ** лыеу аратыгъ.

**9. Республикэ инвестиционнэ программэм тегъэпсыкIыгъэу Кощхьэблэ районымкIэ къуаджэу Еджэркъуае зашъохэрэ псыр IэкIэгъэхьэгъэным ищыкIэгъэ сетьхэр гъэпсыгъэнхэм пае Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет имылъкоу къэралыгъо учреждениеу «Стройзаказчикым» фатIупщыгъэр шIуагъэ къытэу ыкIи зытелъытагъэхэм апэIуигъахьэзэ зэригъэфедагъэм иуплъэкIун къыгъэлъэгъуагъэхэр**

УплъэкIунхэр зызэхащэхэм Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет мылъкур халъхьажьынэу щымытэу, ау законодательствэр ыкIи норматив правовой актхэр аукъозэ, **сомэ миллиони 2-рэ мин**

# Адыгэ Республикэм и УплъэкIу-лъытэкIо палатэ 2009-рэ илъэсым Iоф зэришIагъэм ыкIи уплъэкIу Iофыгъохэу зэрихьагъэхэм кIэухэу афэхъугъэм яхьылIэгъэ ИЛЪЭС ОТЧЕТ

**539,5-рэ** агъэфедагъэу къыхагъэщыгъ, ащ щыщых:

— Урысые Федерацием КъэлэгъэпсынымкIэ икодекс ия 52-рэ статьяу «Псэуалъэхэр гъэуцугъэнхэр, капитальнэ псэолъэшIыным иобъектхэр гъэкIэжьыгъэнхэр, капитальнэу гъэцэкIэжьыгъэнхэр» зыфиIорэм ия 6-рэ ыкIи ия 7-рэ пунктхэр, джащ фэдэу Къэралыгъо контрактхэм яя 3-рэ Iахь ия 3.1.3-рэ пункт, ия 4-рэ Iахь ия 4.1.4-рэ пункт агъэнэфэрэ шапхъэхэр аукъуагъэх, проект-сметэ документациеу аухэсыгъэм къыдимылъытэрэ IофшIэнхэу **сомэ мин 574,2-рэ** зыпэIухьагъэхэр агъэцэкIагъэх;

— конкурс документацием ыгъэнэфэрэ къэралыгъо контрактым ишапхъэхэр **сомэ миллионрэ мин 965,3-кIэ** зэрэзэрахъокIыгъэхэм ыпкъ къикIэу, зифэшъошэ конкурсым кIэухэу фэхъугъэхэм атегъэпсыкIыгъэу контрактхэр зэдэшIыгъэнхэ фаеу зэрэщытыр аукъуагъ. Ащ ыпкъ къикIэу, номерэу 94-ФЗ зытет Федеральнэ законэу «Къэралыгъо ыкIи муниципальнэ фэныкъоныгъэхэм апае товархэр къаIэкIагъэхьанхэм, IофшIэнхэр ыкIи фэIо-фашIэхэр афагъэцэкIэнхэм ехьылIэгъэ заказхэр ятыгъэнхэм ехьылIагъ» зыфиIоу 2005-рэ илъэсым бэдзэогъум и 21-м аштагъэм ия 29-рэ статья ия 3-рэ Iахь, ия 38-рэ статья ия 3-рэ Iахь аукъуагъэх. Ахэм зэрагъэнафэрэмкIэ, къэралыгъо е муниципальнэ контракт зэдашIын зэралъэкIыщтыр конкурсым хэлажьэрэм къытегъэ заявкэм ыкIи конкурс документацием ыгъэнэфэрэ шапхъэхэм, джащ фэдэу конкурс зэрэзэхащэрэм ехьылIэгъэ мэкъэгъэIум къыщиIорэ шапхъэхэм атегъэпсыкIыгъэр текIоныгъэр къыдэзыхыгъэм уасэу къапигъохыгъэр ары ныIэп.

**10. Адыгэ Республикэм ренэу Iоф зышIэрэ илIыкIо лэжьапIэу Урысые Федерацием и Президент дэжь щыIэр гъэлэжьэгъэным пае Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет къыщыдалъытэгъэ мылъкур шIуагъэ къытэу ыкIи зытелъытагъэхэм апэIуагъахьэзэ 2008-рэ илъэсым зэрагъэфедагъэм, джащ фэдэу республикэм иунэе мылъку зытелъытагъэхэм атегъэпсыкIыгъэу ыкIи шIуагъэ къырагъэтызэ зэрагъэфедагъэм иуплъэкIун къыгъэлъэгъуагъэхэр**

УплъэкIунхэр зызэхащэхэм шапхъэхэр аукъохэзэ зэкIэмкIи **сомэ мин 502,1-рэ** агъэфедагъэу агъэунэфыгъ.

ЗыцIэ къеIогъэ ахъщэм щыщэу зытемылъытэгъэ Iофыгъохэм апэIуагъэхьагъэу ыкIи Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 289-рэ статьярэ Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм ибюджет IофшIэн ехьылIагъ» зыфиIоу номерэу 161-рэ зытетэу 2008-рэ илъэсым мэлылъфэгъум и 8-м аштагъэм ия 26-рэ статьярэ зэрагъэнафэрэм тетэу Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет **сомэ мин 71,7-рэ** хэлъхьажьыгъэн фаеу къыхагъэщыгъ, ащ щыщэу:

**— сомэ мин 55,0-р** бюджет мылъкур бюджетым иклассификацие зытемылъытэгъэ икодкIэ тазырхэр тыжьыгъэнхэм пэIуагъэхьагъ;

**— сомэ мин 16,7-р** фитыныгъэ телъхьапIэ ямыIэу лIыкIо лэжьапIэм иIофышIэхэм къалэу Москва метромкIэ къыщаIухьэзэ хьарджэу ашIыгъэхэм апэIуагъэхьагъ.

ШIогъэ икъу къырамыгъэтэу **сомэ мин 430,3-рэ** агъэфедагъ. ЛIыкIо лэжьапIэм лэжьапIэмкIэ ифондэу аухэсыгъэм ехъоу яIофышIэхэм лэжьапкIэ ятыгъэным а бюджет мылъкур пэIуагъэхьагъ.

**11.Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет имылъкоу Адыгэ Республикэм и Конституционнэ Суд 2008-рэ илъэсым фатIупщыгъэр шIуагъэ къырагъэтэзэ ыкIи зытелъытагъэхэм апэIуагъахьэзэ зэрагъэфедагъэм иуплъэкIун къыгъэлъэгъуагъэр**

**УплъэкIунхэр зызэхащэхэм хэбзэ шапхъэхэр аукъохэзэ, зэкIэмкIи сомэ мин 314,4-рэ агъэфедагъэу къыхагъэщыгъ.**

А ахъщэм щыщэу Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 289-рэ статьярэ Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм ибюджет IофшIэн ехьылIагъ» зыфиIоу номерэу 161-р зытетэу 2008-рэ илъэсым мэлылъфэгъум и 8-м аштагъэм ия 26-рэ статьярэ агъэнафэрэ шапхъэхэм атегъэпсыкIыгъэу Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет халъхьажьын фаер **сомэ мин 27,8-рэ.** Хэбзэ фитыныгъэхэр ямыIэхэу Адыгэ Республикэм и Конституционнэ Суд иIофышIэхэу къэралыгъо IэнатIэ зезыхьэхэрэм шIухьафтынхэр ятыгъэнхэм а ахъщэр пэIуагъэхьагъ.

Бюджет учетым епхыгъэ шапхъэхэр аукъохэзэ, **сомэ мин 78,8-рэ** агъэзекIуагъэу къыхагъэщыгъ. Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм икъэралыгъо гражданскэ къулыкъу ехьылIагъ» зыфиIоу номерэу 352-р зытетэу 2005-рэ илъэсым шышъхьэIум и 4-м аштагъэм ия 25-рэ статья, Адыгэ Республикэм и Президент и Указэу «Адыгэ Республикэм икъэралыгъо гражданскэ къулыкъушIэхэм лэжьапкIэр ятыгъэным ехьылIагъ» зыфиIоу номерэу 7 зытетэу 2006-рэ илъэсым щылэ мазэм и 19-м къыдэкIыгъэм, Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет иунашъоу «Адыгэ Республикэм икъэралыгъо органхэм яIофышIэхэу Адыгэ Республикэм икъэралыгъо гражданскэ IэнатIэхэр зезыхьэхэрэм ахэмыхьэхэрэм, Адыгэ Республикэм икъэралыгъо хэбзэ гъэцэкIэкIо органхэм ащызэхэщэгъэ централизованнэ бухгалтериехэм яIофышIэхэм, Адыгэ Республикэм икъэралыгъо чIыпIэ хэбзэ гъэцэкIэкIо органхэм ащызэхэщэгъэ централизованнэ бухгалтериехэм яIофышIэхэм лэжьапкIэр ятыгъэным ехьылIагъ» зыфиIоу номерэу 206-р зытетэу 2007-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 24-м аштагъэм и Гуадзэу N1-м атегъэпсыкIыгъэу Конституционнэ Судым ибюджет исметэ лэжьапкIэм пэIуагъэхьащтэу щагъэнафэгъэм хэбзэ телъхьапIэ ямыIэу лэжьапкIэмкIэ фондым **мин 234,8-рэ** къырагъэхьугъ.

**12.Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм и УплъэкIу-лъытэкIо палатэ ехьылIагъ» зыфиIоу номерэу 81-р зытетэу 2002-рэ илъэсым бэдзэогъум и 26-м аштагъэм ия 15-рэ статья ия 5-рэ Iахь зэригъэнафэрэм тегъэпсыкIыгъэу депутат куп зыкъытфагъази пшъэрылъэу къытфашIыгъэм тетэу планым хэмытыгъэ уплъэкIун Iофыгъохэу зэрихьагъэхэр:**

**— Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм ифинанс-хъызмэт IофшIэн 2008-рэ илъэсым зэрэзэхэщэгъагъэр;**

**— Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2006 — 2008-рэ илъэсхэм хьарджхэу ышIыгъэхэр зыфэдэхэр ыкIи бюджет мылъкур зыпэIуагъэхьагъэр зэхэфыгъэным ехьылIэгъэ уплъэкIу-аналитическэ Iофыгъохэр зехьэгъэнхэр.**

ДепутатхэмI яджэпсалъэ уплъэкIугъэн фаеу ыгъэнафэщтыгъэр зы объект закъоу зэрэщытыгъэм ыпкъ къикIэу, зы уплъэкIу-аналитическэ Iофыгъу Палатэм зэшIуихыгъэр.

УплъэкIунхэм къызэрагъэлъэгъуагъэмкIэ, хэбзэ шапхъэхэр аукъохэзэ, **сомэ миллион 15-рэ мин 71,5-рэ** агъэзекIуагъ. Ащ щыщэу Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 289-рэ статьярэ Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм ибюджет IофшIэн ехьылIагъ» зыфиIоу номерэу 161-р зытетэу 2008-рэ илъэсым мэлылъфэгъум и 8-м аштагъэм ия 26-рэ статьярэ зэрагъэнафэрэм тетэу Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет **сомэ мини 165,8-рэ** халъхьажьын фае. Ащ щыщэу **сомэ мин 19,7-р** ифэшъошэ документхэр пымылъхэу къулыкъум епхыгъэ командировкэхэм яхьылIэгъэ хьарджхэм апэIуагъэхьагъ.

УплъэкIунхэр ашIыхэзэ, **сомэ мини 146,1-рэ** хэбзэнчъэу агъэфедагъэу къыхагъэщыгъ ыкIи ащ щыщэу:

**— сомэ мини 127,3 -р** учреждением ибюджет учет хэмыхьэрэ мылъкур гъэцэкIэжьыгъэным хэбзэнчъэу пэIуагъэхьагъ;

**— сомэ мини 8,3-р** къызэкIэгъэкIожьын шIыкIэ пымылъэу Ведомостьхэр гъэцэкIэжьыгъэнхэм пэIуагъэхьагъ;

**— сомэ мини 10,5-р** кIоцI норматив актхэр щымыIэхэу къулыкъу командировкэхэм атегъэпсыкIыгъэу VIP-залхэр гъэфедэгъэнхэм пэIуагъэхьагъ.

УплъэкIунхэм къагъэлъэгъуагъ Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет имылъкоу **сомэ мин 357,1-рэ** шIогъэ икъу къымытэу агъэфедагъэу. Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 70-рэ статья, Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм иунашъоу «Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм ирекламэ ехьылIагъ» зыфиIоу номерэу 135-ГС зытетэу 2006-рэ илъэсым бэдзэогъум и 26-м аштагъэм ия 67-рэ пункт аукъохэзэ, бюджет мылъкур физическэ ыкIи юридическэ лицэхэм апае уасэ зиIэ шIухьафтынхэр, призхэр, къэгъагъэхэр къэщэфыгъэнхэм пэIуагъэхьагъ.

КIуачIэ зиIэ законодательствэр аукъозэ, Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет имылъкоу агъэфедагъэр ыкIи республикэ бюджетым халъхьажьынэу щымытыр **сомэ миллион 14-рэ мин 905,7-рэ,** ащ щыщых:

— Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 70-рэ статья, Къэралыгъо Советым — Хасэм номерэу 163-ГС зытетэу 2006-рэ илъэсым бэдзэогъум и 26-м ыштэгъэ унашъоу «Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм иаппарат зэхэщакIэу иIэм ыкIи щылэжьэщт пчъагъэм ехьылIагъ» зыфиIорэр аукъохэзэ, Къэралыгъо Советым — Хасэм иаппарат 2008-рэ илъэсымкIэ иштат къэралыгъо гражданскэ къулыкъум хэмыхьэрэ IэнатIэхэр зезыхьэрэ единицэ 44,5-рэ къыщыдалъытагъ, ахэм яилъэс лэжьапкIэрэ социальнэ хэбзэIахь зыкIымкIэ фондым хагъэхьагъэмрэ зэрэзэгъусэхэу **сомэ миллиони 6-рэ мин 459,9-рэ** апэIуагъэхьагъ;

— Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 70-рэ ыкIи ия 162-рэ статьяхэр аукъохэзэ, Къэралыгъо Советым — Хасэм социальнэ хэбзэIахь зыкIым ыкIи транспорт хэбзэIахьым апае тазырхэм **сомэ мин 1,6-рэ** апэIуигъэхьагъ;

— торгхэр (зэнэкъокъухэр, аукционхэр) зэхищэхэзэ ыкIи уасэу щыIэхэр зэрэзэтекIыхэрэм акIэупчIэзэ Къэралыгъо Советым — Хасэм 2008-рэ илъэсым зэкIэмкIи **сомэ миллиони 8-рэ мин 87,2-рэ** зыосэ къэралыгъо заказхэр аритыгъэх Федеральнэ законэу «Къэралыгъо ыкIи муниципальнэ фэныкъоныгъэхэм апае товархэр къаIэкIагъэхьанхэм, IофшIэнхэр ыкIи фэIо-фашIэхэр ягъэгъэцэкIэгъэнхэм ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 4-рэ статья ия 2-рэ Iахь аукъозэ.

**13. Урысые Федерацием гражданскэ обороцэмкIэ, ошIэ-дэмышIэ IофыгъохэмкIэ ыкIи ахэм къыздахьыгъэ къиныгъохэр дэгъэзыжьыгъэнхэмкIэ и Министерствэ и ГъэIорышIэпIэ шъхьаIэу Адыгэ Республикэм щыIэм 2008-рэ илъэсым ыкIи 2009-рэ илъэсым иапэрэ мэзих Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет имылъкоу фатIупщыгъэр шIуагъэ къырагъэтызэ ыкIи зытелъытэгъэ Iофыгъохэм апэIуагъахьэзэ зэрагъэфедагъэм иуплъэкIун къыгъэлъэгъуагъэр**

УплъэкIунхэм къагъэлъэгъуагъ хэбзэ шапхъэхэр аукъохэзэ зэкIэмкIи **сомэ миллиони 5-рэ мин 69,7-рэ** агъэфедагъэу.

Ащ щыщэу Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 289-рэ статьярэ Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм ибюджет IофшIэн ехьылIагъ» зыфиIоу номерэу 161-рэ зытетэу 2008-рэ илъэсым мэлылъфэгъум и 8-м аштагъэм ия 26-рэ статьярэ зэрагъэнафэрэм тетэу Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет хэлъхьажьыгъэн фаер **сомэ миллиони 4-рэ мин 580,0-р.** Ар Адыгэ Республикэм имобилизационнэ резерв хэхьэрэ мылъкоу ГъэIорышIэпIэ шъхьаIэм ибюджет учет къыдилъытэрэр инвентаризацие зашIым имыкъужьырэ специализированнэ техникэу къыхагъэщыгъэм уасэу иIэр ары.

Урысые Федерацием и Гражданскэ кодекс ия 900-рэ статья аукъозэ, Адыгэ Республикэм имобилизационнэ резерв хэхьэрэ мылъкур пшъэдэкIыжь хэлъэу къэгъэгъунэгъэным ехьылIэгъэ зэзэгъыныгъэу зэдашIыгъэм ипIалъэ зекIым ОАО-у «Адыгснабым» зыцIэ къетIогъэ техникэр ГъэIорышIэпIэ шъхьаIэм къыритыжьыгъэп.

УплъэкIунхэр ашIыхэзэ, нэмыкI хэукъоныгъитIу къыхагъэщыгъ. ГущыIэм пае, Федеральнэ законэу «Бухгалтер учетым ехьылIагъ» зыфиIоу номерэу 129-ФЗ зытетэу 1996-рэ илъэсым шэкIогъум и 21-м аштагъэм ия 9-рэ статья, Урысые Федерацием финансхэмкIэ и Министерствэ «Урысые Федерацием ибюджет классификацие зэрагъэфедэрэ шIыкIэм ехьылIэгъэ унашъохэр ухэсыгъэнхэм фэгъэхьыгъ» зыфиIорэ унашъоу номерэу 74н зытетэу 2007-рэ илъэсым шышъхьэIум и 24-м къыдигъэкIыгъэр, бюджет учетымкIэ Инструкциеу Урысые Федерацием финансхэмкIэ и Министерствэ номерэу 25н зытетэу 2006-рэ илъэсым мэзаем и 10-м къыдигъэкIыгъэ унашъоу «Бюджет учетымкIэ Инструкцием ухэсыгъэным ехьылIагъ» зыфиIорэмкIэ ыухэсыгъэр аукъохэзэ **сомэ мин 489,7-рэ** агъэфедагъ, ащ щыщых:

— материальнэ запасхэмкIэ хьарджхэр къыдамылъытэхэу ыкIи бюджет классификациемкIэ зытемылъытэгъэ кодымкIэ къулыкъум щагъэфедэрэ хьэхэм арагъэшхыщтыр къэщэфыгъэным ихьарджхэм сомэ мин 13,4-рэ ахалъытагъэр;

— ищыкIэгъэ первичнэ документхэр щымыIэхэу гъэцэкIэжьын IофшIэнхэм апае псэолъэпхъэ материалхэу хатхыкIыжьыгъэхэм апэIухьэгъэ сомэ мини 195,8-р;

— бюджет учетым хамыгъэуцуагъэу учреждением ифинанс кIэуххэм атегъэпсыкIыгъэу мылъку шъхьаIэу сомэ мини 4,9-рэ зыуасэр зэрэхатхыкIыжьыгъэр;

— мылъку шъхьаIэр ыпкIэ хэмылъэу агъэфедэу къызыратыщт пIалъэр къэмысыгъэу къулыкъу автотранспортым ищыкIэгъэ фэIо-фашIэхэр ешIылIэгъэнхэм, гъэцэкIэжьыгъэным, гъэстыныпхъэ-щыфэ материалхэм ыкIи газыр игъэхъогъэным уасэу яIэ сомэ мин 206,9-р хэбзэнчъэу афатIупщыгъ.

**14. Гухэль гъэнэфагъэм тегъэпсыкIыгъэ Республикэ программэу «Адыгеим иныбжьыкIэхэр» зыфиIоу 2006 — 2008-рэ илъэс пIалъэ зиIэр гъэцэкIэжьыгъэным пае Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет имылъкоу афатIупщыгъэр шIуагъэ къырагъэтэзэ зытелъытэгъэ Iофыгъохэм зэрапэIуагъэхьагъэм иуплъэкIун къыгъэлъэгъуагъэр**

Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 162-рэ статья ыукъозэ ушумкIэ спортивнэ еджапIэхэм ащеджэхэу Всероссийскэ зэнэкъокъухэм ахэлэжьэрэ спортсменхэр зещэгъэнхэм ехьылIэгъэ фэIо-фашIэхэм ауасэ тыгъэным темылъытэгъэ ахъщэу **сомэ мин 26,6-рэ** Комитетым хьарджхэм апэIуигъэхьагъ ыкIи Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 289-рэ статья зэригъэнафэрэмкIэ, а ахъщэр къаIыхыжьыгъэн фае.

# Адыгэ Республикэм и УплъэкIу-лъытэкIо палатэ 2009-рэ илъэсым Iоф зэришIагъэм ыкIи уплъэкIу Iофыгъохэу зэрихьагъэхэм кIэухэу афэхъугъэм яхьылIэгъэ ИЛЪЭС ОТЧЕТ

Программэм къыдилъытэрэ Iофыгъохэм яя 11-рэ ыкIи яя 13-рэ пунктхэр ыгъэцэкIэжьхэзэ, Комитетым Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм ыухэсыгъэм ехъоу Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет имылъкоу **сомэ мин 245,8-рэ** ыгъэфедагъ.

**15.Гухэлъ гъэнэфагъэм телъытэгъэ Республикэ программэу «Гъэсэныгъэмк Iэ учреждением ищынэгъончъагъ» зыфиIоу 2005 — 2008-рэ илъэсхэм атегъэпсыкIыгъэр гъэцэкIэжьыгъэным пае Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет имылъкоу афатIупщыгъэр шIуагъэ къырагъэтызэ зытелъытэгъэ Iофыгъохэм зэрапэIуагъэхьагъэм иуплъэкIун къыгъэлъэгъуагъэр**

УплъэкIунхэр зызэхащэхэм къыхагъэщыгъ Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет иунашъоу «Гухэлъ гъэнэфагъэхэм ателъытэгъэ республикэ программэхэр зэхэгъэуцогъэнхэм ыкIи гъэцэкIэжьыгъэнхэм ШIыкIэу иIэр» зыфиIоу номерэу 300 зытетэу 2000-рэ илъэсым чъэпыогъум и 16-м къыдэкIыгъэм ия 27-рэ пункт ыукъозэ, Комитетым зэкIэмкIи **сомэ миллиони 4-рэ мин 830,9-рэ** ыгъэфедагъ.

Гухэлъ гъэнэфагъэм телъытэгъэ программэр гъэцэкIэжьыгъэным пэIухьащт мылъкоу къатIупщырэр къыдалъытэзэ IофшIэнэу агъэцэкIэщтыр ыкIи программэм къыдилъытэрэ Iофыгъохэм ахъщэу апэIуагъэхьащтыр агъэтэрэзыжьыщтыгъэп: мэшIогъэкIосэ сигнализациеу **сомэ миллиони 2-рэ мин 951,2-рэ** зыпэIуагъэхьагъэр ачIэгъэуцогъэныр Программэм 2007 — 2008-рэ илъэсхэм зэшIохыгъэнэу ыгъэнафэщтыгъэмэ, 2005 — 2006-рэ илъэсхэм мылъкур агъэфедагъ; электропроводкэр зэблэхъугъэным епхыгъэ Iофыгъохэм апэIуагъэхьэгъэ **сомэ миллионрэ мин 300,6-р** Программэм ипаспорт нэмыкI Iофыгъоу ыгъэнафэщтыгъэхэм (электропроводкэм изытет уплъэкIугъэным) апэIухьанэу щытыгъэм къыхахыгъ; Программэм ымыгъэнафэщтыгъэми, видеолъыплъэныр ачIэгъэуцогъэным **сомэ мин 579,1-рэ** пэIуагъэхьагъ.

**16. Къэралыгъо учреждениеу «Лъыр зыщахащырэ Адыгэ республикэ станциер» зыфиIорэм 2008-рэ илъэсым ыкIи 2009-рэ илъэсым иапэрэ мэзих Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет имылъкоу фатIупщыгъэр шIуагъэ къырагъэтзэ зытелъытэгъэ Iофыгъохэм зэрапэIуагъэхьагъэм иуплъэкIун къыгъэлъэгъуагъэхэр**

УплъэкIунхэм къызэрагъэлъэгъуагъэмкIэ, мылъкум кIэухышIурэ шIогъэ икъурэ къегъэтыгъэным ипринципхэу Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 34-рэ статья ыгъэнафэхэрэр аукъохэзэ, Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет имылъкоу **сомэ мин 735-рэ** агъэфедагъ. Ащ щыщэу **сомэ мин 577,8-р** лэжьапкIэмкIэ хъарджхэм апэIуагъэхьагъ: СССР-м псауныгъэр къэухъумэгъэнымкIэ и Министерствэ номерэу 155-рэ зытетэу 1990-рэ илъэсым мэлылъфэгъум и 12-м къыдигъэкIыгъэ унашъоу «Хъызмэтзехьаным имеханизмакIэ тегъэпсыкIыгъэу лъы къулыкъум иучреждениехэм яIофшIакIэ нахьышIоу зэхэщэгъэным ехьылIагъ» зыфиIорэр ыкIи Урысые Федерацием псауныгъэр къэухъумэгъэнымкIэ и Министерствэ номерэу 230-рэ зытетэу 2003-рэ илъэсым мэкъуогъум и 9-м къыдигъэкIыгъэ унашъоу «Псауныгъэр къэухъумэгъэнымкIэ къэралыгъо ыкIи муниципальнэ учреждениехэм якъулыкъушIэхэм ыкIи рабочхэм, псауныгъэр къэухъумэгъэнымкIэ къэралыгъо ыкIи муниципальнэ учреждениехэм ацызэхэщэгъэ гупчэ бухгалтериехэм якъулыкъушIэхэм штатымкIэ янормативхэр ухэсыгъэнхэм ехьылIагъ» зыфиIорэр аукъохэзэ, лэжьапкIэу сомэ мин 324,9-рэ пылъэу штатымкIэ нормативхэр инэу агъэпсыгъэх; Урысые Федерацием IофшIэнымкIэ икодекс ия 60.2-рэ ыкIи ия 151-рэ статьяхэр аукъохэзэ, IофшIэнэу агъэцэкIагъэм зэрэхэхъуагъэм пае аратыгъэ лэжьапкIэм сомэ мин 229,1-рэ пэIуагъэхьагъ; Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет номерэу 123-рэ зытетэу 2005-рэ илъэсым бэдзэогъум и 25-м къыдигъэкIыгъэ унашъоу «Адыгэ Республикэм псауныгъэр къэухъумэгъэнымкIэ икъэралыгъо учреждениехэм псауныгъэр къэухъумэгъэнымкIэ яIофышIэхэм ялэжьапкIэ иположение ухэсыгъэным ехьылIагъ» зыфиIорэр аукъозэ, врач шъхьаIэм игуадзэ иприказкIэ врач шъхьаIэм шIухьафтынэу сомэ мин 23,8-рэ ратыгъ.

Урысые Федерацием IофшIэнымкIэ икодекс аукъозэ, лэжьапкIэм ифонд къызэраIэтыгъэм ыкIи IофшIэнхэр нахьыбэ зэрэхъугъэхэм апкъ къикIэу хабзэм IэкIэхьащтхэу хагъэкIыгъэхэр сомэ мини 151,3-рэ.

Къалэм ишъолъыр къыхимыубытэрэ чIыпIэхэм автомашинэхэр зэращагъэфедагъэм ыпкъ къикIэу, учреждением нормативхэм ашIокIэу бензин уасэм пае сомэ мини 5,2-рэ хитхыкIыжьыгъ.

**17. Муниципальнэ учреждениеу «Психоневрологическэ кIэлэцIыкIу унэм» Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет имылъкоу 2007 — 2008-рэ илъэсхэм ыкIи 2009-рэ илъэсым иапэрэ мэзих фатIупщыгъэр шIуагъэ къырагъэтзэ зытелъытэгъэ Iофыгъохэм зэрапэIуагъэхьагъэм иуплъэкIун къыгъэлъэгъуагъэр**

УплъэкIунхэм къызэрагъэлъэгъуагъэмкIэ, мылъкум кIэухышIурэ шIогъэ икъурэ къегъэтыгъэным ипринципхэу Урысые Федерацием и Бюджет кодекс ия 34-рэ статья ыгъэнафэхэрэр аукъохэзэ, зэкIэмкIи **сомэ миллионрэ мин 71,2-рэ** агъэфедагъ:

— Урысые Федерацием IофшIэнымкIэ икодекс ия 60.2-рэ ыкIи ия 151-рэ статьяхэр ыкIи МО-у «Къалэу Мыекъуапэ» псауныгъэр къэухъумэгъэнымкIэ иIофышIэхэм ялэжьапкIэ и Положениеу муниципальнэ образованиеу «Къалэу Мыекъуапэ» и Администрацие номерэу 573-рэ зытетэу 2005-рэ илъэсым шэкIогъум и 14-м ышIыгъэ унашъомкIэ ыухэсыгъэр аукъохэзэ, компенсациехэмкIэ республикэ фондым имылъку щыщэу IофшIэнхэм зэрахэхъуагъэм ыкIи нахь къин зэрэхъугъэхэм апае къафалъытэгъэ лэжьапкIэм сомэ мин 638,1-рэ пэIуагъэхьагъ;

— лэжьапкIэмкIэ фондыр гъэиныгъэу зэрагъэпсыгъэм къыхэкIэу IофшIэнхэм зэрахэхъуагъэм ыкIи нахь къин зэрэхъугъэхэм ателъытагъэу Урысые Федерацием IофшIэнымкIэ икодекс аукъозэ, хабзэм IэкIэхьащтхэу къалъытагъэр сомэ мини 167,1-рэ;

— 2007-рэ илъэсым къащэфыгъэу ыкIи амыгъэфедагъэу гъэтIылъыпIэм чIэлъ электростанциер къэщэфыгъэным сомэ мин 266,0-рэ пэIуагъэхьагъ.

Гухэлъ гъэнэфагъэм тегъэпсыкIыгъэ республикэ Программэу «Наркотикхэр зыгъэфедэхэрэм ыкIи ахэр хэбзэнчъэу къезыгъэкIокIыхэрэм бэнэныгъэ яшIылIэгъэнымкIэ Адыгэ Республикэм щызэрахьэрэ Iофыгъохэр» зыфиIоу 2007 — 2008-рэ илъэсхэм ателъытагъэм, Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ архив ыкIи Къэралыгъо учреждениеу «Стройзаказчик» зыфиIорэм республикэ инвестиционнэ программэм тегъэпсыкIыгъэу къуаджэу Пэнэжьыкъуае дэт сымэджэщым иIофышIэхэм апае квартириплI хъурэ унэр гъэпсыгъэным яхьылIэгъэ уплъэкIунхэу зэхащэгъагъэхэм къызэрагъэлъэгъуагъэмкIэ, Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет имылъку зэрагъэфедагъэм фэгъэхьыгъэ щыкIагъэхэр къащыхагъэщыгъэхэп.

Джащ фэдэу Адыгэ Республикэм и УплъэкIу-лъытэкIо палатэ зэхэщэн-методическэ, эксперт-аналитическэ, информационнэ IофшIэныбэ ыгъэцэкIагъ.

**Палатэм итхьаматэу МЭХЪОШ Рэщыд**

# Адыгэ Республикэм и Закон

**Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм ичIыопс чIыпIэхэу нахь игъэкIотыгъэу къагъэгъунэхэрэм якъэухъумэн ылъэныкъокIэ республикэм икъэралыгъо хабзэ иорганхэм яполномочиехэм ягъэцэкIэн ехьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

*Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2010-рэ илъэсым гъэтхапэм и 24-м ыштагъ*

**А 1-рэ статьяр. Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм ичIыопс чIыпIэхэу нахь игъэкIотыгъэу къагъэгъунэхэрэм якъэухъумэн ылъэныкъокIэ республикэм икъэралыгъо хабзэ иорганхэм яполномочиехэм ягъэцэкIэн ехьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм ичIыопс чIыпIэхэу нахь игъэкIотыгъэу къагъэгъунэхэрэм якъэухъумэн ылъэныкъокIэ республикэм икъэралыгъо хабзэ иорганхэм яполномочиехэм ягъэцэкIэн ехьылIагъ» зыфиIорэм (Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр, 2007, N 12; 2008, N 12) мы къыкIэлъыкIорэ зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэу:

1) я 4-рэ статьям ия 2-рэ пункт кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу;

2) мыщ фэдэ къэIуакIэ зиIэ я $2^1$-рэ пунктыкIэр я 5-рэ статьям хэгъэхъогъэнэу:

«$2^1$) Адыгэ Республикэм ичIыопс чIыпIэхэу нахь игъэкIотыгъэу къагъэгъунэхэрэм якъэухъумэн ылъэныкъокIэ республикэ программэхэр зэхэгъэуцогъэнхэр ыкIи ухэсыгъэнхэр;».

**Я 2-рэ статьяр. Мы Законым кIуачIэ иIэ зыхъурэр**

Официальнэу къызыхаутырэ мафэм щыублагъэу мы Законым кIуачIэ иIэ мэхъу.

**Адыгэ Республикэм и Президентэу**
**ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан**

къ. Мыекъуапэ,
гъэтхапэм и 30, 2010-рэ илъэс
N 338

# Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ иунашъу

**Къэралыгъо граждан къулыкъушIэхэм пкIэ зыхэлъ нэмыкI IофшIэни зэрагъэцэкIэщтымкIэ Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэрэ ащ ичIыпIэ органхэмрэ макъэ зэрарагъэIурэ шIыкIэм ехьылIагъ**

2004-рэ илъэсым бэдзэогъум и 27-м аштэгъэ Федеральнэ законэу N 79-ФЗ-р зытетэу «Урысые Федерацием икъэралыгъо граждан къулыкъу ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 14-рэ статья ия 2-рэ Iахь диштэу **унашъо сэшIы:**

1. Къэралыгъо граждан къулыкъушIэм пкIэ зыхэлъ нэмыкI IофшIэни зэригъэцэкIэщтым ехьылIэгъэ лъэIу тхылъыр мы унашъом игуадзэ диштэу Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ (ыужкIэ министерствэр тIозэ дгъэкIощт) щыухэсыгъэнэу.

2. Мыщ тетэу шIыгъэнэу:

2.1. ПкIэ зыхэлъ нэмыкI IофшIэн дагъэцэкIэнэу гухэлъ зэряIэмкIэ министерствэм икъэралыгъо граждан къулыкъушIэхэм (ыужкIэ граждан къулыкъушIэхэр тIозэ дгъэкIощт), министерствэм ичIыпIэ органхэм япащэхэм Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ иминистрэ макъэ рагъэIунэу.

2.2. Министерствэм ичIыпIэ органхэм ягражданкъулыкъушIэхэм пкIэ зыхэлъ нэмыкI IофшIэн дагъэцэкIэнэу гухэлъ зэряIэмкIэ министерствэм ичIыпIэ орган ипащэ макъэ рагъэIунэу.

3. Граждан къулыкъушIэхэм:

— пкIэ зыхэлъ нэмыкI IофшIэн дагъэцакIэ зэрашIоигъомкIэ ащ фэдэ IофшIэныр рамыгъажьэзэ макъэ арагъэIун фае;

— яIэнатIэ къыдилъытэрэ пшъэрылъхэм ягъэцэкIэнкIэ пкIэ зыхэлъ нэмыкI IофшIэным изэрар къакIо хъущтэп;

— пкIэ зыхэлъ нэмыкI IофшIэныр агъэцакIэ зыхъукIэ, 2004-рэ илъэсым бэдзэогъум и 27-м аштэгъэ Федеральнэ законэу N 79-ФЗ-р зытетэу «Урысые Федерацием икъэралыгъо граждан къулыкъу ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 17-рэ, ия 18-рэ статьяхэм зигугъу къашIырэ шапхъэхэр къыдалъытэнхэ фае.

4. Граждан къулыкъушIэм нэмыкI IофшIэн зэрэдигъэцакIэрэм епхыгъэу къэралыгъо граждан къулыкъум иIэнатIэу ыIыгъым къыдилъытэрэ пшъэрылъхэр нахь дэеу ыгъэцакIэхэ зыхъукIэ, къэралыгъо граждан къулыкъум ехьылIэгъэ шэпхъэ правовой актхэм зигугъу къашIырэ пщыныжь ащ рагъэхьынэу гъэнэфэгъэнэу.

5. Къэбар-правовой отделым иведущэ консультантэу И.М. Къыкъымрэ министерствэм ичIыпIэ органхэм япащэхэмрэ мы унашъор граждан къулыкъушIэхэм алъагъэIэсынэу.

6. Мы унашъор зэрагъэцакIэрэм гъунэ лъысфынэу зыфэсэгъазэ.

**Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ**
**хэхъоныгъэмрэкIэ иминистрэу**
**Наталья ШИРОКОВА**

къ. Мыекъуапэ,
гъэтхапэм и 30, 2010-рэ илъэс
N 67

ПАРЛАМЕНТЫМ ИКОМИТЕТХЭМ

# Зэхэсыгъом зыщатегущыIэщтхэр агъэнэфагъэх

Хабзэ зэрэхъугъэу, Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм изэхэсыгъохэм азыфагу къыфэрэ пIалъэм Парламентым икомитетхэм IофшIэныбэ агъэцакIэ. Парламентым изэхэсыгъо апэрэ ехьылIэгъум тегъэпсыкIыгъэу депутат пстэури зыщатегущыIэщтхэ законопроектхэр агъэхьазырых, апэрэ ехьылIэгъум телъытагъэу аштэгъэ законопроектхэр ятIонэрэм телъытагъэу зэхэсыгъом къыхэлъхьэгъэнхэм пае Iоф адашIэжьы, ежьхэр зыфэгъэзэгъэхэ лъэныкъохэм атегъэпсыкIыгъэ Iофыгъохэу депутат пстэури зытегущыIэщтхэр агъэхьазырых. А зэпстэур зичэзыу зэхэсыгъом къыхэлъхьэгъэнхэм комитетхэм ащатегущыIэх, ифэшъошэ унашъохэр ашIых. Джащ фэдэу Къэралыгъо Советым — Хасэм непэ (мэлылъфэгъум и 28-м) иIэщт зэхэсыгъом зыфагъэхьазырзэ, комитет пстэуми зэIукIэгъухэр яIагъэх. Ахэм ащагъэнэфэгъэ законопроектхэм ыкIи нэмыкI Iофыгъохэм мы тхыгъэхэмкIэ кIэкIэу такъыщыуцущт.

**ХэбзэихъухьанымкIэ, законностымкIэ ыкIи чIыпIэ зыгъэIорышIэжьыным епхыгъэ IофыгъохэмкIэ Комитетыр** (тхьаматэр Г. Я. Орлова) Iофыгъуи 9 хэплъагъ.

Адыгэ Республикэм иконституционнэ закон ипроектэу «Адыгэ Республикэм и Конституцие гъэтэрэзыжьынхэр фэшIыгъэнхэм ехьылIагъ» зыфиIорэр законопроектхэм кIэщакIо афэхъугъэным ехьылIэгъэ фитныгъэу иIэхэм атегъэпсыкIыгъэу Адыгэ Республикэм и Президент къахилъхьагъ. Ар зэхэгъэуцогъэн фаеу зыкIыщытыгъэр ыкIи ар зыфэгъэхьыгъэр Адыгэ Республикэм и Президент Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет Iоф зэришIагъэм кIэухэу фэхъугъэхэм яхьылIэгъэ иилъэс отчет едэIугъэнымкIэ Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм фитныгъэу иIэхэм, джащ фэдэу зыцIэ къеIогъэ илъэс отчетыр къэшIыгъэнымкIэ Адыгэ Республикэм и Президент фитныгъэу иIэхэм алъэныкъокIэ Адыгэ Республикэм и Конституцие иположение зырызхэр федеральнэ законодательствэм диштэу гъэпсыжьыгъэнхэм фэшI.

Адыгэ Республикэм изакон ипроектхэу «Адыгэ Республикэм икъэралыгъо хэбзэ органхэм ассоциациеу «Адыгэ Республикэм имуниципальнэ образованиехэм я Совет» Iоф зэрэдашIэщтым ехьылIагъ» зыфиIоу законопроектхэм кIэщакIо афэхъугъэнымкIэ фитныгъэу иIэхэм атегъэпсыкIыгъэу Къэралыгъо Советым — Хасэм идепутатэу Г. Я. Орловам къыгъэхьазырыгъэр зэхагъэуцуагъ Адыгэ Республикэм икъэралыгъо хэбзэ органхэм ассоциациеу «Адыгэ Республикэм имуниципальнэ образованиехэм я Совет» Iоф дэшIэгъэнымкIэ фитныгъэу яIэхэр гъэцэкIэжьыгъэнхэм пае.

* * *

**Бюджет-финанс, хэбзэIахь ыкIи экономикэ политикэмкIэ комитетым** (тхьаматэр Р. С. Мыгу) хэтхэр хэплъагъэх Адыгэ Республикэм изакон ипроектэу «Адыгэ Республикэм и УплъэкIу-лъытэкIо палатэ ехьылIагъ» зыфиIоу (ятIонэрэ еджэгъум телъытагъ) законопроектхэм кIэщакIо афэхъугъэнымкIэ фитныгъэу яIэхэм атетэу Къэралыгъо Советым — Хасэм идепутатхэу М. Дж. Iащэм, Дж. Р. Мырзэм, Р. С. Мыгум къагъэхьазырыгъэм. Законопроектыр зыфэгъэхьыгъэр Адыгэ Республикэм и УплъэкIу-лъытэкIо палатэ опытэу IэкIэлъ хъугъэр къыдалъытэзэ къэралыгъо ыкIи финанс уплъэкIуным шIуагъэу къытырэм хэхъоныгъэхэр егъэшIыгъэнхэр ары. Комитетым ыпэкIэ иIэгъэ зэхэсыгъом ятIонэрэ еджэгъум телъытэгъэ гъэтэрэзыжьынхэу къатыгъэхэм ащыхаплъэхэ зэхъум, ахэр къэзытыгъэхэм янахьыбэм еплъыкIэу яIэр зэрэзэрахъокIыжьыщтыр къаIогъагъ ыкIи законопроектым ыужкIэ къыфагъэзэжьынэу рахъухьэгъагъ.

Гъэтэрэзыжьынхэу авторхэм къатыгъагъэхэм захэплъэжьыхэхэ уж ятIонэрэ еджэгъум телъытагъэу комитетым гъэтэрэзыжьын 17-м дыригъэштагъ, гъэтэрэзыжьыни 3 щыгъэзыегъэнэу унашъо ашIыгъ.

Джащ фэдэу комитетым хэтхэр хэплъагъэх Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм унашъоу ышIыщтым ипроектэу «Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм номерэу 566-ГС зытетэу 2007-рэ илъэсым чъэпыогъум и 24-м ышIыгъэгъэ унашъоу «Гухэлъ гъэнэфагъэм телъытэгъэ Республикэ программэу «Адыгэкъалэ исоциальнэ-экономикэ Iофыгъохэр зыпкъ игъэуцогъэнхэм ехьылIагъ» зыфиIоу 2008 — 2012-рэ илъэсхэм ателъытагъэр» зыфиIорэм кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэным ехьылIагъ» зыфиIорэм.

2012-рэ илъэсым ехъулIэу гъэцэкIэжьыгъэн фаеу программэм ыгъэнэфэщтыгъэ макроэкономическэ показатель пстэури 2009-рэ илъэсым агъэцэкIэжьыгъэх ыкIи къарагъэхъугъ. Мылъку шъхьаIэм инвестициехэр хэлъхьэгъэнхэмкIэ программэм ыгъэнэфэщтыгъэ пчъагъэхэм илъэситIум фэдищэу къарагъэхъун алъэкIыгъ. Программэм ыгъэнэфэщтыгъэ Iофыгъохэм ащыщхэу мыгъэцэкIэжьыгъэу къэнагъэхэм чIыпIэ мэхьанэ яIэу щыт. Арышъ, Урысые Федерацием и Бюджет кодекс зэригъэнафэрэм тегъэпсыкIыгъэу, гухэлъ гъэнэфагъэм телъытэгъэ Республикэ программэу «Адыгэкъалэ исоциальнэ-экономикэ Iофыгъохэр зыпкъ игъэуцогъэнхэр» зыфиIоу 2008 — 2012-рэ илъэсхэм ателъытагъэм» кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэн фае.

* * *

**Аграрнэ, гъомылэпхъэ политикэмкIэ ыкIи къуаджэм хэхъоныгъэхэр егъэшIыгъэнхэмкIэ комитетым** хэтхэу М. Дж. Iащэмрэ М. М. КIэрмытымрэ кIэщакIо зэрэфэхъугъэхэм тегъэпсыкIыгъэу, «Правительствэ сыхьатым» тетэу гухэлъ гъэнэфагъэм телъытэгъэ Республикэ программэу «Мэкъу-мэщым хэхъоныгъэхэр егъэшIыгъэнхэр ыкIи мэкъу-мэщ продукциемкIэ, сырьемкIэ ыкIи гъомылапхъэхэмкIэ бэдзэршIыпIэхэр гъэIорышIэгъэнхэр» зыфиIоу 2008 — 2012-рэ илъэсхэм ателъытагъэр зэрагъэцэкIэжьырэм ехьылIэгъэ къэбарэу Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет къыщагъэхьазырыгъэм Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм зичэзыу зэхэсыгъоу иIэщтым щедэIугъэнэу агъэнэфагъ.

* * *

**Мылъку ыкIи чIыгу зэфыщытыкIэхэмкIэ комитетым** (тхьаматэр Э. А. Къуекъу) ятIонэрэ еджэгъум телъытагъэу къыгъэхьазырыгъ Адыгэ Республикэм изакон ипроектэу «Адыгэ Республикэм и Закон зырызхэм зэхъокIыныгъэхэр афэшIыгъэнхэм ехьылIагъ» зыфиIорэр. Ар зыфэгъэхьыгъэр чIыгу гъунапкъэхэр гъэнэфэгъэнхэм пае кадастрэ IофшIэнэу агъэцакIэхэрэм ауасэхэр къэзыIэтыхэрэм административнэ тазыр ателъхьэгъэныр ары. Законопроектым зэригъэнафэрэмкIэ, шапхъэхэр зыукъорэ гражданхэм сомэ минитIум, IэнэтIэзехьэхэм сомэ минищым ыкIи юридическэ лицэхэм сомэ миниблым нэсэу тазыр атыралъхьащт.

* * *

**ПсэолъэшIынымкIэ, транспортымкIэ, связымкIэ ыкIи ЖКХ-мкIэ комитетым** (тхьаматэр А. А. Шъхьэлахъу) ятIонэрэ еджэгъум телъытагъэу ахэплъэгъэным пае къыгъэхьазырыгъэх Адыгэ Республикэм изаконхэм япроектхэу «Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм икъэралыгъо мылъку гъэIорышIэгъэным ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 5-рэ статья зэхъокIныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ» ыкIи Адыгэ Республикэм и Законэу «Административнэ правэукъоныгъэхэм яхьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIныгъэхэр фэшIыгъэнхэм ехьылIагъ» зыфиIохэрэр.

Ащ нэмыкIэу комитетым хэтхэм къагъэхьазырыгъ Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Джэпсалъэу Урысые Федерацием и Федеральнэ ЗэIукIэ ФедерациемкIэ и Совет и Тхьаматэу С. М. Мироновым, Урысые Федерацием и Федеральнэ ЗэIукIэ и Къэралыгъо Думэ и Тхьаматэу Б. В. Грызловым афакIорэр. Ащ къыщеIо коммунальнэ фэIо-фэшIэ зырызхэм (бытовой пыдзафэхэр дэщыгъэнхэмкIэ, квартирабэ хъурэ унэхэм ахэт лифтхэр гъэфедэгъэнхэмкIэ, агъэфедагъэр зыфэдизыр къэзылъытэрэ приборхэр зыхэт унэхэм псырыкIуапIэхэр зэрагъэфедэхэрэм) апае уасэу атын фаер зыфэдизыр зэрагъэунэфырэ шIыкIэм хэплъэжьыгъэнэу зэрялъэIухэрэр.

* * *

**Социальнэ политикэмкIэ, псаунығъэр къэухъумэгъэнымкIэ ыкIи ветеранхэм яIофыгъохэмкIэ комитетыр** (тхьаматэр Т. М. Петрова) Iофыгъо 15 хэплъагъ. Ахэм ащыщхэу 4-р Къэралыгъо Советым — Хасэм изичэзыу зэхэсыгъо къыхалъхьанхэу агъэнэфагъ.

Адыгэ Республикэм изакон ипроектэу «Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм цIыфыр зэрыпсэун ылъэкIыщт ахъщэ анахь макIэр щыгъэнэфэгъэным ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 4-рэ статья зэхъокIныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ» зыфиIоу ятIонэрэ еджэгъум тетэу хэплъэгъэным пае къагъэхьазырыгъэр фэгъэхьыгъ Адыгэ Республикэм цIыфыр зэрыпсэун ылъэкIыщт ахъщэ анахь макIэр щыгъэнэфэгъэным шIыкIэу пылъыр агъэIорышIэу гъэпсыгъэным.

ЗэхъокIныгъэу агъэнэфагъэхэм атегъэпсыкIыгъэу нэбгырэ пэпчъ зэрыпсэун ылъэкIыщт ахъщэ анахь макIэр ыкIи Адыгэ Республикэм щыпсэухэрэр социальнэ-демографическэ куп шъхьаIэхэу гощыгъэхэу (Адыгэ Республикэм щыпсэурэ пенсионерыр зэрыпсэун ылъэкIыщт ахъщэ анахь макIэр зыфэдизыр хэмытэу) зэрыпсэунхэ алъэкIыщт ахъщэ анахь макIэр зыфэдизыр агъэнафэ квартал къэс потребительскэ корзинэкIэ заджэхэрэм ыкIи къэралыгъо статистикэмкIэ къэралыгъо къулыкъум иорганэу Адыгэ Республикэм щыIэм гъомылапхъэхэм, мыгъомылэпхъэ товархэм ыкIи фэIофашIэхэм ауасэхэм ыкIи шIокI зимыIэ тынхэмкIэ ыкIи хабзэм ыугъоийхэрэмкIэ цIыфхэм хъарджэу ашIыхэрэм яхьылIэгъэ къэбархэу зэIуигъакIэхэрэм атегъэпсыкIыгъэу.

Джащ фэдэу комитетыр хэплъагъ Адыгэ Республикэм изакон ипроектэу «Унэ ипотекэ чIыфэтыным тегъэпсыкIыгъэу Адыгэ Республикэм щыпсэурэ гражданхэм къэралыгъо социальнэ IэпыIэгъу ятыгъэным ехьылIагъ» зыфиIоу ятIонэрэ еджэгъум тетэу тегущыIэгъэным пае къагъэхьазырыгъэм.

Урысые Федерацием унэхэмкIэ и Кодекс тегъэпсыкIыгъэу, пIэлъэ гъэнэфагъэм телъытагъэу цIыфхэр зычIагъэхьэрэ унэхэм я Фонд гъэIорышIэгъэным ехьылIэгъэ Законым иположение зырызхэм кIуачIэ ямыIэжьэу лъытэгъэнэу законопроектым егъэнафэ.

* * *

**КультурэмкIэ, спортымкIэ, СМИ-кIэ ыкIи общественнэ организациехэм Iоф адэшIэгъэнымкIэ комитетым** хэтхэу Е. И. Саловым, С. Г. Письмак, В. Ф. Сороколет ыкIи В.В. Мельниковыр кIэщакIо фэхъугъэх гухэлъ гъэнэфагъэм телъытэгъэ Республикэ программэу «Адыгэ Республикэм щыпсэухэрэм патриотическэ пIуныгъэ ягъэгъотыгъэныр» зыфиIоу 2008 — 2010-рэ илъэсхэм ателъытагъэр зэрагъэцэкIэжьырэм ехьылIэгъэ къэбарэу Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет къыщагъэхьазырыщтым «Правительствэ сыхьатым» тегъэпсыкIыгъэу Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм изичэзыу зэхэсыгъо щедэIугъэным.

Джащ фэдэу комитетым къыгъэхьазырыгъ Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм ышIыщт унашъом ипроектэу гухэлъ гъэнэфагъэм телъытэгъэ Республикэ программэу «Адыгэ Республикэм щыпсэухэрэм патриотическэ пIуныгъэ ягъэгъотыгъэныр» зыфиIоу 2011 — 2015-рэ илъэсхэм ателъытагъэр зэхэгъэуцогъэныр ыкIи ухэсыгъэныр АР-м иминистрэхэм я Кабинет игъо фэзылъэгъурэр. Ащ къыщеIо информационнэ, зэхэщэн, финанс ыкIи правовой ухьазырыныгъэхэр, программэм игъэцэкIэжьын ветеран, ныбжьыкIэ, оборроннэ-спортивнэ ыкIи нэмыкI общественнэ организациехэр хэгъэлэжьэгъэнхэр, джащ фэдэу ащ игъэцэкIэжьын нахь чанэу зиIахь хэзышIыхьагъэхэр зэрэхагъэунэфыкIыхэрэ шIыкIэхэр программэм щыгъэнэфэгъэнхэ фаеу.

Комитетым изэхэсыгъо щыхэплъагъэх АР-м и Къэралыгъо Совет — Хасэм ышIыщт унашъоу «Гухэлъ гъэнэфагъэм телъытэгъэ Республикэ программэу «Джэгун шIыкIэм тегъэпсыкIыгъэ спорт лъэпкъхэр» зыфиIоу 2008 — 2012-рэ илъэсхэм ателъытагъэм, нэмыкI Iофыгъохэм.

* * *

**Предпринимательствэм ыкIи туризмэм хэхъоныгъэхэр ягъэшIыгъэнхэмкIэ комитетым** (тхьаматэр И. М. Ческидов) хэтхэр хэплъагъэх номерэу 344994-5-рэ зытет федеральнэ законопроектэу «Урысые Федерацием иинновационнэ IофшIэн ехьылIагъ» зыфиIорэм.

ЗыцIэ къеIогъэ федеральнэ законым гъэIорышIэгъэнхэ фаеу ыгъэнафэрэр федеральнэ къэралыгъо хэбзэ органхэр, Урысые Федерацием исубъектхэм якъэралыгъо хэбзэ органхэр ыкIи чIыпIэ зыгъэIорышIэжьыным иорганхэр инновационнэ IофшIэным хэхъоныгъэ егъэшIыгъэнымкIэ зыдэлэжьэщтхэ лъэныкъохэр, джащ фэдэу инновационнэ IофшIэным къэралыгъо хэбзэ органхэр ыкIи чIыпIэ зыгъэIорышIэжьыным иорганхэр IэпыIэгъу зэрэфэхъущтхэ шIыкIэр ары.

*АР-м и Къэралыгъо Совет — Хасэм ипресс-къулыкъу иматериалхэр иIэпыIэгъоу мы тхыгъэр зыгъэхьазырыгъэр СЭХЪУТЭ Нурбый.*

НЫСАЩЭМРЭ ЛЪЭХЪАНЫМРЭ

# Хъярым пщынэр щэбзэрабзэ

**«Адыгэмэ янысэщэ джэгухэмрэ джырэ лъэхъанымрэ» зыфиIорэ зэхахьэу Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ музей щыкIуагъэм лъэпкъ гупшысэр зэрэщыпхыращыгъэм тигъэгушIуагъ. Пэсэрэ лъэхъаным шэн-хабзэу яIагъэхэр жъы хъухэрэп. НыбжьыкIэхэр лъэхъаным диштэу пIугъэнхэм фэшI музеим иIофышIэхэм рагъэжьэгъэ Iофыр шэпхъэ хэхыгъэмэ адиштэу лъагъэкIуатэмэ, ишIуагъэ къэкIощт.**

**Республикэм и Лъэпкъ музей этнографиемкIэ иотдел иIофышIэхэу Мамырыкъо Саидэрэ Сихьаджэкъо Иринэрэ зэращэгъэ пчыхьэзэхахьэм ныбжьыкIэхэр, шIэныгъэлэжьхэр, лъэпкъ Iофыгъомэ агъэгумэкIыхэрэр хэлэжьагъэх.**



Искусствэхэмкlэ Адыгэ республикэ колледжым истудентхэу зэхахьэм хэлэжьагъэхэр.

ЛIэшIэгъу пчъагъэкIэ узэкIэIэбэжьмэ, лъэпкъым шэн-хабзэу къыпкъырыкIыгъэхэр жъы хъухэрэп. ЗэхэщакIомэ къызэраIуагъэу, тямызэщэу, дгъэдахэу, зэIэпытхэу тиIэ хэбзэ шIагъохэр непи лъытэгъэкIуатэх. Адыгэмэ анахьэу агъэлъапIэхэрэм ащыщ нысэщэ джэгур. Адыгэм ыпсэ джэгум хэгъэщагъ, нысэщэ орэдхэм уядэIузэ, гум зыкъеIэты, цIыфыр тыдэ щыIэми пщынэм ымакъэ зыщыжъынчырэм екIу шIоигъу. Сыд фэдэ хъяри, гушIуагъуи унагъом е IофшIапIэм къекIугъэми, адыгэ къашъом зыщырагъэушъомбгъу ашIоигъу.

Адыгэмэ «яIэташъхьэу» алъытэрэмэ нысэщэ джэгур ахалъытэ. Iэдэбныгъэрэ дэхагъэрэ ахэлъэу зэхахьэр зэращэным фэшI джэгуакIомрэ пщынаомрэ ялъытыгъэр бэ. Ари къыдалъыти, музеим щыкIогъэ зэхахьэм Жъудэ Пщымафэ, Хьапыщтэ Арсен, нэмыкI пщынаохэр къырагъэблэгъагъэх. Театрализованнэ къэшIыгъом искусствэхэмкIэ Адыгэ Республикэм иколледж истудентхэр хэлэжьагъэх.

Нысэщэ джэгур чэфыгъо хэлъэу, цIыфхэм шIукIэ агу къинэжьынэу зэрэзэхащэщтыгъэм, «Нысэищыр», «Ныоежьэжьыр», «Тещэр», «Шъэощэжьыр», «Нэчыхьэтхыр», «Iэнэгъэуджыр», нэмыкIхэри студентхэм къашIыгъэх. ХьатыякIом купыр ыгъэдэIон зэрилъэкIырэри зэхахьэм щытлъэгъугъ.

ХьатыекIо бэщым, дэжъые быракъым, лъэгукIэтыным, фэшъхьафхэм ятарихъ къэбархэр музеим къыщаIотагъэх, упчIэмэ яджэуапхэри къаратыжьыгъэх. Зэхахьэм щыуджыгъэх, лъэпкъ шэн-хабзэхэр щызэрахьагъэх.

— Тистудентхэм къэшIынхэм зафагъэхьазырзэ яшIэныгъэ хагъэхъуагъ, лъэпкъ шэн-хабзэхэр нахь



Зэхахьэм студентхэр къыщэшъох.

апкъырыхьагъэх, — еIо искусствэхэмкIэ колледжым изавучэу, АР-м изаслуженнэ артистэу Сихъу Станислав.

— Сигуапэу «Нысэщэ джэгум» сыхэлажьэ, — зэдэгущыIэгъур льегъэкIуатэ студентэу, орэдыIоу ЛъэпцIэрышэ Щамилэ. — Пшъашъэхэм адыгэ шъуашэхэр ащыгъых, лъэпкъ шIэжь яIэу сэлъытэ. Джыри мыщ фэдэ зэIукIэмэ тахэлажьэ тшIоигъу.

ИскусствэхэмкIэ колледжым идиректорэу Цундышк Нурыет, кIэлэегъаджэхэу Ацумыжъ Саррэ, Шъхьаплъэкъо Тэмарэ, шIэныгъэлэжьхэу ыкIи лъэпкъ Iофыгъомэ апылъхэу Унэрыкъо Мирэ, МэфэшIукъо Щангулэ, Уджыхъу Жаннэ, Мамый Марыет, Индрыс Розэ, фэшъхьафхэми яеплъыкIэхэр зэхахьэм къыщаIуагъэх.

Нысэщэ джэгур къызэрашIыгъэм щыкIагъэ имыIахэу тIорэп. БлэкIыгъэ лъэхъаным зэрэзэхащэщтыгъэр къаIуатэ зыхъукIэ, непэрэ уахътэм шэн-хабзэхэр зэрэзэрахьэхэрэм нахь игъэкIотыгъэу къытегущыIэхэ тшIоигъуагъ. Адыгэ быракъыр нысащэм зэрэщагъэфедэрэр шъхьафэу къыхагъэщмэ цIыфмэ ягопэщт. Хэт сыд къыриIолIэщтми, музеим щызэхащэгъэ зэIукIэр лъагъэкIотэнэу, зэхэщакIомэ шIоу щыIэр къадэхъунэу афэтэIо.

Къэбар гушIуагъу

## УнакIэм апэрэу щызэIукIагъэх

**Красногвардейскэ спорткомплексэу къыщызэIуахыгъэм самбэмкIэ, атлетикэ онтэгъумкIэ ныбжьыкIэмэ зыщагъэсэщт. УнакIэм апэрэ лъэбэкъухэр зэрэщашIыхэрэм фэгъэхьыгъэ зэхахьэм хэлэжьагъэх Красногвардейскэ районым иадминистрацие ипащэу Тхьэлъэнэ Вячеслав, АР-м физкультурэмкIэ ыкIи спортымкIэ и Комитет итхьаматэу Хьасанэкъо Муратэ, АР-м самбэмкIэ ифедерацие ипащэу Хьэпэе Арамбый, РСФСР-м изаслуженнэ тренерэу Хъуажъ Мэджыдэ, нэмыкIхэри.**

СпортымкIэ районым унакIэр къызэрэщызэIуахырэм епхыгъэу самбэмкIэ ыкIи атлетикэ онтэгъумкIэ зэхащэгъэ зэнэкъокъухэм Абхъазым, Краснодар краим, Адыгеим яспортсменхэр ахэлэжьагъэх. Спорт зэIукIэгъухэр ТекIоныгъэм ия 65-рэ илъэс фэгъэхьыгъагъэх.

СамбэмкIэ апэрэ чIыпIэхэр къыдэзыхыгъэхэр: Дэхъужь Хъызыр, Бахъукъо Мурат, Бэгъырэкъо Рэмэзан — Красногвардейскэ район, Къыкъ Айдэмыр, Джымэ Батыр, Нэгъырэкъо Нарт, Шэуджэн район, Миносян Роберт — Абхъазыр, Пэнэшъу Руслъан, Шъоджэ Мурат, Тыгъужъ Юсыф — Теуцожь район, Харт-хаев Эрдем, Армен Авошмян — Мыекъуапэ щыщых.

Атлетикэ онтэгъумкIэ хагъэунэфыкIырэ чIыпIэхэр къыдахыгъэх ЩэшIэ Руслъан, Чэужъ Артур, ХьапэкIэ Хьалимэ, ШхончбэшIэ Руслъан, Бгъошэ Ислъам, Беданыкъо Тимур, ЛIышэ Аскэр.

Футбол. Урысыем и Кубок

## «Черноморец» лъэкIуатэ

**«Черноморец» Новороссийск — «Зэкъошныгъ» Мыекъуапэ — 2:0.**

**Мэлылъфэгъум и 26-м Новороссийскэ щызэIукIагъэх.**

**Къэлапчъэм Iэгуаор дэзыдзагъэхэр: Окорочков — 4, Къэрэтлъэш — 56.**

Урысыем футболымкIэ и Кубок икъыдэхын фэгъэхьыгъэ зэнэкъокъухэр аублагъэх. Финалым и 1/256-рэм хэхьэрэ ешIэгъухэр ятIонэрэ купым хэтхэм яIагъэх. «Зэкъошныгъэр» командэ анахь лъэшхэм ащыщэу «Черноморцэм» зыIокIэм 0:2-у бысымхэм шIуахьыгъ.

2010 — 2011-рэ илъэсхэм УФ-м и Кубок икъыдэхын фэгъэхьыгъэ зэнэкъокъухэм «Зэкъошныгъэр» къахэзыгъ. Тикомандэ хэгъэгум изэнэкъокъухэу ятIонэрэ купэу «Къыблэм» щыкIорэмэ дэгъоу ахэлэжьэным фэшI Кубокым къызэрэхэзыгъэр нахьышIукIи пшIэхэнэп.

**Кубокым фэбэнэрэ командэхэр зэрешIагъэхэр: «Энергия» — СКА — 0:4, «Астрахань» — «Дагдизель» — 1:1 (пенальтикIэ — 4:3), «Торпедо» — «Митос» — 3:0, «Батайск» — «Таганрог» — 4:1, «Динамо» — «Краснодар-2000» — 2:0, «Мэщыкъу» — «Автодор» — 3:1, «Кавказтрансгаз» — «Ангушт» — 1:2.**

АтекIогъэ командэхэр Кубокым икъыдэхын тапэкIи фэбэнэщтых. «Зэкъошныгъэр» хэгъэгум изэнэкъокъухэм ахэлэжьэщт. Мэлылъфэгъум и 30-м тифутболистхэр «Батайскэ» щешIэщтых.

Спорт туризмэр

## ТекIоныгъэми фэгъэхьыгъэщт

**Адыгэ Республикэм спорт туризмэмкIэ ия XI-рэ зэнэкъокъухэр Мыекъуапэ и Къыблэ дэхьапIэ иIэгъо-благъохэм ащыкIуагъэх. Республикэм икIэлэеджакIохэм лъэсрыкIонымкIэ яухьазырыныгъэ ауплъэкIугъ.**

Спортсменхэм мэзым гъогу къинхэр къыщакIугъэх, кIэйхэм пэрыохъухэр ащызэпачыгъэх, кIапсэр агъэфедэзэ, чIыпIэ хэхыгъэхэр къызэранэкIыгъэх. Купэу «А»-м 1989 — 1992-рэ илъэсхэм къэхъугъэхэр зыщызэнэкъокъухэм Мыекъопэ районым икомандэ апэрэ чIыпIэр къыдихыгъ. Мыекъопэ районым икомандэхэу «Победэр» ятIонэрэ, «Кубань» зыфиIорэр ящэнэрэ хъугъэх. Адыгэкъалэ ятфэнэрэ чIыпIэр ыхьыгъ.

1993 — 1997-рэ илъэсхэм къэхъугъэхэр купэу «Б»-м щызэIукIагъэх. Мыекъуапэ икомандэ апэрэ чIыпIэр фагъэшъошагъ. Мыекъопэ районым ятIонэрэ чIыпIэр къыдихыгъ. Мыекъуапэ икомандэу «Спорткомитетыр» ящэнэрэ хъугъэ. Теуцожь районым яблэнэрэ, Шэуджэн районым я 9-рэ, Кощхьэблэ районым я 10-рэ чIыпIэхэр ахьыгъэх.

КIэлэцIыкIу ыкIи ныбжьыкIэ туризмэмкIэ, экскурсиехэмкIэ АР-м и Гупчэрэ Адыгеим гъэсэныгъэмрэ шIэныгъэмрэкIэ и Министерствэрэ ящытхъу тхылъхэмрэ шIухьафтынхэмрэ хагъэунэфыкIырэ чIыпIэхэр къыдэзыхыгъэмэ аратыжьыгъэх. КIэлэцIыкIу ыкIи ныбжьыкIэ туризмэмкIэ, экскурсиехэмкIэ АР-м и Гупчэ идиректорэу А. Папановым къызэрэтиIуагъэмкIэ, жъоныгъуакIэм и 16-м республикэм спорт ориентированиемкIэ изэнэкъокъухэу зэхащэщтхэр ТекIоныгъэм ия 65-рэ илъэс фэгъэхьыгъэщтых.

*НэкIубгъом итхэр зыгъэхьазырыгъэр* ***ЕМТIЫЛЪ Нурбый.***

**Зэхэзыщагъэхэр:** Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэр, иминистрэхэм я Кабинет

**КъыдэзыгъэкIырэр:** Адыгэ Республикэм лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ и Комитет Адресыр: ур.Крестьянскэр, 236

**Редактор шъхьаIэм иапэрэ гуадзэр АУЛЪЭ РУСЛЪАН**

**Редакциер зыдэщыIэр:** 385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Первомайскэр, 197.
**Телефонхэр:** приемнэр: 52-16-79, редактор шъхьаIэм иапэрэ гуадзэр: 52-49-44, редактор гуадзэр-пшъэдэкIыжь зыхьырэ секретарыр: 52-16-77.
**E-mail:** adygvoice@mail.ru

**Зыщаушыхьатыгъэр:** Урысые Федерацием хэутын IофхэмкIэ, телерадиокъэтынхэмкIэ ыкIи зэлъыIэсыкIэ амалхэмкIэ и Министерствэ и Темыр-Кавказ чIыпIэ гъэIорышIапI, зэраушыхьатыгъэ номерыр **ПИ №10-3892**

Гъэзетым къыхиутыхэрэм мышъыпкъагъэу къахафэхэрэмкIэ къэзытхыгъэхэм пшъэдэкIыжь ахьы. Къатхэхэрэмрэ гъэзетым щылажьэхэрэмрэ яеплъыкIэ зэтемыфэн ылъэкIыщт. Гъэзетеджэхэм къытфагъэхьырэ тхыгъэхэр зэхэтфыхэрэп ыкIи къэзытхыгъэхэм аIэкIэдгъэхьажьыхэрэп.

**Зыщыхаутырэр** ОАО-у «Полиграф-ЮГ», 385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Пионерскэр, 268

**Пчъагъэр 6171**
**Индексхэр 52161 52162**
**Зак. 1213**

Хэутыным узщыкIэтхэнэу щыт уахътэр Сыхьатыр 18.00
ЗыщыкIэтхэгъэхэ уахътэр Сыхьатыр 18.00